ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№169-170 (22.828) ● 2014 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий Правительствэм хэтхэм яхуозэ

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм нэхъ ялрэкІэ яхуигъэувауэ щыта къалэнхэр зэрызэфІагъэкІым теухуауэ зэІущІэм къыщыщыпсалъэм КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ялпэ къуэдзэ Альтуд Юрий къигъэлъэгъуащ КЪБР-м 2015 гъэм, апхуэдэу 2016-2017 гъэхэм я лъэхъэнэм ятещІыхьа и республикэ бюджетым зэрелэжьыр. Ар нэгъэсауэ хьэзыр ящІу дызэрыт илъэсым и фокІадэ мазэм республикэм и Правительствэм Іэрагъэхьэн хуейщ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэм гу лърагъэтащ ерыскъыпхъэ нэхъыщхьэхэм я уасэхэм щхьэзыфІэфІу щыхагъахъуэ къэмыкъун папщІэ сату Іэнатіэхэм щыІэ щытыкІэр щІэзыпщытыкІ оперативнэ штабым и лэжьыгъэр иригъэфІакІуэн зэрыхуейр. КЪБР-м и Правительствэм и пащэ ираІъхьащ а Іэнатіэм махуэ къэс кІэлъыплъыну.

КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ тепсэлъыхьащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ Іапіэхэм 2020 гъэм нэсыху зрагъэужьын папщІэ къыхуаутІыпща сом мелуан 250-р къыззрагъэсэбэпым. КІуэкІуэ Юрий Іуэхум егъэщІылІа псомиз яхуигъэуваща а ахъшэр къызэрагъэсэбэпым тКІийуэ кІэлъыплъыну, абы папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, адэ-анэхэм я комитетхэр, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэр къыхащэну. «Бюджет ахъшэр зыхухаха мурадхэм щытрамыгъэкІуадэ зи деж къыщыдгъэхъуну Іэмал иІэкъым», - къыхигъэщхьэхукІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

Зэ Іущ Іэм зэрыщыжаІамкІэ, Іэдииху поселкэм щащІа школыщІэр жпуэгъуэ мазэм къызэІуахынущ. Ар щІын яухащ, и кІуэцІи и щІыби зэрахьащ, иджыпсту еджапІэм къыщагъэсэбэпыну унэлъащІэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ кърашалІэ.

Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхъэлэ Ипщэ кІуажэм школыщІэ дэщыхьыным пыщІа Іуэхуэри къаІэтащ. ЗэкІэ еджакІуэхэр щрагъаджэ мыхъуж унитІыр нэщІщи, абыхэм дызэрыт илъэсым щІадзэнурэ елэжьынущ. «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, лэжьыгъэхэм 2015 гъэми пащэнущ. Министерствэм къита бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, республикэм щыІэ школ псоми я процент 70-м нэблагъэр капитальнэу зэгъэпэщыжьын е къэгъэщІэрэщІэжьын хуейщ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр мыгувэу зэрыхахыным, узыншагъэр хъумэным и Іэнатіэр, транспорт инфраструктурэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэху зыбжанэми.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм шыщхьэуІум и 18-м *Налшык къалэ* *№507-рп*

Егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я шыщхьэуІу зэІущІэхэр зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІын, апхуэдэу 2014 гъэм фокІадэм и 1-м ЩІэныгъэм и махуэм ехьэлІа Іуэхуэхэр къызэгъэпэщын мурадкІэ:

1. Егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я шыщхьэуІу зэІущІэхэмрэ ЩІэныгъэм и махуэм ехьэлІа гуфІэгъуэхэм хэтын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзащІакІуэ органхэм я къупльыкІуэхэу муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ ирагъэбыдылІэхэм я спискэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я шыщхьэуІу зэІущІэхэр, апхуэдэу ЩІэныгъэм и махуэр гъэлъэпІэным ехьэлІа Іуэхуэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымрэ къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерству Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын зэхьихьэхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм шынагъуэншагъэмрэ жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ къыщызэригъэпэщыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Фырэ Р. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ

АЛЪТУД Юрий

ЩыщхьэуІум и 22-м Налшык, «Восток» киногъэлъэгъуапІэм деж, сыхьэтищкІэ щекІуэкІащ «Хъуэпсапіэхэр нахуапІэ мэхъу» псапащІэ марафоныр. Ар эфир занщІэкІэ кьитащ «1 КЪБР» каналым.

ПШЫХЬЫР ирагъэкІуэкІащ мы Іуэхур къезыхьэжьа, «Къэбэрдей-Балъкъэр ГКУ ВТК-м («1 КЪБР») каналым и лэжьакІуэ Магомедовэ ФатІимэрэ уэрэджыІакІуэ, журналист Аттаев Азнорр э.

Зэхьыхьэр къызэІуахащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ «1 КЪБР» каналым и унафэщІ Кьардэн Аслъэнрэ.

Къуэдзокъуэм жиІащ псапащІэ Іуэхур зытрауху а сабийхэм я дежкІэ мы махуэр зэрылъапІэр икІи щхьэпэр, мыпхуэдэ Іуэхуэхэм къалэдэс жумартхэр хэтыну, хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъуну сыт щыгъуи гупыж зэращІыр.

- Мы Іуэхур къыхэзылъхьахэм Налшык къалэ администрацэри ди гуапэу дыпэджэжащ. ПсапащІэ Іуэхур щхьэпэну, сабийхэм я хъуэпсапІэхэр кьехъуІэну дыхуейщ, - кьыхигъэщащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Псапэ

Сабийхэм гулъытэ хуащІ

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЩыщхьэуІум и 22-м Налшык щызэхэтащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президиумым и зэІущІэ. Ар къызэІуихащ ЩІДАА-м и президент Нэхущ Іадэм. Абы къырихьэлІахэр щигъасъуэзащ зэхьэзыр зэрелІуэхЕІыну щЫыкІэмрэ зи гугъу щащІыну Іуэхугъуэхэмрэ.

АДЭКІЭ зэІущІэм хъыбар гуапэкІэ къыпащащ. Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и агроном, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хъаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэм хуагъэфэщащ ЩІДАА-м къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр, къызыхэкІа лъэпкъыми къэралми хуэгъэфащэу, и гущІэрэ и къарурэ емылэжу илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ и Іэнатіэм зэрыпэрытым папщІэ икІи мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуамкІэ ехъуэхъуащ.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ираташ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий:**

- КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий иджыблагъэ Іэ щІидзащ фокІадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу къэлъытэныкІэ унафэм. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ щІалэгъуалэм я гур зэІухауэ щытыныкІэ, ди лъэпкъ гъуэзэджэм и фЫпІэ псори дгъэлъэгъуэныкІэ, дызэрыщІэныкІэ. Адыгэ лъэпкъыр ящыщи нэхъ лениху я зытекьыхэм, ар къэрал зэмылІэужьыгъуэу 53-м щикъухащ. Лъэпкъым къыхэкІащ щІэныгъэлІхэр, генералхэр, министрхэр, сенаторхэр, дохутырыщхьэхэр, спортсмен цІэрыІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Дэ абыхэм дрогушхуэ, псэкІэ droин, - жиІащ Сэхъурокъуэм. - Сэ къызэрысъытэмкІэ, псом ящэ игъэщІпхъэ къалэныр дэнэкІэ щыІэ адыгэри дызэрыщІэныщ. Бзэ щІэныгъэлІхэр телэжьапхъэщ зыуэ щыт адыгэ литературэбзэр зэфІэгъэувэжыным.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Іуащхьэмахуэ и джабэ нэкІухэр къабзэ фщЫы!»

Апхуэдэу зыфІаща Іуэху щхьэпэр мы гъэм еІуанэу ирагъэкІуэкІ. Щыду 300-м щІигъум щэбэт кІуам Іуащхьэмахуэ лъапэ и «Мир» станцым къыщыщІэдзауэ «Азау» хуейм нэсыху ягъэкъэбзащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР къызэригъэпэщащ КЪБР-м ЩІыуэпсым и хъугъэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, «Фатх» щІалэгъуалэ ислъам клубымрэ КЪБР-м и волонтерхэм «Уи гъунэгъум дэІэпыкъу» я республикэ сабий-щІалэгъуалэ Іуэхущ Іапіэмрэ щІыгъуу.

Мы Іуэхуэмкіэ нэхъыжьхэм я мурадыр щІалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъунырщ, ди щІыналъэм и бзаджэ хъума хъунымкІэ гуузэ-лыуэ яхэлъхьэнырщ.

Щэбэт кІуам «Азау» хуейм зызыгъэпсэхухэр щыкуэдт. Бысымхэр къабзагъэм зэрыхущІэкъуэ зыльагъу хьэпІэхэмэ, шэч хэмылъу, ди щІыуэпсым щыхьынущ, кІэрыхубжьэрыху къамыгъэнэну яужь итынущ.

КЪАНЩДУЭ Мэлычыпхъу.

● Хъыбар гуапэ

Мудрэн Беслъэн дыжьын медаль къехь

Дыгъуасэ Челябинск къалэм щыщІидзащ дзюдомкІэ дунейпсо чемпионатым. Абы хэтщ ди лъахэгъуэху Мудрэн Беслъэн. Джэдаиэ Алим, Хьэбэчыр Мурат, Къамбий Аслъэн сымэ.

КЪЭРАЛИ 110-м къикІа спортсмен 639-р зыхэт зэхьэзэхуэм и ялпэ махуэм утыку къихьащ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъэр. Абы и пэщІэдзэм Мудрэн Беслъэн щыхигъэщащ Венесуэлэм щыщ Гуэдес Хавьер. Дакъикьыгъ ныкъуэкІэ екІуэкІа зэпэщІэтыныгъэр ди лъахэгъум и текІуэныгъэкІэ иухащ. АдэкІэ абы хигъэщащ Чехием къикІа Петржик Павел.

Корее Ипщэм и дзюдоист Ин Хюк Чхои текІуэри, Мудрэныр финалым и Іыхь ныкъуэм щыхуэзащ дунейпсо чемпион цІэр зеэзыхь Японием щыщ Такато Наохису. Нэхъапэм ахэр тІэунейрэ зэбэнати, сыт щыгъуи абы Беслъэн къыхигъэщІат. Мы зэпэщІэтныгъэри гуащІэт. Арщхьэкіэ адыгэ щІалэм и къару псори зэщІигъэуІуэри, зэІущІэм и кІэухым и хьэрхуэрэгъур тридзащ.

Финалым Мудрэн Беслъэн къыщыпэщІэуващ Монголием щыщ Ганбат Болдбаатар. Ахэр сыт и лъэныкъуэкІи зэхуэфащэу къыщІэкІащ икІи шым адрейм зы очкои иригъэхьакъым. Абы щыгъуэми щызэбэнын ди щІалэм дагъуэ нэхъыбэ къыхуащІауэ къыщІэкІри, ар хагъэщІауэ къалъытащ.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Мудрэн Беслъэн Европэм тІэунейрэ и чемпионщ. Ялэу ар къыщыІэрыхьар 2012 гъэм Челябинск щекІуэкІа зэхьэзэхуэрщ. Мы гъэм и мэлыжьхьыми а ехьэлІэныгъэм Франджым и Монпелье къалэм къыщыпищащ. Дунейпсо зэпеуэхэм Мудрэн Беслъэн 2007 гъэм дыжьын медаль къыщихьащ. Иджы, илъэсибл дэкІуэу, абы къытригъэзэжащ.

Адрей ди щІалэхэр зэхьэзэхуэм щыхьыхьэнур нэхъ иужьыІуэкІэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Ди газетым еджэхэм гу зылъатапхъэ

Нобэ газетым и 3-6-нэ напэкІуэцІхэм тыдодзэ 2013 гъэм ЦІыхун и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и аппаратым зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэм ятеухуауэ Уполномоченнэ Зумакулов Борис ищІа докладыр.

● Іущыгъэ

Гум дэбгъахуэр фэм къеІуатэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къулыкъур зыхуигъэфащэхэр «Урысей зэкъуэтым» къыхелъхьэ

Партым и Генеральнэ советым къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъур зыхуигъэфащэхэм я спискэр. Абы иратхащ республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъур пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Марьяш Иринэ, КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и тхьэмадэ Чеченов Ануар сымэ.

«Мы Унафэр къэтщтэн и пэкІэ дэ партым и щІыналъэ къудамэу республикэм щыІэм дечэнджэщащ, дэтхэнэ кандидатурэми щхьэхуэу дытепсэлъыхьащ. Спискэм итхахэр къыддИыгъащ партым и унафэщІ Медведев Дмитрий»,- жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и Генеральнэ советым и секретарь Неверов Сергей.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къулыкъум хахьи папщІэ къыхалъхьахэм я спискэр къэралым и Президентыр хэплъэн папщІэ иратынущ.

● ЗэІущІэхэр

Адыгэхэм я махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

ЩыщхьэуІум и 21-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым и махуэр егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ.

АБы теухуауэ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм нэхъ пасэу щызэхуэсри, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ щызэхъуэжат лэжьакІуэ гупым хэт ІэщІагъэлІхэр.

КъызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэр къызэІуихащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, гупым и Іэтащхьэ **Фырэ Руслан**. ФокІадэм и 20-м, абы и гъунэгъу махуэхэм республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэр зыхуэдэнур, ахэр къызэзыгъэпэщыныхэр ягъэбелджылащ.

Махуэр нэхъ екІу, Іуэхур нэхъ купщІафІэ зэрыхъунур къыхагъэщу къэпсэлъащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Дроздов Игорь**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфыцІэ Мухьэмэд**, Лэскэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Бажэ Дотий, нэгъэущІхэри**.

Адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым и махуэр районхэм зэрыщагъэлъэпІэну щІыкІэр фокІадэм и 1 пщІондэ ягъэбелджылынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ

● ЩІДАА

Лъэпкъ Іуэхум ирогузавэ

ЩыщхьэуІум и 22-м Налшык щызэхэтащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президиумым и зэІущІэ. Ар къызэІуихащ ЩІДАА-м и президент Нэхущ Іадэм. Абы къырихьэлІахэр щигъасъуэзащ зэхьэзыр зэрелІуэхЕІыну щЫыкІэмрэ зи гугъу щащІыну Іуэхугъуэхэмрэ.

АДЭКІЭ зэІущІэм хъыбар гуапэкІэ къыпащащ. Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и агроном, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хъаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэм хуагъэфэщащ ЩІДАА-м къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр, къызыхэкІа лъэпкъыми къэралми хуэгъэфащэу, и гущІэрэ и къарурэ емылэжу илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ и Іэнатіэм зэрыпэрытым папщІэ икІи мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуамкІэ ехъуэхъуащ.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ираташ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий:**

- КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий иджыблагъэ Іэ щІидзащ фокІадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу къэлъытэныкІэ унафэм. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ щІалэгъуалэм я гур зэІухауэ щытыныкІэ, ди лъэпкъ гъуэзэджэм и фЫпІэ псори дгъэлъэгъуэныкІэ, дызэрыщІэныкІэ. Адыгэ лъэпкъыр ящыщи нэхъ лениху я зытекьыхэм, ар къэрал зэмылІэужьыгъуэу 53-м щикъухащ. Лъэпкъым къыхэкІащ щІэныгъэлІхэр, генералхэр, министрхэр, сенаторхэр, дохутырыщхьэхэр, спортсмен цІэрыІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Дэ абыхэм дрогушхуэ, псэкІэ droин, - жиІащ Сэхъурокъуэм. - Сэ къызэрысъытэмкІэ, псом ящэ игъэщІпхъэ къалэныр дэнэкІэ щыІэ адыгэри дызэрыщІэныщ. Бзэ щІэныгъэлІхэр телэжьапхъэщ зыуэ щыт адыгэ литературэбзэр зэфІэгъэувэжыным.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Доллар мелардым щІигъу хэщІыныгъэ

США-м и Калифорние штатым баллих и лъэщагъыу вэсэмахуэ щІыр щыхьеящ. ИужькІи, и къарур нэхъ мащІэ хуэдэ, а щІыпІэр 60-рэ иудынышІащ.

Нэхъыбэру абы и зэран зэкІар Напэ къалэмрэ абы и Іэгъэзблагъэм щыІэ жылагъуэхэмрэщ. КъызэратамкІэ, фэбжь, уІэгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыгъуэта цІыхуи 120-м дохутырхэм зыхуагъэзащ, цІыхуихыр хьэлъэ дыдэщ.

«ЩІыхъейм экономикэм хэщІыныгъэу къитар доллар мелардым щІигъуну къыщІэкІынущ», - щыжаІащ США-м и Геологие къулыкъущІапІэм.

Хуит ящІмэ

Къухьэпіэ Африкэм щыІэ къэралхэм я мызакъуэу, дунейм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми къащыгурыІуащ Эболэ узыфэр икъукІэ зэрышынагъуэр икІи абы зэгъусэу пэщІэтын зэрыхуейр.

Япониер хьэзырщ абы зэребэн хущхьэгъуэгъуэкэр узыфэр щыеТа щІыпІэхэм яхуригъэщэну. Зи гугъу ящІыр Avigan зыфІаща препаратырщ. Японием ар мы гъэм и гъатхэпэ гъэндэрэ къыщагъэсэбэп пыхуэхуэм и лІэужьыгъуэ нэхъ гуащІэхэм иребэну.

«Хэт ищІэрэ, техьэгъуэ шынагъуэр зыпкърытхэми а хущхьэгъуэгъуэр сэбэп яхуэхъункІэ хъунущ, - жиІащ Японием и правительствэм и секретарь нэхъыщхьэ Сугэ Ёсихидэ. - И къарур щагъэнэхум, хущхьэгъуэр ирахьэлІат а узыфэр зыпкърыт дзыгъуэхэми икІи нэрыльагъуэ ар ящхьэщихауэ щытащ. Узышагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм хуит дищІмэ, дэ зыдмыгъэгувэу а хущхьэгъуэ сымаджэхэм ильэдгъэІэсынущ».

Мы махуэхэм

ЩыщхьэуІум и 26, *гъубж*

● 1728 гъэм **Беринг Битус** Азиемэкэмрэ я псыджьыпІэр къиухутащ, езым и цІэри абы фІащыжащ.

● 1908 гъэм Тыркум ялэ Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.

● 1991 гъэм РАН-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и КЪБЩІКЪИ-р къызэІуахащ.

● Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкІэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

● «Тетраграф» ООО-м и унафэщІ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, ДАХ-м и сеугъэтыр зыхуагъэфаща **Шакъ Елбэрд** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 23 - 24-рэ щыхьэнущ.

ЩыщхьэуІум и 27, *бэрэжьей*

●Урысей кином и махуэщ

●Молдовэ Республикэм и пІэпкъ махуэшхуэщ - къэрал щхьэхуэ щыхьыар егъэлъапІэ

●1949 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ Совет Союзым Мамырыгъэр хъумэныкІэ и комитетыр. Иджы - Мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмкІэ федерацэщ.

●1955 гъэм дунейм къытехьащ Гиннесс и тхылъыр, Рекордхэр зратхэ дэфтэр цІэрыІуэр.

●ЩыщхьэуІум и 27 - 29-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Щэнхабзэр хъумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и конференц. Абы щытепсэлъыхьынущ щІыуэпсым игуэта зэхъуэкІыныгъэхэр цІыхум къытемыхьэлъэн, и узыншагъэм емыгуэуэн щхьэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

●Америкэм щыщ тхакІуэшхуэ **Драйзер Теодор** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

●Дунейм цІэрыІуэ щыхъуа псалащІэ Тереза-анэр (Бонджниу Агнесс Гонджа) къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

●ТхакІуэ, КъБКъУ-м и егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ лэжьа **Бозий Людин** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

●ТхакІуэ, КъШР-м щыхь зиІэ и журналист **Кьантемыр Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

●ЖылагъуэкІ лэжьакІуэ, КъШР-м и ЦІыхубэ Зэхуэсым и депутат, Абхъазым и ЛІыхъжь **Килбэ Мэмэд** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 32-рэ, жэщым градус 22 - 27-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэм.

Лъэпкъ Iуэхум ирогузавэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1 нэ нап.)

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъуам ипкъ итклэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ тхыдэм къытхуихьа дерсхэмрэ я гугъу ящIащ ЩIДАА-м и вице-президентхэу **Бырсыр Батырбийрэ ХьэфЫцIэ Мухьэмэдрэ**.

- Адыгэр лъэпкъышхуэу щытауэ собж, - жиIащ Бырсыр Батырбий. - Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1862-1864 гъэхэм къриубыдэу адыгэ мин 500 иIэпхъукIащ я щIыналъэм. Шэч хэмылъу, зауэм и япэ илъэсхэми цIыху минищэ бжыгъэ хэкIуэдащ. Тырку дэфтэрхэм зэриткIа, адыгэу 2.600.000-м ябгынауэ щытащ хэкур. Кавказ зауэм хэкIуэдащ, хуэгъэфэщауэ, урыс зауэлIу мелуанитI. Адыгэм я бжыгъэр куэд хъууэ щымытамэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэщIэузэда урысыдэм апхуэдиз илъэс бжыгъэкIэ дауэ пэщIэтыфа ди лъэпкъыр? Адыгэхэр щикъухьа щIыпIэхэм мамыру щопсэу. XVIII лЭщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм Уэсмэн пащтыхьыгъэр тIэу къраГьэлащ адыгэ куэдым, я псэ щIатуэ (езы тыркуэхэр а Iуэхум щыхьэтохьуэж), Хьэшимит пащтыхьыгъуэми Ататюрки я щIыб къыдэтар ди лъэпкъэгъуэрщ. Нобэ хэхэс адыгэхэм я хэку къагъэзэжьныр къэрал Iуэхуу Урысеим щыщытын хуейщ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунци, блэкIам къытхуегъэгъэзэжьнукъым, ауэ Урысеим и къэрал унафэщIхэр мы Iуэхум теухуауэ тхыдэм и напэкIуэцIхэм ирипльэжрэ абы хуэфащэ гулъытэ хуащIатэмэ, лъэпкъхэм я зэхэущытыкIэхэри хэпщIыкIму нэхъ ефIэкIуэнуг, - жиIащ ХьэфЫцIэ Мухьэмэд. - Адыгэхэм лъэпкъкIуэд (геноцид) пащтыхьыгъуэм къызэрыткIэльызэрихьар, гува-щIэхами, Урысеим кьилъытэну сыщогугъ.

ХьэфЫцIэр къэпсэльа нэужь, къызэхуэсахэм я пащхьэ ирильхьащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъуам иращIэкIа Iуэху щхьэпэхэр зыхуэдэр зэрыт тхыгъэр.

Зэхьхьхэм купщIафIэу къыщыпсэльащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **ТхьэзэплъХьэсэн,** ЩIДАА-м и академик **Щоджэн Iэсхьэд**, сурэтыщI IэрыIуэ **КIыщ Мухьэдин** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэмI зыбжанэ академием и действительнэ члену, член-корреспонденту IэIэткIэ хагъэхьащ.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэгъэзэнэ «Хэку» Урысейпсо политикэ партым хэхыныгъэм и пэ къихуэ и программэ

«Хэкур» ди къэралым и щIыхьыр зи лэжьыгъэмрэ щIэныгъэмкIэ зыIэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъэм я сэбэп зыхэлъхэм щIэбэн, дэтхэнэ унагъуэри зыхуей хуэзэным, нэмыс ильыным телажьэ щIыхуэхэм я партщ.

Къэралым, зи экономикэр кризисым гугъу иригъэхъ республикэм и дежкIэ мытыш лъэхъэнэм партым зауэ Iэхуитым: щIэн хуейуэ къэувэхэмрэ ахэр зэрыдэгъэкIын хуей щIыкIэмрэ жэуапхэр ярет.

«Хэкур» социальнэ захуагъэ здэщыIэ иджырей жылагъуэ зэрагъэувынымрэ республикэм и щIыхьб хозяйствэр зэфIэгъэувыжьнымрэ къызэзыгъэпэщ Iэмалщ. Дэ дрителъхьэщ республикэм и псэукIэр убзыхунымкIэ нэхъ мыхьэнэщхуэ зиIэ IэнатIэхэр къэралым и нэIэм щIэтынымк къызэзыгъэпэщ лъэпкъ демократие щыIэнымк.

«Хэкур» партыр щIобэн къулейкэмрэ къулейсызэкмрэ я зэхуэмыдэныгъэр нэхъри зэщхьэщыкIыным хуэгъэзэнэ экономикэм щызэрахьэ хьэгъэщагъэхэр гъэкIуэдыным. Арынщауэ республикэм и зэIуэпсэщ псэуныгъэм и лъабжьэм - щIыхубзм я зэкъуэтынныгъэм - ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым.

Дэ дыхущIокъу хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэр къызэрагъэсэбэпым зэрыкIэлъплъыр гъэтхIиинныр и лъабжьэу, къэралым экономикэм и IэнатIэм щиIэ мыхьэнэр къэIэтыжьным.

Партым гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу къеIытэ властым и Iэнатl-э псоми я аппаратхэм щылажьэхэм хьэрэмыгъэ зезыхьэхэр кьыхэгъэкъэбзыкIыныр, къэрал властым и органхэмрэ щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ щылэжьэнухэр нэхъ жэуаплынигъэ зыбгъэдэлъ икIи зэфIэкI зиIэ цIыхуэхэм ящыщу къыхэхьныр.

Дэ ткIийуэ къыдогъэуэ къулыкъущIэ щхьэхуещэхэм я унафэм щIэмыту щхьэхуэту зэпеуэ зхьэрычэтыщIэхэм я зэгугъэныгъэхэм къэрал статус етынныр и лъабжьэу хьэрычэт Iэнатlэр фейдэ къызэIуIэ зэращIыр къызэнэкIын хуейуэ.

Апхуэдэу дэ къыхьидолъхьэ властым и лэжьэкIэм сэбэпныгъэу къихьыр къызэрапщытэ пщалъэ тэмэмхэр, сыту жыпIэмэ, властым цIыхубэм къыхуащI дзыхьыр зыхуэдизым елъытащ:

♦цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр. Абы папщIэ республикэм исхэм ипэжыпIэкIэ къаIэрыхьэ хэхъуэхэр ахъшэм къыщIэкIым зэрыхэщIым къыкIэрымыхуу щытыпхъэщ;

♦терроризмэм и Iэужьхэр, лъэпкъ зэныкъуэкъуэхэр, криминалитетым и залымыгъэхэр, нэгъуэщI хабзэншагъэхэри гъэкIуэдыным тещIыхьауэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр гъэбыдэныр;

♦къалъху сабийхэм я бжыгъэм хэхъуэныр.

Властым и лэжьыгъэр мис абыхэм ятещIыхьауэ къыпхуэпщытэнущ, апхуэдэу щыщыткIэ, а лэжьыгъэр тэмэму къыпхуэзгъэпэщынущ.

Жылагъуэмрэ властымрэ я зэпыщIэныгъэхэр къапщтэмэ, дэ ди Iуэху епльыкIэр пыухыкIащ, абы и лъэныкъуэкIэ пэрыту щытын хуейр жылагъуэрщ. Властым и мурадыр щIыхубзм яхуэлажьэнырщ.

«Хэкум» къыхелъхьэ Правительствэм хэт къулыкъущIэхэм яIэ льготэхэмрэ абыхэм я къулыкъум тещIыхьауэ хуащIэ Iуэхутхьабзэхэмрэ ягъэмэщIэну, къулыкъущIэхэм я аппаратхэм трагъэкIуадэ ахъшэм кIэрагъэхуну.

Апхуэдэу дэ дрителъхьэщ властымрэ криминалымрэ зэгугъэныр къызэзыгъэпэщ хэкIыпIэхэр гъэкIуэдыным, хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэным.

Партым къэгъэув къэрал аппаратым и лэжьакIуэхэм яIэ хэхъуэр абыхэм я лэжьыгъэм кьихь сэбэпынагъым елъытауэ хуагъэувыну, апхуэдэу егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, цIыхубэм къащхьэщIыж адрей Iэнатlэхэм пэрытхэм я улахуэхэм хагъэхъэ ну.

«Хэку» партым хэтхэр и телъхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, апхуэдэу щIыпIэ щхьэхуэхэм щыIа зауэхэмрэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ хэтахэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыным.

Партым езым и стратегиеу кьелъытэ КъБР-м и фейдэ зыхэлъхэм щIынальэ, федеральнэ IэнатIэхэм къащхьащIыжыныр.

«Хэку» партыр патриотхэм я парту къалъытэ, ауэ абы и лэжьыгъэр хэкур фIыуэ лъагъуным хуэгъэза кьыхуеджэныгъэхэм кьыщыуыIэрэкьым, атIэ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм Iуэху пыухыкIахэр кьыщыхелъхьэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу плIым:

♦мэкъумэш хозяйствэм;

♦промышленностым;

♦турист кластерым;

♦идеологие Iэнатlэм яхуэгъэзэнэу лэжьэныкIэ.

«Хэку» партым мэкъумэш хозяйствэм хуэгъэзэнэу къеГьэув:

♦щIым ехьэлIа Iуэхухэр иджырей федеральнэ законым къигъэувхэм тету ирагъэкIуэкIыну;

♦Конституцэм ипкъ иткIэ телъжьыхьэм ейуэ щыт щIыр зэрызэбгралъэфыр кьыззтрагъэувыIэну;

♦мэкъумэш щIапIэу щыт щIыхэр къэгъэсэбэпынымкIэ республикэм ис псоми зэхуэдэ Iэмалхэр яIэныр кьызэрагъэпэщыну икIи абы и лъэныкъуэкIэ щIыналъэм щыIэ IупкIэ, тхыдэ, экономикэ, географие кьыхэщхьэхуэкIынигъэхэр кьалъытэну;

♦кьуажэ лэжьакIуэхэм щIым щIат бдэжэнд уасэр ягъэмэщIэну.

«Хэку» партым гулъытэшхуэ хуещI блэкIа зэманым къэралым зыхъумэжьныгъэм телажьэ и промышленнэ комплексым хиубыдэу щыта предприятэу республикэм щыIаХэр зэтегъэувэжьнымк:

♦Тырныауэ комбинатыр;

♦Налшык полупроводник Iэмэпсымэхэр щащI заводыр;

♦«Телемеханика» заводыр.

Ауэ абы къикIыркъым ди партым зыхъумэжьныгъэмкIэ промышленностым и комплексым телъжьэныр къалэн зыщищIыжаУэ.

Хэкур фIыуэ зыльагъуэхэр къызэщIэзыубыдэ ди зэгугъэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу къеГьэытэ республикэм щэнхабзэ, экономикэ лъэныкъуэхэмкIэ лъащу щытыным, абы демократием и хабзэ быдэхэр щызэтегъэуэвэным. Аращ «Хэку» партым адрей социальнэ IэнатIэхэмк: псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, медицинэм, егъэджэныгъэм, ди нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным зэпымыууэ гулъытэ хуищIыну щIымрадырр.

Партыр и телъхьэщ щIэблэр хэкум хуэпэжу, ар фIыуэ илъагъуу, пщIэрэ нэмысрэ хэлъу гъэсэным тещIыхьа лъэпкъ идеологие къызэгъэпэщыным икIи абы папщIэ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ зэхэтыкIэмрэ къэгъэсэбэпыным.

Республикэм кьыпэщыт къалэнхэр, гугъуехьэхэр къанэ щымыIэу езым и къарукIэ дигъэкIыфыну зы парти зы жылагъуэ зэгугъэныгъи бгъэутынукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэу щыта экономикэ зэфIэкIыр зэтегъэувэжьын папщIэ зэщIыгъуу зэдэлэжьэн хуейщ жылагъэ, граждан IэнатIэхэр, законкIэ хаха властыр. Аращ «Хэку» партыр Урысейпсо цIыхубэ фронт къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмщIакIуэхэм ящыщ зыуэ щыщытар.

«Хэку» партым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и лъабжьэ къельытэ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. илъэситI ялэкIэ накъыгъэ маззм къытрыригъэдзауэ щыта тхыгъиблыр.

Дэ ди пльапIэр республикэм исхэр щIэныгъэр зи лъабжьэ, фIыгъуэрэ захуагъэрэ зыхэлъ икIи шынагъуэншэу щыт гъашIэм хэпсэукIынымрэ. Абыхэм яхуэфащэ къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи къащхьэщыжыну, я сэбэп зыхэлъхэрщ, я пщIэмрэ лъэпкъ нэмысымрэ ихъумэну.

Ирагъэжьагъэ пхъэидзэм ипкъ иткIэ, пщIэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Шынагъуэншагъэм и мазэ йокIуэкI

Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлащ «Шынагъуэншагъэм и мазэ» Iуэхугъуэр. Ар фокIадэм ику пщIондэ екIуэкIынущ. Гуэрэфгъуэ къэхъужыкъуэ хъумэ, ящIэн хуейм щыхурагъаджэ, щыхуагъасэ Iуэху щрагъэкIуэкIащ Прохладнэ къалэ округым сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэу щыIэ «Жемчужина» лагерым. Абы кьрихьэлIащ Прохладнэ район администрацэм и Iэтащхьэ Говоров Сергей, Прохладнэ къалэ администрацэм и тхьэмадэ Бирюк Александр, нэгъуэщI къулыкъущIэхэри.

МАФIЭСЫМ зыщыхъумэныкIэ район гарнизоным, УФ-м и МЧС-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и Прохладнэ къудамэм я лэжьакIуэхэр яхуеблэгъат лагерым щыIэ сабийхэм. ЦIыкIуэхэм я дежкIэ ар кьарум, хахуагъэм, лIыгъэм я мазэншхуэт.

КъБР-м МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъплъынымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Хьэжыкъарэ Мухьэмэд** зэрыжиIамкIэ, мазэ лэжьыгъэр кьызэзыгъэпэщхэм яхэтщ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкIэ республикэм министерствэхэр, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м, мафIэс къэмыгъэхъуным-кIэ районхэм щыIэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и къегъэлакIуэхэр.

Хьэжыкъарэм кьызэрыхигъэщхьэхуэкIащи, ныбжь зэмылIэужьыгъуэхэм ит сабийхэм мафIэсым зыщыхъумэным, гъуэгум, псым кьыщыпщыщIынкIэ хъунум теухуауэ йопсалъэ, ящий. Нэхъапэм зыхуаущиякэр щIэзыгъэбыдэщ зи гугъу тщIы Iуэху.

Щынагъуэншагъэм теухуа мазэ лэжьыгъэр республикэм и сабий зыгъэпсэхупIэхэм, школхэм, егъэджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэкIуэкIынущ.

Прохладнэ куейм мафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъплъынымкIэ и къудамэм и тхьэмадэ **Къэмбэчкъуэ Азрэтрэ** ПЧ-4-м и унафэщI **Мэлыхъуэ Заурбэчрэ** пщэдджьыжьым жыуэ зэхуэса мафIэсгъэункIыфIхэр, къегъэлакIуэхэр, полицэм и лэжьакIуэхэр, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и дохутырхэр кьапэщыт кьаланэхэм щагъэгъуэщ.

ХьэщIэхэм кьахуэгуэпэну хуей ныбжьыщIэхэм концерт зэгъэхьэзырати, ар иуха нэужьщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм щыщIидзар.

Нэхъыщ1э дыдэхэм жраIащ псым зэрызыщыIыгъыпхъэр. Гурагъэ1уащ псым, гуэл Iуфэхэм щыкIуэкIэ нэхъыжьхэм я нэIэм ахэр щIэтын зэрыгъуэр.

Адрей гупым противогазхэр кьызэрагъэсэбэным зыхуагъасэрт. Дунейр хуабэвэхми, абыхэм а Iэмэпсымэхэр кьызэрагъэсэбэным зыIуалъхьащ икIи дэтхэнэри абы пэплъащ.

ЗыщIыпIэ кьехуэхыу, зыгуэр кьыжьэхуэуэу фэбжь зыгъуэтахэм дохутырхэр кьэсхуукIэ яхуэщIэн хуейкэр сабийхэм ирагъэлъэгъащ.

Сурэт викторинэхэри ирагъэкIуэкIащ. Iуп кьэс ныбжьыщIищым ящIат мафIэсым зыщыхъумэным кьыхуэсщIыжкэ сурэтхэр.

Ныбжьыщ1эхэр дихьэхьипэрт мафIэсгъэункIыфIым и фащэхэр зыщытIэгъэным екъэлIа псэпэсым. МафIэсгъэункIыфIым цIыкIуэхэм яжриIащ, мардэм кьызэригъэувымкIэ, фащэри, каскэри секунд 12-м зыщытIэгъэн зэрыхуейр. А зэхьэзэхуэм хэта икIи нэхъ псынщIэу фащэр зыщыхьIагъа Яничев Семен школыр кьнухэмэ, дзэ Iэщ1агъэр кьыхихыну е кьеГьэлакIуэ хъуну и мурадц.

- Сыхуейщ цIыхуэхэм садэIэпыкъуну, гуэвэгъуэ хэхуэмэ, кьезгъэлыну, - жеIэ ебгъуанэ классым щеджэ ныбжьыщIэм.

МафIэсгъэункIыфIхэм я техникэм и зэфIэкIри ягъэлъэгъуащ. Кьатитху хъу унэм и лъагагъым хуэщIа пкIэлъейр зэрагъэжри, абы псынщIэу дэкIуеящ мафIэсым зыщыхъумэныкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэр.

Псори итхьэкъуат Iуэхугъуэм и кIэух Iыхьэм. МафIэсгъэункIыфI часть №4-м и лэжьакIуэхэм я техникэр зыхуэдэр ягъэлъагъуэри, «Пурга» Iэмэпсымэ мафIэсыр зэрагъэункIыфIыр ягъэлъэгъуащ.

УАРДЭ Женя.

● Налшык къалэ

ЩIыIэр къэмыс щIыкIэ

Налшык бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуеГьэхьэзыр.

ФЭТЭР унэ зэтету 1542-м ящыщу 1070-р хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщхэм я щытыкIэр кьапащытэри, лэжьыгъэм иужь ихьащ. Абы хиубыдащ Санаторный проезд, Турист, Профсоюзнэ, 2-нэ Промпроезд, Тэрчокъуэм, Ковтуненкэм я щIэр зэхьхьэ уэрамхэм тет котельнэу 6.

Псы хуабэр зэпымыууэ яIэн папщIэ зыхуей хуагъаз Гагариным и уэрамым тет №2-а, 24, 26, 36-нэ унэхэм псы хуабэр зэрекIуалIэ бжьамийхэр. Апхуэдэу «Теплоэнергетическая компания» ОАО-м и къарукIэ яхьуэжьынущ Шоджэнэ щIыкIым и уэрамым тет 5-нэ, Московскэм тет 2-нэ унэхэм хуабэр зэрекIуалIэ Iэмалхэр.

Котельнэхэм ящыщу 3-р «Эконова» ООО-м зыхуей хуигъэзэнущ, адрейхэм елэжьынуэр иджыкIэ ягъэбелджылакъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сабийхэм гулъытэ хуащI

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 7-нэ нап.)

- Жылагъуэр щыузыншэр къэралым нэхъыжьхэмрэ сабийхэмрэ гулъытэ щахуищым и дежщ. Абы мыхьэнэ ин иIэщ. Нэхъыжьхэм ди къалэнщ ди къэкIуэнур зэпльта щIэблэм я узыншагъэр едгъэфIэкIуэну, - жиIащ Къардэн Аслъэн. - Магомедовэ ФатIимэ къыхилъхьа «Хьэупсапlэхэр нахуапIэ мэхъу» телепроектым хьихьэ мы Iуэхум ХьэпэджжкIащ. Iуп кьэс ныбжьыщIищым ящIат мафIэсым зыщыхъумэным кьыхуэсщIыжкэ сурэтхэр.

Ныбжьыщ1эхэр дихьэхьипэрт мафIэсгъэункIыфIым и фащэхэр зыщытIэгъэным екъэлIа псэпэсым. МафIэсгъэункIыфIым цIыкIуэхэм яжриIащ, мардэм кьызэригъэувымкIэ, фащэри, каскэри секунд 12-м зыщытIэгъэн зэрыхуейр. А зэхьэзэхуэм хэта икIи нэхъ псынщIэу фащэр зыщыхьIагъа Яничев Семен школыр кьнухэмэ, дзэ Iэщ1агъэр кьыхихыну е кьеГьэлакIуэ хъуну и мурадц.

- Сыхуейщ цIыхуэхэм садэIэпыкъуну, гуэвэгъуэ хэхуэмэ, кьезгъэлыну, - жеIэ ебгъуанэ классым щеджэ ныбжьыщIэм.

МафIэсгъэункIыфIхэм я техникэм и зэфIэкIри ягъэлъэгъуащ. Кьатитху хъу унэм и лъагагъым хуэщIа пкIэлъейр зэрагъэжри, абы псынщIэу дэкIуеящ мафIэсым зыщыхъумэныкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэр.

Псори итхьэкъуат Iуэхугъуэм и кIэух Iыхьэм. МафIэсгъэункIыфI часть №4-м и лэжьакIуэхэм я техникэр зыхуэдэр ягъэлъагъуэри, «Пурга» Iэмэпсымэ мафIэсыр зэрагъэункIыфIыр ягъэлъэгъуащ.

УАРДЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Дэ дызэныкъуэкъур властыркъым, атІэ абы и къулыкъущІэхэу хабзэншагъэхэр къэзыгъэхъухэрщ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2013 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теухуа и доклад

«ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 25-нэ статьям и Іыхьэ 1-м тету 2013 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теуха докладыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнэхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым я пащхьэ изолъхьэ.

Докладым ЦІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыщызгъэпэщыныкІэ нэхъ гу зылъытапхъэу щыІэхэр кьеГэлъагъуэ, Уполномоченнэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр, абы цІыху щхьэхуэхэми цІыху гупхэми зэрызыкъыхуагъаззэкр хэту, апхуэдэу, къэрал, муниципальнэ органхэмрэ граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэмрэ зэрадэлажьэр зэпкърех.

Докладым кьеГэлъагъуэ Уполномоченнэм цІыхухэм зэрызыкъыхуагъаз тхыгъэхэр я куэдгъэкІи фІагъкІи зыхуэдэр, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудам, ахэр зэтегъэуэвжьыныкІэ Уполномоченнэм илэжьам пыща Іэхуэхэр.

Докладыр щыттхым къэдгъэсэбэпащ цІыхубзхуэзэмрэ цІыху гупхэмрэ къатхахэм дызэрызэпІъэжам, тхьэмахуэ зыхуэку кьэс зэ цІыхухэм дазэрыІущІам, апхуэдэу яГэтІысахэр, хабзэншагъэ ялэжьауэ щэч зыхуащІхэр щаІыгъ щыІэхэм щыІэхэм дазэрызэзам, Урысей Федерацэм и субъектхэмрэ нэгъуэщІ къэралхэмрэ щрагъэкІуэкІ щІэныгъэ конференцхэм Уполномоченнэр зэрыхэтам къриКІуэхэр, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхуэщ1апІэхэм кьытехуахэр.

Уполномоченнэм фІыщІэ яхуещІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм я хуитыныгъэу, щхьэхуитыныгъэу кьызэпаудахэр зэтегъэувэжьыным хуэгъэзауэ Уполномоченнэм и аппаратым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьыщыдэІэпыкъу цІыхухэм, къэрал Іуэхущ1апІэхэм, граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэм, цІыхухэм я кьыщхьэщыжакІэ жылагъуэ организацэхэм.

ЦІыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъуэным и конституцэ лъабжьэхэр

2013 гъэр Урысей Федерацэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 20 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэхъэсыныгъэ инхэр халъхьэу, властымкІэ полномочие нэхъыбэ Къэрал Думэмрэ Федерацэмкіэ Советымрэ етын хуейуэ. Ещанэхэм кьагъэувырт Урысейм и лъэпкъщэнхабзэ кьыхэщхьэхуІыныгъэр православиер арауэ зэрыщытыр, урыс лъэпкъым увыпІэ хэха зэрИыгъыр, нэгъуэщІхэри кьэзыгъэлъагъуэ Іэхуэхэр Урысей Федерацэм и Конституцэм хэгъэхъэн хуейуэ. Абы теухуауэ ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІа Лукин В. П. икьуКІэ шэрыуэу жиІащ «лъэпкъ е дин хэщІапІэхэм зэрахуэхъуКІэ Конституцэр тебгуашэ зэрымыхъунур». Егъэлеиныгъэ псори лъэныкъуэ ебгъэзмэ, шэч кьытумыхьажу жыпІэ хъунущ Урысей кьэралыщІэр зэтегъэувэзныкІэ, демократие хабзэхэр гъэбыдэныкІэ, граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэр кьызэгъэпэщныкІэ Урысей Федерацэм и иджырей Конституцэм икьуКІэ кьалэныщхьэу зэрызэфІигъэкІар. Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым и Унафэщ1 Зоркин Валерий захуагъэ хэпъу кьызэригъэпэсыгъуаци, Урысей Федерацэм и иджырей Конституцэр «жылагъуэмрэ кьэралымрэ совет зэманым кьыкІэлъыкІуэ лъэхъэнэщІэм зэрыхуэкІуэм тещІыхьа хабзэ мардэ кьудейкъым, атІэ ар хабзэм теувэныкІэ Урысейм ис лъэпкъ псоми кьахьа текІуэныгъэ инщ».

Граждан жылагъуэ Іэхуэщ1апІэхэм я жыджэрагъыр кьэІэтыныкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ Совет Нэхъыщхьэр илъэс 75-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 20 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыныкІэр ар гъэлъэпІэнымрэ. Уполномоченнэр хэтащ ди республикэм и иджырей тхьдэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а пІалъэхэм ятеухуа зэІущІэхэм, щІэныгъэ конференцхэм, школхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ кьыщызэрагъэпэща зэхьыхьэхэм.

Дызэрыщыгъуаззэщи, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 2-нэ статьям цІыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ фІыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр кьеГэлъагъуэ, статьяхэу 17-м, 18-м, 33-м, 45-м властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я кьулыкъущІэ псоми кьалэн ящещІ езыхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и купщІэу щыІуэм и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэгъэщынэр зэрыщытыр кьаІыхьэну.

А конституцэ мардэхэм зрагъэужь икІи ахэр нэхъ пыухыкІауэ Къыбгурагъакіуэ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщипсэльхэм.

«Урысейм и цІыхубэм я тегушхуэныгъэмрэ бэшэчагъымрэщ илъэс нэхъ хьэлъэ дыдэхэм зэрыта гугъуехьхэм кьизышар, граждан, социальнэ, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэм хуэзышар, демократиемрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ кьагуэпх мыхъун зыужьныныгъэ гъэзгум тезыгъэувар, жиІащ Урысей Федерацэм и Президентым. - Апхуэдэ фІыгъуэкр ди дежкІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкІыу дэ Кавказ Ищхъэрэм и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэрыщызэпаудым дяпэкІи тКІийуэ дыпэщІэтынущ икІи кьуаншэхэр яхуэфащэ жэуапым етшэлІэнущ».

Къэралым граждан жылагъуэр, абы и Іэхуэщ1апІэхэр, ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и къэрал

Зумакулов Борис

Іуэхущ1апІэри абыхэм яхэту, щызэтоувэ. Къэралым щызэлъащІысащ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэхэм Путин В. В., Кремлым зэращыхуэзар, абы цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ кьащхьэщыжныкІэ кьэралІэнатІэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм пщІэшхуэ зэрыхуищІар. Кьапщтэмэ, Президентым кьыхиГэщхьэхуКІащ «...цІыхум и хуитыныгъэхэм щІэбэныныкІэ уполномоченнэхэр абы и лэжьэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэхэм зэращыщыр, цІыхум и хуитыныгъэхэр кьыхуэзгъэпэщыныр езым и гъащІэм и мурад нэхъыщхьэ дыдэу» кьызэриІытар. А зэІущІэм Урысей Федерацэм и Президентым ещы Іэмал яІэщІ зэрыщытыр ИкІи абы иужькІэ Урысейм и субъект псоми цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэхэр щыІэ хъуащ, апхуэдэу цІыхухэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжхэм я статусыр кьэзыІэт, ахэр властым и ІэнатІэхэм зэрапагъэщхьэхуКІар, кьулыкъущІэхэм я унафэм зэрыщІэмытыр, апхуэдэу политикэ пэрт, политикэ лэжьыгъэм хэт зэрымыхъунур кьэзыгъэлъагъуэ законхэр кьащтащ е зекІуэ законхэм зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Кьэзыхьэлъэгъуэну сыхуейщ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Александр и къуэр 2014 гъэм и щІышыпІэ - мазае мазэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэм тІэунейр зэрыхуэзар икІи мы ІэнатІэм щыІэ щытыкІэм куууэ щыгъуэзэ зэрызищІар. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр гъэзэщІэнымкІэ шэсыпІэу езыр зэрыщытым кьыхэкІыу абы аргуэру быдэу жиІащ цІыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэгъэпэщыныр нэхъыщхьэ дыдэу кьызэрыпытар.

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьащхьэщыжныкІэ къэрал системэм кьыдэкІуэу, иужькІи илъэхэм нэхъыбэ мэхъу къэралым и уполномоченнэм щІэмыт хабзэхъумэ зэгухьэныгъэхэмрэ сатум пымыщІа органицацэхэмрэ. Ди цІыхухэм иджы Іэмал яІэщ я хуитыныгъэхэр яхъумэжьын папщІэ дунейпсо утым щытхъэсыхэну е щыщІэупщІэну. Абы кьегъэльагъуэ ди къэралым демократием и хабзэхэр кІуэтэху нэхъ быдэу зэрыщыувыр икІи абы ущымыгуфІыкІыпІэр иІэкъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэрэпэщныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псори тэмэму зэтегъэува щыхъуэу пхужьІэнуКъым. Абы и щыхьэтщ Уполномоченнэм кьыІэрыхьэ тхьэусыхафэхэр, ар езыр цІыхухэм щахуэзэм дежькІэ ящІэ, Уполномоченнэм и дзыхь зригъэз лІыкІуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, Конституцэ Судым, нотариальнэ, адвокат палатэхэм я лІыкІуэхэм ящІыгъуу муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щрагъэкІуэкІ зэІущІэхэм кьыщІэтэ Іуэхуэхэр. Тхьэусыхафэ, апхуэдэу чэнджэщ зэмылІэужьыгъуэ куэд кьыщыхалъхьащ Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс тІощІ зэрырикъум ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІа зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, щІэныгъэ конференцхэм, еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщызэрагъэпэща зэІущІэхэм.

ЦІыхухэм я тхьэусыхафэхэм я бжыгъэмрэ ахэр зытеухуамрэ

2013 гъэм ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм тхьэусыхафэу 1100-м щигъу кьыІэрыхьащ. Ар абы ящІэ ита илъэсым елъытауэ (1200-рэ хуэдиз) нэхъ мащІэщ. КьыІэрыхьа тхыгъэ 223-м щыщу 13-р цІыху гупхэм кьабгъэдокІ. Апхуэдэу Уполномоченнэр цІыхуи 175-м яІущІащ. Гъэ кьэс нэхъыбэ мэхъу телефонкІэ е Интернетыр кьагъэсэбэпурэ зыкьытухуэзыгъаззэкр икІи блэкІа илъэсым абыхэм я бжыгъэр 650-м щІигъуащ. Зыкьытухуэзыгъэсазэм я нэхъыбэм юридическэ дэІэпыкъуныгъэ ираташ. Апхуэдэу цІыхуи 100-м ядэІэпыкъуащ суджэм, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм зыхуагъэзэн папщІэ зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзырыныкІэ. Тхьэусыхафэхэм ящыщ куэдым дыкІэлъыплъащ ахэр зыхуэфащэ ІэнатІэхэм щыпхагъэкІыу. Я зэІущІэхэр нэгъуэщІ ІэнатІэхэм щахъумэн папщІэ зыхуей чэнджэщхэр куэдым етташ икІи кьагъэсэбэпыпхъэ Іэмалхэр ягурыдгъэІуащ.

Тхыгъэхэр республикэм и кьалэ, район псоми кьикІыурэ кьэкІащ. Ауэ тхьэусыхафэ нэхъыбэ кьыздикІахэм ящыщщ Налшык кьалэ (241-рэ), Шэджэм районыр (49-рэ), Прохладнэ районыр (19), Аруан районыр (14), Прохладнэ кьалэр (13), Бахъсэн кьалэр (13). Таблицэм хьыхьакъым уполномоченнэм дзыхь зыхуищІ и лІыкІуэу кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щыІэхэр зыхэпльэ икІи дагъэкІа тхьэусыхафэ куэд. Ахэр дэтхэнэри езыр щыпсэу кьалэм, районым щыхуэхэм щахуозэ икІи щыныльэ администрацэхэм я лІыкІуэхэм ящІыгъуу кьаІэрыхьа тхьэусыхафэхэр зэпкърах. Абыхэм я сэбэпкІэ дэнэ щІыпІи щыІэ гугъуехь нэхъ инхэр убзыхуа мэхъу икІи абыхэм щытопсэльыхь ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм и деж кьыщызэрагъэпэща Эксперт советым и зэІущІэхэм. Тхьэусыхафэхэр зыхуэгъэзахэм ятещІыхьауэ зэхэбдзэмэ, абыхэм я нэхъыбэм кьыщІэтыр хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм я гъэвакІуэмкІэ, апхуэдэу щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я лэжьакІэмкІэ зэрымыарэзырщ.

ПыухыкІауэ зытеухуамкІэ къапщтэмэ, тхьэусыхафэхэм я процент 55-м кьыщаІэтыр хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм зэрыгарэлейрщ, абыхэм я полномочиехэм кьримыубыдэ Іуэхуэхэр зэралэжьырщ, хабзэм кьемызэгъыкІуэ зэрыщащІыр, зэрагъэтІысауэ щаІыгъ щыпІэхэм я процент 25-м нэблагъэм кьыщаІэт псэупІэ, социальнэ Іэнатіэхэм, цІыхуэр субсидиехэмкІэ кьызэгъэпэщыным и республикэм и унафэщІ органхэм мыхъумыщІагъэхэр кьызэрагъэхьур, процент 20-м нэблагъэм кьыщІэтыгъэ зэрыщыщ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм гугъуехь щхьэхуэхэр дэгъэкІыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм арэзы кьызэрымыщІыр. ТхыгъэхэР щызэбгъапщэкІэ нэрылъагъу мэхъу хабзэхъумэ органхэм я лэжьэкІэмкІэ мыарэзыхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыхьур икІи социальнэ Іэхуэхэм иритхьэусыкІэхэр нэхъыбэ зэрыхъур. Абы кьеГэлъагъуэ ярыншэм кьулей дыдэу щымыт ди цІыхухэм я псэукІэр нэхъри зэрекІакІуэр, хэмыщІауэ псэухэр, процентКІэ кьапщтэмэ, куэд зэрыхъур.

ЕтІуанэ таблицэ

Тхьэусыхафэр зытеухуар	2007 гъэм	2008 гъэм	2009 гъэм	2010 гъэм	2011 гъэм	2012 гъэм	2013 гъэм
Лэжьыгъэ Іэнатіэм хабзэр кьызэрыщІэпаудым	8	15	32	20	17	18	16
Суд унафэхэм	43	93	56	52	44	40	40
Следствиемрэ дознаниемкІэ органхэм я лэжьэкІэм	17	26	41	46	61	98	59
Социальнэ Іуэхуэхэм	33	34	45	93	56	60	41
ПсэупІэм пыщІа Іуэхуэхэм	21	38	42	40	28	37	11
Іэпхъуэшапхъэхэмрэ гражданствэмрэ я Іуэхуэхэм	5	10	7	2	5	1	11
ЯГъэтІысахэр зэраІыгъ щыкІэм	7	11	28	21	58	70	124
Властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я лэжьэкІэм	7	25	32	30	32	47	50
Политикэ щхьэусыгъуэкІэ залымыгъэ зыкІэпсыІэрахьэр хей щІыжыным	4	3	3	2	-	2	3
Сабийхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудым	1	5	2	2	12	1	3
Суд унафэхэр зэрамыгъэзащІэм	7	6	5	5	6	12	7
Мылъкум пыщІа зэныкъуэкъухэм	1	8	19	1	13	9	8
Нэгъуэщі Іуэхуэхэм	-	27	18	35	26	35	25

2013 гъэм кьытІэрыхьэу хуежьащ бизнес Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІын, фермер хозяйствэхэр кьыщызэрагъэпэщын папщІэ щы Іыхьэхэр зэрыхухмахьым, хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэм дэІэпыкъуэгъу зэрамыгъэтым, жылагъуэ щхьэхуэхэм я статусыр зэхъуэкІын зэрыхуейм теухуа тхьэусыхафэхэр. Псалъэм папщІэ, Кенжэ, Хьэсаней, Белэ Речкэ жылагъуэхэр Налшык кьалэ округым, Дыгулыбгъуей кьуажэр Бахъсэн кьалэ округым зэрыхагъахьамкІэ мыарэзыхэр мащІэкъым икІи абыхэм кьагъэув референдум егъэкІуэкІыпхъэу.

А псоми кьадэкІуэу кьэдгъэлъэгъуэнщи, нэгъабэ Уполномоченнэм и аппаратым игъэхьэзырри зыхуэфащэхэм документ 473-рэ яхуигъэхьащ, езыми тхыгъэу 495-рэ кьыІэрыхьащ. 2012 гъэм ельытауэ ахэр нэхъ мащІэщ: ялэрейр - процент 12-кІэ, етІуанэр - проценти 10-кІэ. Апхуэдэу щыгъуазэ зызыхуэтщІа Іуэхуэхэм я щытыкІэм теухуауэ тхыгъэ тІощІ хуэдиз ягъэхьэзыращ. ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ Уполномоченнэмэрэ абы и аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Австриемрэ, Азербайджаным, Шэшэн Республикэм, Ингушэ Республикэм, Ивановскэ областым щекІуэкІа кьэралэхэу, урысейпсо щІыналъэ зэхуэсхэм, зэІущІэхэм, щІэныгъэ конференцхэм икІи абыхэм докладхэр щащІащ. ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм егъэзащІыпІа Эксперт советым 2013 гъэм зэІущІэу тІу иригъэкІуэкІащ.

Уполномоченнэм ахэр нэгъэсауэ пэжу икІи лъэныкъуэ псори кьызэщІаубыдэу къимылъытэми, цІыхухэм я тхьэусыхафэхэмрэ лъэІуэхэмрэ япкъ иткІэ, мы кьыкІэлъыкІуэхэр кьэгъэлъэгъуапхъэу кьелъытэ.

ЦІыхухэр нобэми иротхьэусыхэх узыншагъэр хьумэныкъмрэ егъэджэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм ныкъусаныгъэ куэд зэрыщыІэм, медицинэмрэ егъэджэныгъэмрэ я Іуэхутхьэбзэхэм зыхуагъэщІэн папщІэ Іулъхьэ ятын хуей зэрыхъум, а Іэнатіэхэм я Іуэхущ1апІэхэхэм, псом хэмыдэу кьуажэхэм щыІэхэм я Іуэхуэр зэрызэкІэлъымыкІуэм, унэхэр кьахэ зэрыхьэуам, нэгъуэщІхэми.

Зэмыпыуэ кьотхьэусыхэх кьыщІагъэІэпэхъуКІын хуейуэ нобэми унэ кьхьахэзм щІэсхэр. БлэкІа илъэсхэми хуэдэу, цІыху куэд нэхъыжьхэм, пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий куэд зиІэхэм ящыщу я псэукІэмкІэ арэзыкъым. Пенсэхэм хагъахъэу хуэдэу щыт пэтми, ахъшэр пщІэнщэ зэрыхъум лъэщІыкъэркъым, лэжьапІэ зиІэхэри, псом хэмыдэу бюджет Іэнатіэм хиубыдэхэр, мэтхьэусхэуз улахуэр егъэлеяуэ зэрыщыкІуэм кьыхэкІы.

Социальнэ зэтегъэпыІуэныгъэхэм я кьишэнкІэ хъунущ лэжьыгъэм пыща Іуэхуэхэр зэрызэІумыбзым. Республикэм лэжьапІэншэу щыІэхэр зыхуэдизым теухуауэ кьат бжыгъэхэр нэрылъагъуэ гъэмэщІащ икІи илэжьапІэкІэ Іуэхум и щытыкІэр кьагъэльагъэркъым. ЦІыхум и Іэщ1агъэмкІэ лэжьэну Іэмал зэримыгъэтым есэжу хуежьащ, ауэ унагъуэр ягъэпсэун папщІэ нэгъуэщІ лэжьапІи ягъуэтыр кьым. Аращ зи кьару илъыгъуэхэр лэжьапІэ кьалъыхъуэрэ республикэм щІиІэпхъуКІыр. Апхуэдэ гугъуехьхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм, дэ кьызэрыпІытэмкІэ, ящІыщ промышленностым мэкъуауэ хозяйствэмрэ кьызэрыкІэрыхьур, уней бизнесми лэжьапІэ Іэнатіэхэр иригъуу кьызэрызэрримыгъэпэщыфыр.

Иджыблагъэ ди деж кьэкІауэ щыІуэ кьызэрыщыІэр, сабиищым и анэ. Ар нэхъыбэу зыщІэлъэІур и псэупІэр иригъэфІакІуэнымкІэ дэІэпыкъуныгъэт. Аэрэ дыщызэпсалъэм кьызэрыщІамкІэ, цІыхубзыр «Горный» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым дэрбзэру щыІэщ. 2013 гъэм и иужьрей мазихым кьриубыдэу абы и улахуэр ику иту сом 4779-рэ хъуэу щытауэ аращ. Абыхэм ящІыІужькІэ унагъуэр тынШыпІэ лъэпкъ зыхэмыт зы пэш хьу фэтэрым зэрыщыпсэур, ар нэхъыфІкІэ зэрихъэжІыну гугъапІэ лъэпкъм зэримыІэр кьэпльытэмэ, цІыхубзым и гукъыдэжыр зыхуэдэр кьыбгурыІуэну гугъуэкъым. Мис апхуэдэ цІыхухэм кьабгъэдэкІ тхьэусыхафэхэр мащІэкъым.

ЩІы Іуэхуэхэм унафэ пыухыкІа зэрытрамыщІыхьам кьыхэкІыу япэхэм колхозхэмрэ совхозхэмрэ яІыгъыу щыта щІыхэр кьагъэсэбэпыну Іэмал зиІэр зырызыхэщ, адрей кьуажэдэхэр Іыхьэншэу икІи лэжьапІэншэу кьэнащ. Абыхэм кьэралми властым и щІыналъэ органхэми дэІэпыкъуэгъу пыухыкІа яГуэтыркъым. Хозяйствэ инхэм ират дэІэпыкъуныгъэм сэбэпынагъ ышхуэз кьыдэкІуэркъым, щы Іыхьэ мащІэ зыІыгъэхэр гугъуэтэншэу кьоно. Къэгъэльэгъуапхъэщ 2013 гъэм хадэхэКІ продукцІэ, гъаво зыгъэкІахэм ящыщ куэд кьрахьэлІар зэрахуэмыщам кьыхэкІыу мылъкуншэу кьызэрынар.

ЦІыхухэр апхуэдэу иротхьэусыхэ:

льготэ зиІэхэр хущхъуэзэмкІэ тэмэму кьызэрызэрамыгъэпэщым, зыхуеину хущхъуэзэхэр ирикъуу сымаджэщхэм зэрамыІэм;

цІыху гуп щхьэхуэхэм хуагъэувауэ щыта льготэхэм япэув ахъшэр зэрымащІэм икІи абы кІуэтэху зэрыкІэрыхум;

социальнэ псэупІэхэр республикэм зэрыщамыухуэжьым, а мурадым трагъэкІуэдэн ахъшэ муниципальнэ властхэм зэрамыІэм. Мис абы, апхуэдэу нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ зыбжанэм я зэранкІэ кІуэтэху нэхъ гугъу мэхъу цІыху гуп щхьэхуэхэр -ныкъуэдыкъуэхэр, сабий зеинщэхэр, адэ-анэм я жьауэм щІэмыту кьэна сабийхэр социальнэ псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыныр. Уполномоченнэр КъБР-м и прокуратурэм, Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щІэсэн, суд органхэм ящІыгъу а Іуэхум илъэс зыбжанэ льандэрэд йолэжь, ауэ гугъуехьхэр нэхъ мащІэ хъуркъым. Иджыпсту фІэкІыпІэ имыІэу фэтэрхэр кьратын зэрыхуейм теухуауэ кьару зыгъуэта суд унафэ цІыху 428-м яІыгъщ, ауэ абыхэм ящыщу зэкІэ псэупІэ зыхуахар цІыху 80-рщ. 2013 гъэм и Іэхэм ми Іуэхур кьащІэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Правительствэми я зэІущІэхэм, ауэ зэкІэ хэКІыпІэ гуэри яхуэубзыхуакъым. Сабий зеинщэхэр, адэ-анэм я жьауэм щІэмыту кьэна сабийхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным и мыхьэнэр егъэлеяуэ зэрыиным кьыхэкІыу республикэм зэрыщыІэм. Абы теухуа унафэхэр зэрагъэзащІэм дяпэкІи тКІийуэ кІэтыплъынущ.

Республикэм щыІэ гугъуехь нэхъ инхэм ящыщщ сабий садхэр зэрахуримыкъури. 2014 гъэм щІышыпІэм и 1-м ирихьэлІу я сабийхэр садым ягъэкІуэн папщІэ чэзыр кьащыІысынум унагъуэ 700-м нэблагъэ пэплъэу щытащ. Мыбдеж кьыщыгъэльэгъуапхъэщ сабий саду щыта унэхэм ящыщ куэд тегъэщІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ нэгъуэщІ мурадхэр зыгъэзащІэ Іуэхущ1апІэхэм зэрыратар, абыи кьыщымынэу, хабзэм зыкІи кьемызэгъуеу умей мылъку ящІыжахэр зэрыщыІэр. А псори кьэпльытэмэ, гукъеуэщ а мурадым трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу кьаІэрыхьэ ахъшэри кьызэрамыгъэсэбэпыфыр. Кьапщтэмэ, 2013 гъэм апхуэдэ ахъшэу сом мелуан 400-м щІигъуэм ираГъэгъэхащ.

Къэгъэльэгъуапхъэщ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьэкІэм теухуа тхьэусыхафэхэр нэхъ мащІэ хъуэрэз зэрекІуэкІыр. Апхуэдэу щыт пэтми, хабзэм кьыщхьэщыжныныр зи кьалэнхэм хабзэр хъумэным, жылагъуэ щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным, тезырхэр зытралъхьаным егъэпшынным пыща Іэхьэшгъэхэр щрагъэкІуэкІэ Іуэхуэхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудым теухуауэ Уполномоченнэм кьыІэрыхьэ тхьэусыхафэхэр мащІэкъым.

КьызэрыгуэкІ цІыхухэм я тхыгъэхэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ кьыхэощ терроризмэм, дин экстремизмэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр, апхуэдэу я бынхэм я кьэкІуэнхэр ахэр зэрытегузэвыхьыр. Республикэм исхэр апхуэдэу егъэгузавэ наркотикхэр зэзыхьэлІэжьыр, щІэпхъаджагъэ зылэжьхэр нэхъыбэ зэрыхъум, щІалэгъуалэм хабзэри нэмысри зэрафІэкІуэдым. Республикэм и щІалэгъуалэм зэкІэлъыкІуэу дэлажьэу зы Іэнатіи щІэкъым. Яныныкъуэ зэІущІэхэр, щІалэгъуалэ зэхьыхьэхэр, ауэ сытми, хабзэм щхьэкІэ кьызэрагъэпэщу аращ. ЩІалэгъуалэм я нэхъыбэм хабзэри законри кьызэрыгъэщІэн щхьэкІэм. Социологэм ирагъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэпэлъэныкІэ, щІалэгъэхэмрэ хьэщхьэбзэхэмрэ ящыщу законхэм, жылагъуэ мардэхэм тКІийуэ тетыну хьэзырыр процент 38-рщ. ЦІыхухэм я гукъыдэжыр нэхъри иреудых коррупцэм зэрызиубгъуам, кьулейхэм я мылъкур псынщІэу щыбгаГъуэ лъэхъэнэм кьулейсызхэр адэкІи мылъкуншэ зэрыхъум. ЦІыху куэдым кьызэралытэмкІэ, коррупцэм иджыпсту зыри пэлъэщынукъым, сыту жыпІэмэ, «ар езы властым и Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхуэ».

ПсэупІэ иІэнымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр кьыхуащІэнымкІэ цІыхум и хуитыныгъэр

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 40-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 43-нэ статьям кьыщыгъэльэгъуащ псэупІэ иІэнэр цІыхум, гражданиным и хуитыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Ар Урысейм и цІыхуэхэм я социальнэ-экономикэ хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, сыту жыпІэмэ, цІыхур псэун папщІэ зыщІэсын имыІэу хъунукъым. Зи гугъу тщІа статьяхэм кьагъэув: хуэмыщІахэм, псэупІэ хэуныкъуэхэм ящыщу законым кьыщыгъэльэгъуа адрей цІыху гупхэм ар къэрал, муниципальнэ, нэгъуэщІ псэупІэ фондхэм кьыхэкІыу законым игъэува мардэхэм тету пщІэншэу ират е езэгъэбгъуу иращэ.

(КІэлъыкІуэр 4-нэ нап.).

Ялп таблицэ

Муниципальнэ щІыналъэхэм зэреджэр	2007 гъэм	2008 гъэм	2009 гъэм	2010 гъэм	2011 гъэм	2012 гъэм	2013 гъэм
псори	154	301	330	349	358	430	398
Бахъсэн район	10	14	12	224	10	11	9
Лэскэн район	1	6	1	5	4	5	3
Май район	4	12	6	5	5	3	2
Прохладнэ район	7	8	5	3	5	12	19
Тэрч район	1	8	1	8	7	4	9
Аруан район	3	9	29	32	24	22	14
Дзэлыкъуэ район	11	6	5	2	5	5	7
Шэджэм район	21	27	13	20	21	40	49
Шэрдэж район	1	3	1	7	6	13	5
Іуащхьэмахуэ район	5	6	6	13	6	11	2
Налшык кьалэ округ	103	179	212	200	229	259	241
Прохладнэ кьалэ округ	5	15	6	8	7	12	13
Бахъсэн кьалэ округ	2	7	11	10	12	14	13

ЦІыхухэм я тхьэусыхафэхэм я бжыгъэмрэ ахэр зытеухуамрэ зэрызахъуэжьыр

Дэ дызэныкъэкъур властыкъэ къызгъэхъухэрщ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2013 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и доклад

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).

Уполномоченнэм къыIэрихъэ тхьэусыхафэ кудэ кьалэгъэльагъэ цыхухэм псэупIэ и лэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр дзгъэкIын и лэныкъуэкIэ республикэм зэкIэлъыкIуагъэ куэд зэрыщылIэр. Илъэс кIуам Уполномоченнэм тхыгъэкIэ зыкъыхэзыгъэзэхэм я нэхъыбэм зи гугъу ящIар цыхухэм социальнэ псэупIэ етыныгыр, унэ къхъахэмрэ ныкъэжьутэхэмрэ къыщIэгъэIэпэхъуныкIырщ, унэгъащIэхэм, къуажэдэсхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ субсидиехэр яхуэхъныщIу, апхуэдэу террорым пэщIэтыныжмкIэ республикэм щрагъэкIуэкI Іэхуэхэм хиубыдэу зэранагъэ зрата унэхэр зэгъэпэщыжыным текIуэдэнур ираты зрамыдэрщ, абий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмыту къэна сабийхэм, лыготэ зиIэ адрей цыхух гупхэм щыпсэун и зэманым зэрыхухамыхырщ.

2002 гъэ лъандэрэ республикэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр щокIуэкI цыхухэр псэупIэкIэ къызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ. КъБР-м щызэхахьэурэ кьыщащтащ социальнэ псэупIэ ухуэным, къащэхуным, фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжным, цыхухэр унэ ныкъуэкъутэхэмрэ общежитэхэмрэ къыщIэгъэIэпэхъуныным теухуа республикэ, муниципальнэ программэхэр. А псори кьызэщIеубыдэ «ПсэупIэ» республикэ программэ хэхам и ІэхуэкIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым. Программэр гъэзэщIа зэрымыхьэр Уполномоченнэм нэхъ апэкIи езым и докладэм къыщигъэлъэгъащ. Программэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэр зыбжанэрэ ягъэIэпхъуащ. Иджыпсту ди дежи щолажь «2012-2015 гъэхэм псэупIэхэр ухуэныр» республикэ программэ хэхам и Іэхуэкие» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым. Программэр гъэзэщIа зэрымыхьэр Уполномоченнэм нэхъ апэкIи езым и докладэм къыщигъэлъэгъащ. Программэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэр зыбжанэрэ ягъэIэпхъуащ. Иджыпсту ди дежи щолажь «2012-2015 гъэхэм псэупIэхэр ухуэныр» республикэ программэ хэхам и Іэхуэкие» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым.

2002 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн (социальнэ псэупIэ) кьратын папщIэ щыпсалъэ администрацэхэм зыщрагъэтхауэ учетым щытахэр унагъуэ мин 12-м щIигъуер. Абыхэм ящыщу унагъуэ мини 3-м щIигъуер я чэзыр кьыщысчынм илъэси 10-м щIигъуауэ пэплъэрт. Программэр зэрызэхальхьэрэ блэкIа илъэс 12-м кьыриубыдэу Іэхуэм зэрызихъуэжьыхуэ щыIэкъым. 2012 гъэми учетым щытхэм я бжыгъэр ягъэрейм кьызэрыкIэрыху щыIэкъым. Республикэм щыпсэуэхэм ящыщу унэгъащIэхэр, кьуажэдэсхэр, лыготэ зиIэ адрей цыхухэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ программэхэм ябгъэ иткIэ сертификатхэр, субсидиехэр зратхэр мащIэ дыдэщ. Официальнэу хуат бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъэмкIэ, иужьрей илъэси 10-м республикэм социальнэ псэупIэ щауэхэрщым, абы ахъшэ хухахыркъым, федеральнэ, щыналъэ, муниципальнэ бюджетхэм я ахъшэ я Іэхуэм трагъэкIуэдэн хуейуэ программэмэхэм кьыщыгъэлъэгъуа пэтми. ПсэупIэ хухахьн хуейуэ КъБР-м и Правительствэм ялэн щызыщIу куэ унафэхэр зыIыгъ цыхухэми унэхэр ирапхыркъым, федеральнэ законодательствэм абыхэм псом япэу унэхэр хухахьн хуейуэ кьигъэув пэтми. Апхуэдэ куэ унафэхэр иджыпсту щыIэщ сабий зеиншэу, кводз зиIэ цыхху гуп щхьэхуэхэм ящыщу 600-м щIигъум.

Цыхухэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ республикэм щыIэ щытыкIэр кьеГъэлъагъуэ Налшык щыпсэу унагъуэхэм ящыщ зым и щапхъэм. А унагъуэм я нэхъыжьым 2008 гъэ лъандэрэ Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм, кьалэ округым и администрацэм, кьэралгорэм зэмылIэужьыгъуэхэм тхыгъэкIэ захуегъаз балигъ мыхъуауэ сабиитху зэрыс унагъуэр илъэс 15-м щIигъуауэ Налшык и Гъунэм щыIэ хадэхэм ящыщ зым и тIэмакуэ унэм зэрыщыпсэум теухуауэ. Пэ кьэс апхуэдэ зи чэзу тхыгъэм жэуап щириткIэ, Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм кьегъэльагъуэ: «Зи чэзу тхьэусыхафэм дыхэплъауэ хьыбар удогъащIэ цыхуи 7 зэрыс уи унагъуэр (уэ, уи щхьэгъусэр, бынитху) социальнэ псэупIэ кьыватын папщIэ Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм и учетым 2005 гъэ лъандэрэ уэзрыщытымкIэ. Иджыпсту уэ уяпэ унагъуэ 3940-рэ итщ. Абыхэм япэ ирагъэщу фэтэр кьуатын папщIэ законым кьезэгъ щхьэусыгъуэхэр щыIэкъым. Уи Іэхуэм кьытрагъэзэжьынрэ хэплъэнущ муниципальнэ псэупIэхэр яухуэу щIадзэрэ уи чэзыри нэблагъэмэ». Мыбдеж кьыщыгъэльэгъуапхъэщ унагъуэм фэтэр кьратын папщIэ учётым щиIыгъ увыпIэм иужьрей илъэси 5 - 6-м кьриубыдэу зэрызимыхьуэжьыр. КъыIэрихъэ тхьэусыхафэхэр кьипщытэн папщIэ, Уполномоченнэм и аппаратым кьызэригъэпэщащ кьэпщытэныгъэм и кьызэригъэгъуэтыжьыгъэ, унагъуэ 800-м нэблагъэр Налшык кьалэм и щыIкIэ щыIэ дачэхэм ит гъэмахуэ зэф цыкIуэхэм, апхуэдэу административнэ зэ бгынэжьхэмрэ промышленностьи и Іэхуэщ Іэпэхэм я псэуалъэхэмрэ щIэсщ. А псори кьэпльытэмэ, социальнэ псэупIэхэр ящIу щIамыдзэж нэужьмэ дызытепсэлъыхь унагъуэм зи фэтэр кьылъысынкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ жэуапхэр гъэ кьэс яIэрохъэ республикэм и щIыхуу щэ бжыгъэхэм.

Тэмэму кьэплъытэ хъункъым цыхухэр унэ кхъахэхэмрэ унэ ныкъуэкъутэхэмрэ, общежитэхэм кьыщIэгъэIэпэхъуныжьмкIэ, фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжьныжьмкIэ программэр зэрагъэзащIэри. 2013 гъэм кьриубыдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатlэм щыIэ гугуехьхэм ятеуху тхьэусыхафэ мин зыбжанэ министерствэ, ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абыхэм ящыщу 317-рэ КъБР-м Энергетикэмкlэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм, 10-м щIигъу Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм яIэрыхьащ. Абыхэм кьыщIэт псэупIэхэр кхъахэ зэрыхъуэр, унэхэр тэмэму зэрамыгъэпльыр, псыкIэ кьызэрызэрамыгъэпэщыр, кьызэрыгуэкI тынышлIэхэр абыхэм зэпещымыIэр.

2009 гъэ лъандэрэ Уполномоченнэр Гъут Хьэмидбий и унагъуэм дэIэпыкъуну ужь ящI. А унагъуэ хагъэхьауэ щытащ агропромышленнэ комплексым зегъэужьынымкIэ лъэпкъ проект пэрытыр гъэзэщIэным теуху программэм ипкъ иткIэ, псэупIэ кьащэхун папщIэ субсидиехэр зратынкъым я спискэм, ауэ нобэм кьэс абы зыри кьрикIуакъым. А Іэхуэр Уполномоченнэм 2012 гъэм ищIауэ щыта докладым кьыщыгъэльэгъуащ. Ауэ яджырэ кьызтезгъэзэжьын хуей мэхъу, сыту жыпIэмэ, Гъут Хьэмидбий и щхьэгъусэм кьызэрихьэлIа, ар и закъуэу сабий быным ыкъахэщ, псэупIэ ямыIэу, кьрат пенсиэр мащIэ дыдэщ. Дэ дыкIуэри Гъутхэ я унагъуэм я псэукIэм депльащ икIи нэрыльагъу кьытщыхъуащ тхьэусыхафэр зэрымылъабжьэнщэр. Пэж дыдэу ахэр зыщIэс унэр икъукIэ зэкIэлъыкIуакIэщ, веблэмэ, кьызэтеуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Мыбдеж псоми ягу кьэгъэкIыжьын хуейуэ кьыщIэкIынщ Гъут Хьэмидбий Хьэмид и къуэр хэтми. Зегъэр ар республикэм и мыхьэкъуэу, абы щыIэкIи щыщIэрыIуэ механизатору щытащ, ГуащIэдэкI Бэракъ Пльыжь щIэрдей кьыкъагъэфэщащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ хахащ, СССР-м и Кьэрал саугъэтым и лауреатщ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, нэгъуэщI наградэ лъапIэхэр зыратащ. 2011 гъэм Гъут Хьэмидбий дунейм ехыжа нэужь, абы ипэкIэ унэ кьратын папщIэ учетым хагъэхьащ и шыпхъу лам и сабийуэ 3 зыпIэмк щхьэгъусэр.

Мы Іэхуэм теухуауэ цыхубзыр щыIпIэ куэдым щытхъэусыхащ, абыхэм япкъ иткIэ, ар зыхуэфащэ спискэм хатхэ, ауэ зыри кьрикIуэркъым.

Гъут Хьэмидбий лжьыгъэшхуэ зэрырихьэкIар икIи республикэм и пащхьэ фIыщIэ ин зэрыщIэр, и унагъуэр иджыпсту хуабжьу зэрыхухэмыщIар кьэтпльытэри, дэ республикэм и унафэщIэхэм 2012 гъэм захуэдгъэзауэ щытащ бынунэм зэрахуэзэфIэкIэ ядэIэпыкъуну. Ауэ а лъэIум хэпльэну зи пщэ ирапхьэ кьулыкъущIэхэм зыри зэрамылэжьам кьыщымынэу, уеблэмэ Уполномоченнэмрэ тхьэусыхафэр кьызыбгъэдэкI цыхубзыфэ жэуап ирагъэжакъым. УмыгъэщIэгъуэнIэр иIэкъым Бахьсэн муниципальнэ районым иджыпсту и Іэтащхьэм и Іуэху еплъыкIэри. Абы есым и щхьэкIэ Гъут Хьэмидбий ицIыхуу, а механизатор гъуэзэджэм и лэжьэкIэм щыгъуазэу щытащ, арщхьэкIэ абыи жэуап гуэр кьыпытхакъым. Мис а псоми кьызэкIыу Уполномоченнэм и мурадщ Гъут Хьэмидбий и унагъуэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным пыщIа Іэхуэр зэфIигъэкIыну. Иджыпсту зи гугъу тщIы унагъуэм псэупIэ и ІыэныкъуэкIэ иIэ хуитныгъэхэр кьызэпаудэ кьудейм кьыщынэркъым, абы кьегъэльагъэр нобэрей кьулыкъущIэхэм цыхугъэ гудзакъэ зэрахэмыIэтыр, ди республикэм и тхыдэр зэтезыгъэува цыхэ зэкIэлъыкIэхэр кьызэзрамыдзэр.

Уполномоченнэм и деж тхьэусыхафэ иригъэжьащ зи ужь гъэр щIэмыту 5 хъу цIыхубзым. Абы кьэтх: «Дэ Налшык кьалэм и Совет Іэрамым тет унэ №19-м и япэ фэтэрым 1996 гъэм щегъэжьауэ дыщыпсэуащ. Администрацэм сэ хъыбар егъэщIащ дыщыпсэун димыIэу уэрамым дыкьызэрыдэнам кьыхэкIыу а фэтэрыр щхьэзыфIэфIу зэрыдубыдамкIэ. А гъэ дыдэм дэ дыхатхат фэтэр зратын хуейхэм я спискэм. Мис абы щыгъуэ дубыда фэтэрыр илъэс зыбжанэкIэ нэщIу щытащ. Абыхэм цIыхухэр зыулейкэр щыIэхэр, ящIэнIыкIэ, веблэмэ псэупIэр зэрызэпыкъуIа блынкэр якъутэрэ чырбыщIу щIахьрт. А псоми кьалэ адміністрацэр щыгъуазэт. Дэ диахьшэкIэ фэтэрыр капитальнэу зэдгъэпщащащ псыр, хуабэр зэрекIуалIэ бжьамийкэр, щхьэгъубжьэр, бжэхэр, электроплапсэхэр зэтхъуэкIащ. Зэи щыIэуэ зытедмыгъахуэу коммунальнэ Іэхуэтхьэбзэхэм я уасэхэр ттащ, веблэмэ фэтэрыр нэщIу щыщыта илъэсхэм зэтрихьа щыхуэр дыпшыныжащ, сыту жыпIэмэ, апхуэдизэ илъэсым кьэрыбудэу кьалэ администрацэм фэтэрыр зыхуэят хуэзэу зекъэнымкIэ кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр имыгъэзащIэу кьекIуэкIащ.

Дэ ди быныр тIыжу аращ, фадафэу дыщытхьам е хабзэншагъэ зетхьэу уэрамым дыдэткьым, сабийхэр щыху пэжу, хьэлэлу зэрыдГъэснам яужь дитщ. ИтIани хьэм и пащэ дГуэтыжакъым. Администрацэм и тхьэусыхафэм ипкъ иткIэ, уэ унафэкIэ дэ фэтэрым дыкьыщIахуащ, нэгъуэщI псэупIэ димыIэ пэтми. Си щхьэгъусэри сэри дыщIалэжкъым, дыныкъуэдыкъуащ. Адэкlэ дызэзырыпсэуныр кьыгъэгупсысыркъым, фэтэр кьатщтэмэ, щIэттынахьшэ диIэкъым. Ди щIалэ нэхъыжьыр Ставрополь дэт медицинэ университетым щоджэри, абы дыдэIэпыкъун хуейщ.

Зэрыпхузэфlэкlкlэ укъыддэIэпыкъуну сынолъэIу, сыту жыпIэмэ, мы Іэхуэм ди гъащIэр ельытащ. Ди бынхэри уэрамым дэту къэхъун хуейуэ ара? Абы теухуауэ дэ Іэджэрэ кьалэ администрацэми езы Президентым деж тхыгъэкIэ ядгъэхьащ».

Мыпхуэдэ Іэхуэ куэдрэ кьызэрыкъуэмыкIыр кьэтлъытэри, дэ КъБР-м и прокуратурэм делъэIуащ куэ унафэм и заХуагъэр кьыпщытэу, абы кьемызэгъ хэлъмэ, якьутэжьын папщIэ Іэхуэ кьиIэтыну. Жэуапу мыпхуэдэ тхыгъэ кьыгIэрыхьэжащ:

«ПщIэ зыхэзгъэ Борис Мустэфа и кьуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэр хэплъащ унагъуэр Налшык кьалэм и Совет Іэрамым тет унэ №19-м и фэтэр №1-м кьышIэгъэIэпэхъуныным теухуауэ Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм кьиIэта граждан Іэхуэм ипкъ иткIэ судым кьыщта унафэм и захуагъэр кьэпщытэным и Іэхуэкlэ кьытIэрыхьа лъэIум.

Мы Іэхуэм теухуауэ 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Налшык кьалэ судым кьыщта икIи КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм граждан Іэхуэхэмкlэ и суд коллегиер 2013 гъэм мазаем я 28-м хэплъэжу зэрыщыту кьигъэжа унафэм кьегъэуэ Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм и лъэIур хуащIэну, абы псэупIэр зэрыхуейуэ кьигъэсэбэпын папщIэ щыIэзнэкьуэжьу фэтэрым щIэс унагъуэр кьыщIагъэIэпэхъуныкъым.

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм 2013 гъэм кьыщта унафэм ипкъ иткIэ, щыIэкъыбгэ зэрытхъусыхэкъам адэкIэ хэплъэн хуэмеIуэу кьыпытащ.

Хуабжьу зэрэгъэпэщыжьа я суд унафэхэр тэмэму икIи закон лъабжьэ яIэу КъБР-м и прокуратурэм кьызэрипльытамкIэ, абы кьыхэкIыну прокурорым Іэхуэ кьыщIиIэтын щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Мы псори зэпкърыхауэ хуэттхьжащ тхьэусыхафэкIэ зыкъытхуэзыгъэзам».

Дэ законым ебэкъуэну зыри зэрыхуимытыр нэгъэсауэ кьыдгуроIуэ, щхьэзыфIэфIу фэтэрыр зэраубыдари тфIэтэмэмкъым. Ауэ Налшык кьалэм и щыналъэ администрацэм илъэс 16-кIэ ищIар сыт, а Іэхуэр зэримыхуэу? Ар кьыбгурыIуэну гугъущ.

Унэ кхъахэу, кьызэтеуэнкIэ хъуну кьалъытэу нобэм ирихьэлIэу республикэм кьащыщхэтхыкIахэр метр зэбгъузэнатIэ мин 57-м щIегъу. Абы и щIыIужкIэ щыIэ хабзэхэм тету зэрыщIамыщIытыкIам кьыхэжIыну программэм хэмыкуэ унэхэри щыIэщ. Налшык кьалэ Ахъуэхъум и щIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэхэм ящыщу зым щыгъуэхэр мэтхъэусыхэ тыншыпIэу зыри зэрамыIэм кьыхэкIыу. 1934 гъэм ящIауэ щыта унэр ущыхьэну шынагъуэу зыкъ хъуащ, зэи Іэ зэремыусам кьыхэкIыу. Ауэ УФ-м и Правительствэм 2006 гъэм щIышылэм и 28-м кьищта унафэм кьызэригъэувын тету, ар ныкъуэкъутэу, цыхухэр кьыщIигъэIэпэхъуныгъуэ игъэкъабзыкIын хуейуэ кьалъытатыкъым. Унэм щыпсэуэхэр ягъэIэпэхъуэрыкIын, езы унэр зэрагъэпэщыжьыну ягу кьэкIыр. Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм зыхуэфащэ и комиссэм кIэщIу кьигъэльэгъащ: «Унэр жьы хъуащи, капитальнэу зэгъэпэщыжьын е реконструкцэ щыIын хуейщ».

Малэ Къэбэрдей уэрамым тет унэм щIэсхэр мэтхъэусыхэ я псэукIэр ныкъуэкъутэу кьалъытэн зэрамыдам кьыхэжIыну. Абы и пIэкIэ Налшык кьалэ округым кьыхэплъхьэри, цIыхухэм зыщIэс фэтэрхэр приватизацэ ярихьэщащ ижьи абы и ужькIэ ахэр псори кьыхигъэхьжащ зи псэупIэхэр егъэфIэкIуэн хуейуэ учетым щытхэм я спискэм. Унагъуэхэр зэрыхуэмыщIам кьыхэжIыну иджы абыхэм унэ кхъахэр яхузэгъэпэщыжьырхьэм, нэгъэщI псэупIи кьахуэщIахуркъым.

Апхуэдэ тхьэусыхафэхэр щыхьэт тохъуэ илъэс зыбжанэ япэкIэ псэупIэхэр щыщIапщытыкIым цIыху куэдым я Іэхуэ зытетыр нэсу кьызэрамылытар. НэгъэщI щапхъэ щыIэщ, цIыхубзыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэранкIэ зыщIэсыж ямылъэ Іэна унагъуэр учётым зэрыщымытым теухуауэ. Апхуэдэ зы унагъуэ щIэсщ Нартан кьуажэм и администрацэм и унэ бгынэжам. Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубзым и пхуитIыр и гъусэщ, абыхэми балигъ мыхъуа я сабийхэр ящIыгъуэу. Абыхэм, хуэмыщIауэ зэрыпсэуэм кьыхэжIыну, учетым увыну, медицинэ Іэхуэтхьэбзэхэр зыхуэрагъэщIну, социальнэ ахъшэ гуэр кьыIахьну, сабийхэр садым зэрыкIэуну е школым щIагъэтIысхьану Іэмал ягъуэтыркъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ цIыху дэхуэхахэм я бжыгъэм гъэ кьэс хохъуэ.

ПсэупIэм и Іэхуэм пыщIа нэгъэщI зы гугъуэхьи щыIэщ цIыхуэхэр зэпымыуэу щыпсэу щIыпIэм зэрыщатх щыкIэм и лъэныкъуэкIэ. 2014 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іэхуэхэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм кьыщта хабзэщIэхэм кьызэрыщыгъэльэгъуакIэ, цIыхуэ зэпымыуэ щыIпIэ пыухыкIам щыпсэуэхуэ я зэранкIэ кьыщIэхьэлъ щыпсэуэ ятхьи папщIэ абы езым и мыпкъу унэ зэрИзмкIэ кьэралым кьрата щыхьэт тхылъ е социальнэ псэупIэ зэрыщIэсым ипкъ иткIэ, зэгурыIуэныгъэ иIэн хуейщ. Иджы псэупIэм теухуа зыхуэфащэ документхэр имыIэмэ, унэр зи мылъкуу щытми и паспортыр зэрихъэкIыфынукъым, щыпсэу щыIпIэми зыщигъэтхьифынукъым. НэгъэщI щыпIэхэм Іэпхъуэхэм я Іуэхури апхуэдизэ. ПсэупIэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрылъагэм кьыкIэкIыу унэ зиIэхэм куэд яхэткIыми я благъэ дыдэжри езыхэм я деж щрагъэтхьину арэзы хъу, апхуэдэу щыщIкIэ, нэгъэщI щыпIэ кьиIэпхъуэкIа цIыхум зыщIыпIи зыщригъэтхьифынукъым. Республикэм щыIэ унэхэмрэ фэтэрхэмрэ, псом хуэмыдэу кьуажэхэм дэтхэм ящыщ куэдым яхуэгъэзауэ зыхуэфащэ документхэр ящIыжьи кьызэрыIамыхар кьэпльытэмэ, зи гугъу тщIы гугъуехьхэм зэман гъунэгъум кьриубыдэу хуабжьу заубгъунущ. Мыбы нэхъ кьилъхьэхэм я ящыщщ сабий зеиншэхэр, нэгъэщI кьэралхэм кьыIапхъуэ я ди лъэныкъуэкIэ. ДызэрелъытыкIэ, цIыхухэр властым и муниципальнэ органыр здэщыIэ щIыпIэм е езыхэр зэпымыуэ щыпсэуну зытрахуэ жьлагъуэм щытхьым федеральнэ Іэнатlэм унафэ щытращIыхьын хуейщ. Апхуэдэу цIыхухэр ятхьиу хуежьэмэ, муниципальнэ округым е жылагъуэм зэпымыуэу щыпсэуэхэм я учетыр нэхъ тэмэму зэтеувэнущ.

Ильэс кIуам республикэм и Суд Нэхъыщхьэм, Іэхуэ псомкIи юридикщэм хиубыдэ судхэм я судыщIэхэр, зэзыгъэкIуэ судыщIэхэр уголовнэ Іэхуэу 2133-м, граждан Іэхуэу 53748-м, административнэ Іэхуэу 45449-м хэплъащ. Абыхэм ящыщу уголовнэ Іэхуэу 55-м, граждан Іэхуэу 1184-м, административнэ Іэхуэу 1608-м заохэм щыгъэува пIалъэхэр икIауэ хэплъащ, апхуэдэу щыхъукIэ, езыхэм я тхьэусыхафэхэр я зэманым зэхагъэкIыныжьмкIэ цIыхухэм яIэ хуитныгъэхэр кьызэпаудащ. Суд унафэкIэ хей ящIа дэтхэнэ зы цIыхуми я хуитныгъэхэр кьызэпаудауэ, хабзэм кьемызэгъыну ягъэтIысу щагъэсауэ аращ. Апхуэдэ Іэхуэ куэдым ятеуху зыхуэфащэ информацэр Уполномоченнэм зыхуэфащэ органхэм яхуигъэхьащ.

Къэгъэльэгъуапхъэщ судым зи хуитныгъэхэр щызыхъумэж цIыхухэм я бжыгъэр кIэутэху нэхъыбэ зэрыхъур. Ар икIи гурыIуэгъуэт: суд унафэр, абы кьару игъэта нэужь, псоми ягъэзащIэну я кьалэнщ, абы кьыхэкIыу я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ яхъумэжьын папщIэ судым зыхуэзыгъэзахэм я дежкIэ ар нэхъ дэIэпыкъуэгъуфIщ. Республикэм и цIыхухэм ящыщу щыIэ еппланэм блэкIа илъэсым кьриубыдэу Іэхуэкlэ судым зыхуигъэзащ.

Уголовнэ, граждан, административнэ судыщIэ Іэнатlэм езыхэм я хуитныгъэхэр цIыхухэм щыщIапхагъэкI мы Іыэныкъуэ псори зэпэлъытауэ бгъэдыхьэн хуейщ властым и гъэзащIакIуэ Іэнатlэри, законхэр кьыдэзыгъэкI и Іэнатlэри. КьызэрытщыхьымкIэ, прокуратурэм кIэлъыплъныгъэмкIэ бгъэдэлъ полномочиехэр нэхъ апэкIэ ягъэмащIауэ зэрыщытам зэраныгъэ кьихьащ. Абы кьыгъэтIэсхъащ хабзэншагъэ зылэжьауэ шэч зыхуащIын и Іуэхур щызэхагъэкIкIэ, абы суд щытращIыхькIэ законым кьыгъэувэкIэ нэгъэсауэ зэрагъэзащIэм хуэгъэзауэ а органым ираГъэкIуэкI кIэлъыплъыныгъэр.

Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхур. Урысей Федерацэм и цIыхуэхэу политикэ щхьэусыгъуэкIэ залымыгъэ зыкIэлъыІэрахьахэм я хуитныгъэхэр

Ди республикэм и дежкIэ 2014 гъэм кьыхэщхьэхукIыныгъэ зыбжанэ иIэщ. А гъэм балъкъэр лъэпкъэ зэрырагъэкIри ильэс 70, Кавказ заузэр ихуэу адыгэхэм я нэхъыбапIэр Кавказым икIын хуей зэрыхъурэ ильэси 150-рэ ирокъу.

Политикэ щхьэусыгъуэкIэ залымыгъэ зыкIэлъыІэрахьащ республикэм щыщу цIыху мин 50-м щIигъуер. Абыхэм ящыщу мин 48-м щIигъу хей ящIыжащ. Минипщ зыбжанэм а щхьэусыгъуэмкIэ гуэзвэгъуэ куэд ягъэващ. Иджы абыхэм социальнэ льготэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэув. Зыхуэфащэ органхэм иджыри кьаIэрохьэ лажьэ ямылIу лей зэрыкIэлъыІэзэрахьар кьалъытэу хей ящIыжьну щIэлъэIуэм я тхьылъэр. Апхуэдэ унафэ кьащтэмэ, залымыгъэ зыкIэлъыІэзэрахьахэм яфIэкIуэда мыпхуэдизкIэ ехьэлIа Іуэхуэри дагъэкIын хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, федеральнэ органхэр хуэщIокъу «Политикэ залымыгъэр зыкIэлъыІэзэрахьахэм я Іуэхуэкlэ» законыр гъэзэщIэным текIуэдэнур субъектхэм я пщэ далъхьэну. Ауэ ряпхэ зэхущытыкIэхэр тепщэ щыхъуа икIи бюджет ахъшэр икъукIэ щыIэпэуэда мы лъэхъэнэм езы Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ Іуэхур пхудэгъэкIынукъым. Абы кьыхэкIыу республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэр, Урысей Федерацэм и Кьэрал Думэм и депутату КъБР-м щыхахаэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкI сенаторхэр зэпымыуэу елэжьын хуейщ ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа ахъшэр республикэм дотацэхэр щыхухахкIэ сатыр щхьэхуэу кьаутIыпщынын теухуа унафэ федеральнэ Іэнатlэм кьыщыдэгъэкIынм. Республикэм и лъэпкъхэм ящыщ зыр политикэ залымыгъэ зыкIэлъыІэзэрахьахэм зэрыхъэхъуэ икIи ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа законым кьыгъэувэкIм кьриубыдэр кьэплъытэмэ, ар захуагъэу икIи политикэ тэмэмагъ хэлъу жьыпIэ хуэнущ. Апхуэдэу экспертхэр кьууэ хэплъапхъэщ балъкъэр лъэпкъыр гъащIэм хэгъэзэгъэжьынмкIэ, абы зыкъиIэтыжьынымрэ зиужьынымрэ хуэгъэзауэ кьэрал дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ республикэ, федеральнэ программэхэм. Апхуэдэ эксперт лэжьыгъэм кьрикIуам, кьаутIыпщауэ щыта ахъшэр зыхуэдизымрэ ар зэрыщыгъэсэбэпамрэ цIыхухэр щыгъуазэ щIын хуейщ, абы и пIэныкъэкIэ цIыхубзыр кьызэщIэсэтхэр, езыхэм я щхьэ Іуэхуэкlэ пIэпкъыр кьызэгъэсэбэпыну хущIэкъуэгъэ кьыкъуэмыкIын папщIэ.

Апхуэдэу гу зылъытапхъэ гугъуехь нэхъыщхьэм ящыщщ и зэманым щалъхуа щIыналъэм кьэзэмыгъэзэжьафауэ щыта ди лъэпкъэгъуэр, иджы Урысей Федерацэм и щIыкIэ щыналъэр, ауэ кьэзэмыгъэзэжьну хуейуэ кьеIэзIэжьынщ. Ауэ ар кьызэрыгуэкI Іуэхуэкъым, республикэм ахъшэ зэримыIэр, гражданствэ зрагъэгъуэтыжьымкIэ ахэр гурыIуэгъуэ куэд зэрыхэтынур, езыхэм псэупIэ, щIы хухахьну, унагъуэу тIысыжьымкIэ зыщIагъэзэкъуэну зыри щэсыпIэу зэрымыкIыфынур кьэпльытэмэ.

90 гъэхэм я пэщIэдзэм кьызэрагъэпэщауэ щытащ Хэкум кьагъэзэжьын папщIэ кьэлъыІуэ ди лъэпкъэгъуэм я тхыгъэхэм хэплъэ комиссэ, ауэ а лъэхъэнэм республикэм ильа хьэлэбэлыкъэм я зэранкIэ Іуэхур кьызэтеувыIэжащ. Ауэ а Іэжьыгъэм кьытедмыгъэзэжу хъункъым. Ар сэ нэрылъагу кьыкIыщыхъуащ 2012 гъэм Кьыргызыстан щыщыщIам кьиIи ди лъэпкъэгъуэм сащыхуэзам. ЦIыхухэм кьагъэзэжьну зэрамурадми и щыхьэтщ абыхэм ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм лъэIу тхылъ кьызэрыхатхар.

2010 гъэм Кьыргызыз Республикэм кьиIэпхъуэжьыри Къабэрдей-Балъкъэрым щыIэпхъуэжьауэ щытащ лажьэншэу ирагъэкIа унагъуэхэм ящыщ зы. Абы исхэм хабзэ нэхъ кьызэрыгуэкIым текIуэ Урысей Федерацэм и гражданствэ ираташ. Ауэ унагъуэм я нэхъыжьыр-тIыр абы щыгъуэ Кьыргызыстан щыщыныр, кьызэрыгуэкI хабзэм тету гражданствэ иратынмкIэ хуитныгъэ ямыIэж хъуащ. КъБР-м кьызэрагъэзэжьрэ унагъуэм исхэр псэупIэншэщ, ахэр пыухыкIауэ адрес гуэрым щатхакъым икIи бдджэнду кьащтэ фэтэрым щопсэу. Абыхэм Кьыргызыстан щаIэ унэмрэ езыхэм зэхуахьэса кьызэпаудэ псэупIэ кьыщакIынкъым, абы кьыхэжIыну адэ-анэр тхуэгъэпыщат щыбым кьыщIнащ. ПсэупIэ хуэныкъуэхэм я учетым яГъэуву унагъуэр чэзум хагъэхьэркъым, КъБР-м и жылагъуэ пыухыкIам зэпымыуэу зэрыщыпсэуэн хуей ильэси 5 пIалъэр ирикъуркъыми. Унагъуэм балигъыу исхэр лэжьапIэншэщ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ гуэрэ яГъэтырыкъым. ИпэжьипIэкIэ жьпIэмэ, Урысейм щыщу зыри а унагъуэм хуэмыдэу араща.

(КIэлыкIуэр 5-нэ нап.).

Дэ дызэныкъуэкъур властыныгъэхэр къэзыгъэхъухэрщ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2013 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теухуа и доклад

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 3, 4-нэ нап.).

Нэгъуэщ1 зы щапхъи къэсхьынщ. Къзэахъстаным илъэс зыбжанэ ялэнкІэ къиІэпхъуКІыжащ зэгуэр политикэ щхьэуасыгъуэкІэ республикэм ирагъэкІуэу щыта, иужькІэ ял ящыІуа цыхум и унагъуэр. Абы и щхьэгъусэмрэ илъэс 39-рэ зи ныбжь и къуэмрэ КЪБР-м къагъэзэжа нэужь тхьилъ зэмылІэужьыгъуэхэр зэхуахьэсын хуей хъуащ ПалъэкІэ КЪБР-м щыпсэуну хуит ящ1ын папщІэ. Абы Пьандэрэ илъэсищым нэблагъэщ. Гражданствэ къратын папщІэ зыхуей документ псори абыхэм Іэпхъуэщапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм ираташ, ауэ Іуэхур дэкІыркъым. Урысей Федерацэм и гражданствэр зэрырамытам икІи езым ейуэ псэупІэ зэримыІэм къыхэкІыу унагъуэр я благъэхэм я дежи щатхэуэ йокІуэкІ. Езыхэр пенсионер щхьэкІэ, абыхэм ахъшэ къыщратыр Къзэахъстаныращ, унагъуэр хуэмышІэм КЪБР-м социальнэ дэлэпсыныгъэ лъэпкъ щигъуэтыр-къым, хузмышІауэ псэухэм я учётми ягъэувырыкъым, я тхьилъхэр зэрызэкІэлъымыкІуэм къыхэкІыу официальнэу лэжьэныр Іэмал ягъуэтырыкъым. Дэлэпкъуныгъэ къратыну, апхуэдэу экІ зэращІыжамкІэ документхэр ирагъэтхыну властым и щІыналъэ органхэм ельэу щхьэкІэ, гражданствэ зэрамыІэр тегъэщапІэ ящІри зыри къыхуащІэркъым.

Мис абыхэм хуэдэ гугъуехьхэм хахуа нэгъуэщ1 унагъуэ зыбжани республикэм щыІэщ, «ягъэува хабзэхэм тету» гражданствэ къыщратыным пэплъэу. Азэр Азие щыналъэм и мызакъуэу, Украинэм, Белоруссием, Прибалтикэм къыІэпхъуКІыжахэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэс зыбжанэкІэ документхэр зэрагъэпэщыну яужь ита, зи гугъэр хэзыхыжа икІи щыпсэуа хамэ щыпІэхэм зыгъэзэжа унагъуэхэри щыІэщ. Гу зылъытапхъэ Іуэхуу къыздопІуТ мы къыкІэпъыкІуэр. Ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ зыр 1991 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм щыпсэуащ совет къэралым и паспорткІэ. Ар кІэщІ-кІэщІуэр Къзэахъстаным и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кІуэрти мазэ 2 - 3-кІэ щылажьэрт, пІалъэкІэ абы зыщигъэтхыуэр. Нэхъ иужькІэ, Урысей Федерацэм и гражданствэ къыІиныхьфу илъэс зыбжанкІэ гугъу ирагъэхьа нэужь, зэпымыуэу щыпсэуну Къзэахъстаным Іэпхъуащ КЪБР-м ис и Іыхьлыхэр кьыгьанэри.

Иджыпсту Сирием, Украинэм щекІуэкІэхэр, нэхъ апэкІэ Къыргызыстэмрэ Узбекистанымрэ къыщыкъуащ щытхъэр щхьыт тохъуэ дызыхэпсэукІ зэманыр зэрыхьэзрийуэ зэрыщытым. Зэныкъэкъу гуэр къызэрыхъейуэ, псом япэу хилъафэр хамэ щІыналъэм къыщыхутахэрщ. Федеральнэ центрым иджыпсту игъуэта Іэмалхэр кьигъэсэбэпу ди хэкуэгъуэр зэрыщІэжыным нэхъ егугъун хуейуэ къызолытэ. А Іуэхум хиубыдэн хуейщ Къэкъыпі1э Гьунэгъум хьыхь къэралхэмрэ Тэрмэмрэ щыпсэу адыгэхэри, нобэм къэс Курыт Азием, Къзэахъстаным, къимыІэпхъуКІыжьифа къэрэщІейхэмрэ балъкъэрхэмри. КъызэрыслъытэмкІэ, и чэзу хуэщ щыхум и адажь щІыналъэм къыщигъэзэжьым деж зэман кІэщІым кІуриубыдэу гражданствэ зригъэгъуэтыжьымкІэ Іэмал къезыт зэхъуэжьІныгъэхэр федеральнэ законодательствэм халъхьэну.

Іэпхъуэщапхъуэхэм я Іуэхуэмкіэ къулыкъущІапІэм, Уполномоченнэм и аппаратым мы зэманым къыІэрохьэ зэлымыгъэкІэ ягъэІэпхъуауэ щыта мехсетие тыркуэм я тхьгъэхэр. А лъэпкъым щыщу мы зэманым ди республикэм щІыху мин 17 - 18 хуэдиз щопсэу. Политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэлымыгъэ зыкІэлъэзэрахьа икІи политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн ящІауэ щытауэ къалъытэ куэд абыхэм яхэтщ. Ди республикэ мыиным дежкІэ ар бжыгъэщхуэщ. Тыркуэрэ Аруан, Май, Прохладнэ районхэм хиубыдэ жьлагъуэхэм зэрыщІыгъуу щопсэу. Абы и нэхъыбэм я нэхъыбэм урысей гражданствэ яІэщ е къыІахыну яужь итщ. Ахэр хей щыкъныжьмрэ гъащІэм хэтъэзэгъэныжьмрэ япыщІа Іуэхуэкъэ нэсу зэрызэрІэпыкІам къыхэкІыу мехсетие тыркуэр псэуныжьІэ, лэжьэныжьІэ, унэ зэрагъэпэщыныжьІэ, сабийхэр ирагъэджэныжьІэ гугъу йохь. Дэ икъуэкІ фІыуэ къыдгуроІуэу я адажь щІыналъэр Мехсетием я гъэзэжьыну ахэр щІыхуэщхъуи и щхьэусыгъуэр. Ауэ Куржьим и Іэтащхьэхэм щІыхьи и хуитыныгъэхэу Дунейпсо, Европэ конвенцэхэм къыщІыгъэлъэгъуахэр зэкІи кІэрадзэркъым икІи мехсетие тыркуэхэр къэралым ирагъахьэжьыркъым.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ блэкІа лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм Къбэрдей-Балъкъэрым и парт, къэрал органхэм мехсетие тыркуэхэр дэ джек къэІэпхъуэну хуит ящІу ахэр псэуныжьІэ, лэжьэныжьІэ, я сабийхэр ирагъэджэныжьІэ Іэмалхэр кьыхуэзэрагъэпэща нэужь, Центрыр къагъэсэбэпу мехсетие тыркуэр зэхуэдизыр ихъуреягъкІэ щытащ. Іэмал щимыгъуэтыжьым ар судым щытхъэусыхащ. КЪБР-м и Шэджам районым судым и унафэкІэ ар политикэ зэлымыгъэ зыкІэлъэзэрахьэхэм ящыщ. Ауэ республикэм и официальнэ органхэм апхуэдэ унафэр къыредзэркъым икІи политикэ зэлымыгъэм и зэранкІэ фІэкІуэда уэзыншагъэм я мылъкумрэ я уасэр, апхуэдэу фІэкІуэда е фІатхъэжьуа мылъкум и уасэр хуапшыныжьым ядэркъым. Абы и лъэныкъуэкІэ властым тегъэщІапІэ щІ 1991 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыдагъэкІа Урысей Федерацэм и Закон №761-1-р, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм 1994 гъэм щыщхъуэм и 12-м къыдэкІа Указ №926-р. А фэдизыпІэ зэлымыгъэ ящІ, иткІэ, лей зытехьахэм хуапшыныжьир абыхэм Урысей Федерацэм и щІыналъэм щыфІатхъэкъуа мылъкущ. Ауэ тхьэусыхафэр къызыбгъэдэкІам Куржьим зыхуэфащэ и къэрал органхэм захуигъазэкІэ зыри къикІыныкъым, сыту жыпІэмэ, я Іуэхур зи гугъу тщІы къэралым къыщыщІэжьыр.

Апхуэдэу дыдэщ зи адэ-анэр Грузием ирагъэкІыу 1944 гъэм Узбек ССР-м и щІыщ Андижан областым ягъэІэпхъуауэ щыта Патифов Рустамжан щІыхьэ зи хуитыныгъэхэмкІэ Уполномоченнэм къыхуиІэхьа тхьэусыхафэр. 1989 гъэм къэхъуа зэрыхьэзрийм къыхэкІыу ар щтапІэ ихьжу Урысейм къэІэпхъуэн хуей хъуащ икІи КЪБР-м и Аруан районым щыщ Чернэ Речкэ къуажэм дэтІысхащ. Политикэ зэлымыгъэ зэрырахар къыльытэну КЪБР-м щыІэ МВД-м зэрызыхуигъэзам зыри къикІакъым. Зиреевымрэ Латифовымрэ яІыгъ документхэр щхьыт тохъуэ абыхэм я адэ-анэр Куржьим щыпсэуэ: зэрыкІэ ябы, лъэпкъкІэ мехсетие тыркуэм зэращІыщым. Ауэ мехсетие тыркуэм ящыщу Мехсетие щІыналъэм щыпсэууэ зэрыщытамкІэ щхьыт тхьилъ кьратыну лъэІуэ дэтхэнэ зыми Куржьим къикІыу къыІэрыхьэжьр зы жэуапщ: «...архивхэр щыІэжкъым». АтІэ архивхэр дэнэ щыкІуэдар, Куржьим и щІыналъэм зэуэ щыщыІакІэ?

Ди жагъуэ зэрыхъущи, нэгъуэщ1 хэкІыпІэ дымыгъуэту, дэ Латифовым, Зиреевым, абыхэм я лъэпкъэгъуэ чэнджещ ядот я хуитныгъэхэр яхъумэн папщІэ судым зыхуагъэзэну. НобэкІэ абыхэм я гугъуехьхэр дэгъэкІыным-кІэ нэгъуэщ1 Іэмал щыІэкъым.

Ауэ Урысей Федерацэм игъэІуэщ къутэжа СССР-м и хуитныгъэхэри ельэнэхэри къызэрищтэр. Апхуэдэу щыхъуэкІ, мехсетие тыркуэ Урысейм зэпымыуэу щыпсэуну къэкІуахэм иратамэ, ахэри я хуитныгъэкІэ Урысейм и адрей щІыхуэхэм къакІэрыхуэн хуейкъым. Абыхэми политикэ зэлымыгъэм и зэранкІэ яфІэкІуэда узэншагъэмрэ мылъкумрэ хуапшыныжьым хуейщ, а зэлымыгъэр къыщхьэ щІыпІэмрэ мылъкур щыфІатхъэкъуа щІыпІэмрэ емылъытауэ. Мыбдеж къыщыбгъэсэбэп хъунущ Урысейм и щІыналъэм ирагъэІэпхъуКІа икІи политикэ зэлымыгъэ зыкІэлъызэрахьа адрей лъэпкъхэм яфІэкІуэда узэншагъэмрэ мылъкумрэ я уасэр яхуэпшыныжьымкІэ къагъэсэбэпа хабзэхэр.

Цыхум псэунымкІэ, пщІэрэ щхьэхуитныгъэрэ иІэнымкІэ, и дуней тетыкІэм зыри къыхэмыІэбэнымкІэ хуитныгъэр

Иужьрей илъэсхэм Уполномоченнэм нэхъыбэрэ къыхуэтхьэусыхэу хуежьащ хабзэм кьемызэгъэныр Іэщэкіэ зызэщІэзыужьэда гупхэм хэтхэм я Іыхьлыхэр. Абыхэм я тхьэусыхафэхэр зытехуэар хабзэм къемыкІэзгъэныр зэрарбыдыщ, лей къаэрыкІэлъыэзэрахьэщ, хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм дин Іуэхуэкіэ зэхэзехуэн зэращІыщ. Цыхум и хуитныгъэхэм-кІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэ Лукин Владимир Пётр и къэм къызэриІутхэмкІэ (абы и Іуэху еплъыкІэр къэралым цІыхум и хуитныгъэхэм щащыщыхьащыжхэм дАІыгъщ), «...Іэщэ яІыгъыу властым пэщІэзыва цІыхухэр, нэгъуэщ1 хэкІыпІэ щымыІэмэ, яукІын хуейщ. Ауэ апхуэдэ дэтхэнэ зы къэхъуэкъащІэри икъыкІэ кууэ зэпкърыхьэпхъэщ, сыту жыІэпмэ, зэрымыщІыкІэ а щІыпІэм къыщыхуэта цІыху лажьэншэхэр, нэхъ шынагъуэжьир аращи, хабзэм зыми темыкІа цІыху лажьэншэхэр «боевик» фІащу яукІынкІэ хъунущ. Абы къыхэкІыу апхуэдэхэм деж къэпщІэтэныгъэр тэмэгу, нэфІ-ней хэмылъу ирагъэкІуэкІыпхъэщ».

Дэ апхуэдэу къыпІэрохьэ къаурзэхъэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм яхуэгъэза тхьэусыхафэхэри. Абыхэм цІыхур щауфыщи абы и Іуэхур щІэзыгъэкІым хэта хабзэхэуэмэхэм я унэцІэхэр, апхуэдэу хабзэр къызэпиудауэ щэч хуащІу яубыдам щыІэныгъэм и щІыналъэм къыщыхуэгъэкІыжьыным ящІэ. Дэ къыдгуроІуэ законыр къызэпызыудахэм жэуап ямыхьын папщІэ хабзэхъуэмэ лэжьакІуэхэр ягъэуІуэнну къызыкІэрыхьэжьм деж зэрыхэтыр. Апхуэдэу щыт пэтми, уполномоченнэм къельытэ зи гугъу ещІы тхьэусыхафэхэр зэхъкІыбгъэ щапхъэхэр щыІэкъым, ауэ прокуратурэм щІыху псомкІ «... тхьэусыхафэм къыщыгъэльэгъуа Іуэхуэр щІэзыгъэбыдэ щапхъэхэр щыІэкъым, прокуратурэр Іуэхум хэлъэн хуейуэ къэтлъытагъэхэм» жиІэу жэуап зэраритыжьам ухимыгъэгупсыжу къанэркъым.

Хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр законым къыгъэзэжьам ебакъуэ зэрымыхъунум зэпымыуэу дызэрытепсэлъэхьым къыхэкІыу дэ зигу дримрыхьэри щІыІэу къыщІэкІынщ. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьэмрэ гужьгъэжьхэмрэ къыкъуэмыкІми, абыхэм властым и лІыкІуэу зэрыщытыр икІи законым тКІийуэ тетынкІ властым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрарыщыщыр абыхэм зэщІэгъэгъуэщэ хъунукъым, арышамэ, властым и лІыкІуэхэм щІэрэ дзыхьэрэ яІэжьмкІэ.

Уполномоченнэм и аппаратым апхуэдэу къагъэхь террорым пэщІэтынмкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьІуэ щІыпІэхэм зэрымыщІэкІэ къыщыхута цІыхухэм ирата хэщІыныгъэхэр и зэманым къиубыдэу икІи нэсу зэрыхуамышІыныжьым теуха тхьэусыхафэхэр. Дэ къыхэзгъэтІылъэныгъэхэм я пэжыпІэр зэпымыуэ я къинпщІатпхъэу икІи щыпсэуа щІыпІэм зэрыщыщІэкІэ къыщыхута цІыхухэм ирата хэщІыныгъэхэр и зэманым къиубыдэу икІи нэсу зэрыхуамышІыныжьым теуха тхьэусыхафэхэр. Дэ къыхэзгъэтІылъэныгъэхэм я пэжыпІэр зэпымыуэ я къинпщІатпхъэу щІэзыгъэбыдэ щапхъэхэр щыІэкъым, ауэ щІэзыгъэкІыр щІыпІэ щІыпІэ зэрыщыщІэкІэ къыщыхуэгъэкІыжьыным ящІэ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, зэкІэ зэхъуэкІныгъэ гугър щылъэ тлъагурыкъым. «Терроризмэм и зэранкІэ къхъуэа хэщІныгъэхэр боевикым и Іыхьлыхэм къадэкІуэу абы нэхъ пагъунэгъу дыдэу, нэхъыфІу илъагъу щІыт цІыхухэм япшынжьым хуейуэ» властым къыхилъхьэхэр дэри дыдоІыт», ауэ абы екъолІауэ дегъэлпІейтей террорым пэщІэтынмкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьІуэ щІыпІэм зэрымыщІэкІэ къыщыхута икІи узэншагъэрэ мылъкурэ зыфІэкІуэда цІыхум ахъшэ зэрыратыжьым ар зэран хуэхъункІэ зэрыхъунум.

Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэр тыншкъым. Дин экстремизт щІэпхъаджащІэ гупхэм хэтхэм Іащэр ягъэтІылъыркъым, дин идеологие егъэлеяр зэрыпхагъэкІыным хэтщ. Республикэм щыІэ зэгурыІуэныгъэр хъарзынэзэныным хущІэкъу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри кьызэщІэроуэ. А псомкІ къадэкІуэу властымрэ управленэмрэ я органхэм коррупцэмрэ щхьэхуещагъэмрэ гъэкІуэда щыхьагъуэм.

«Властым и органхэм я къалэн нэхъыщхьэщ, - жиІащ Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Кіуэкіуэ Ю. А., - терроризм и идеологием щІалэгъуалэр емыгъэзыжьыну. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд епльагащ цІыхур щыпсэжьмэрэ абы и унагъуэмрэ. Апхуэдэу школхэм, Іэщіагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щІэсхэм гулытэ хэха яхуэщІыпхъэщ. Муниципалитет псоми радикализмэмрэ экстремизмэмрэ пхымыгъэкІыным хэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьапхъэщ».

А къалэнхэр тэмэму гъэзэщІэныжькІэ сэрэзгъэхуэн профилактикэ, гъэсэныгъэ Іуэху пыхьыжьхэр зэрІэгъэкІыпхъэщ. Къыпщтэмэ, зэпымыуэ хэгъэхъуэн хуейщ щалэгъуалэм ядэлажьэ Іэщіагъэлізхэм я зэфІэкІымрэ жэуаплныгъэмрэ. Зэкіэ республикэм щекІуэкІ апхуэдэ лэжьыгъэм купщІэхуэ хэлъу плъагурыкъым. ЩІэх-щІэхьыуэ кьызэрагъэпэщ зэхьыбхэзэр, нэгъуэщ1 утыку Іуэхуэхэр щалэгъуалэм яфаІэуэхущІэкъым, уеблэмэ абыхэм мыхьымыщІагъэ щыхальагъуэ щыІэщ. Социолог Іэкіуэтьакіуэ Щоджэн Замир къызэриІутэмкІэ, щалэгъуалэм, псом хуэмдэмкІэ щыпсэуэм, зыІуахуэ епсэлъэным зыри егугъуркъым, абы къыхэкІыу кьуажэдэс щалэгъуалэм я зэхэщІыкІри лъахъшэ мэхъу икІи апхуэдэхэр хабзэм къемызэгъ Іуэхуэм тыншу пкутегъэгушхуэнчуэ.

Абы къыхэкІыу республикэм щекІуэкІ зэхъуэкІныгъэхэр джыным хуэгъэза къэхутэныгъэхэм зегъэужьгъупхъэщ. Социальнэ зэпыщІэныгъэхэр зыхуэдэр тэмэму зэпкърыхь хъумэ, жылагъуэ политикэ щытыкІэр зыхуэхэпхъэ хэхъ тэмэмэу къыпхуэтІэнущ, абы къыхэкІыу властым и органхэмрэ адрей Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІэр зэхъуэжьІныгъэхэм хуэунэтІа чэнджещ тэмэмкэ зэхэпІухьэфынущ.

А мурадхэр ГъэзэщІа хуэн папщІэ социологхэм къыхалъхьэ республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ щытыкІэр зыхуэдэм щІэх-щІэхьыуэр (илъэсым тІэу) кІэлъыплъну, апхуэдэу екІуэкІ зэманым къэув Іуэху нэхъыщхьэхэр зэпкърахьну. Абыхэм къадэкІуэу къыхалъхьэ псэІэпІэ, районым адыгэмрэ адыгэм ящІэ статистикэр зэпкърыхьныр и лъабжьэу КЪБР-м и муниципальнэ округэмрэ жылагъуэхэмрэ я социальнэ паспортхэр зэхалъхьэну. Абыхэм Іэмал кьатынущ дэтхэнэ щІыпІэмкІ щІэщытыкІэр тэмэму зэпызыныкъуэкІэ икІи щІыхуэхэм щынагъуэ кьатемыгъэхьэныем пыщІа Іуэхуэхэр дэгъэкІыныжьмкІэ.

Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм ягъэтІысахэр щаІыгъ и Іуэхущапэхэм цІыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къыщыщІэзрагъэпэщыр

Суд унафэкІэ ягъэтІысахэмрэ хабзэншагъэ ялэжьауэ щэч зыхуэщІыкІэрэ щІыпІэ щІыпІэхэм абыхэм я хуитныгъэхэр къыщыщІэзрагъэпэщым кІэлъыплъныр Уполномоченнэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дэ къытхуагъэхь тхьгъэхэм, тхьэусыхафэхэм я нэхъыбэм ахъшэ къызыбгъэдэкІахэр тщІыгъуу дыхоплъэ. Хуей хъумэ, тхьэусыхафэхэр прокуратурэм, следствиемкІэ органхэм, нэгъуэщ1 Іуэхущапэхэм идогъэжь икІи зыхуэфащэ унафэ тращІыхьыну йолъэІу.

Отчёт пльэхьанэм и Уполномоченнэм и аппаратым гулытэшхуэ хуищІауэ щытаІуэ тезырхэр щрагъэпэщынкІэ законым зэрытетым кІэлъыплъныным икІи абы ипэжыпІэкІэ зэхъуэкІныгъэ хъарзынэхэр кьрикІуауэ ямыпІэ хъунущ.

2013 гъэм къриубыдэу Уполномоченнэр, абы и аппаратым и лэжьакІуэхэр тезырхэр щрагъэпшын колониехэмрэ щІэпхъаджагъэ ялэжьауэ щэч зыхуащІэм я Іуэхур зэхагъэкІыху щІыпІэ щІыпІэ щІэпхъаджагъэ зыльэжьагъэ Іуэхуэ щІыпІэ щІэпхъаджагъэ ПІалъэкІэ щаІыгъ Іуэхущапіэу МВД-м и Іэнатіэм хиубыдэмрэ куэдрэ щыІащ. Абыхэм дыщыкІуэм дэ гъуэз тщІащ КЪБР-м и Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хэтхэр, КЪБР-м и Муслъымэнхэм я Іуэхущапіэм, православнэ члисэм я лІыкІуэхэр, Тезырхэр егъэпшынныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр. ЛъэныкъуитІым зэтщІыпІа зэгурыІуэныгъэм тету дэ Іуэхум и щыткІэр щІэх-щІэхьыуэр кьыдопщытэ икІи абы кьрикІуахэм УФСИН-м и коллегиемрэ Уполномоченнэм и деж щыІэ Іэнатіэхэр сокъмыкІэ хэтхэр щыгъуэзэ дощІ. Къэпщытэныгъэхэм я къызэрагъэпэлъагъуэмкІэ, суд унафэкІэ ягъэтІысахэмрэ хабзэншагъэ ялэжьауэ зэхуэщІу зи Іуэхуэхэр зэхагъэкІэжмрэ щыпсэу пэшхэр нэрылъагъуу нэхъ зэІузэпэщ хъуад, абыхэм щаІыгъ цІыхухэр тэмэму ягъашхэ, зыхуеину щыгъынхэр, тепІэнщІэлъынкІ, адрей хъэпшынхэр и зэманым ират.

«Уголовно-гъэзэщІакІуэ системэм зегъэужьныр (2007 - 2016 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу Налшык дэт Следственнэ изоляторым и пІуныгъэ щыІэ. Ар Следственнэ изоляторым и щІыналъэм щыпсэу пэшхэр нэрылъагъуу нэхъ зэІузэпэщ хъуад, абыхэм щаІыгъ цІыхухэр тэмэму ягъашхэ, зыхуеину щыгъынхэр, тепІэнщІэлъынкІ, адрей хъэпшынхэр и зэманым ират.

«Уголовно-гъэзэщІакІуэ системэм зегъэужьныр (2007 - 2016 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу Налшык дэт Следственнэ изоляторым и пІуныгъэ щыІэ. Ар Следственнэ изоляторым и щІыналъэм щыпсэу пэшхэр нэрылъагъуу нэхъ зэІузэпэщ хъуад, абыхэм щаІыгъ цІыхухэр тэмэму ягъашхэ, зыхуеину щыгъынхэр, тепІэнщІэлъынкІ, адрей хъэпшынхэр и зэманым ират.

Іуэхущапэхэм я Іуэхуэмкіэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэ УФСИН-м и Іуэхущапіэхэм щаІыгъхэм кьабгъэдэкІыу тхьэусыхафэр 124-рэ къыІэрыхьащ. Суд унафэкІэ ягъэтІысахэм кьабгъэдэкІыу тхьэусыхафэхэм я нэхъыбэр зыгъэпэщ Іуэхущапіэхэм я администрацэхэм я лэжьакІэм арэзы къызэримыцІыркъым, абыхэм къагъэсэбэп дисциплинарнэ тезырхэрщ, суд унафэмкІэ зэрыщарэзырщ, следствиемрэ прокуратурэмрэ Іуэхур зэрызэхэгъэкІа щыкІэрщ, апхуэдэу тезырыр зэрырахьэкІын хуей хабзэхэм щыгъуазэ зэрамыщІырщ. Апхуэдэу ягъэтІысахэм ящыщ куэд щІоІэлъу юридическэ дэлэпсыныгъэ ираты.

Къапщтэмэ, 2013 гъэм и накьыгъэ мазэм Цыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и къыдэхьащ ягъэтІыса Іыхьэхэм ящыщ зым (СИЗО-1) кьыбгъэдэкІ тхыгъэ. Абы зэриткІэ, цІыхубзыр сымаджэти, махуэ хъэс инсулин кьигъэсэбэпын хуейт, ауэ хуэфащэм медицинэ дэлэпсыныгъэ зэримыгъуэтым кьыхэкІыу абы и узэншагъэр нэхъри зэІыхьащ. Апхуэдэ тхьэусыхафэр зэхигъэкІын папщІэ Уполномоченнэм и лІыкІуэр СИЗО-м кІуэри, а Іуэхущапіэм и унафэщІхэм, докутырэм захуигъэзащ. Абы ирикъуІ Іуэхущапіэм и медицинэ лэжьакІуэхэм щыхубыдэ щІэрэ щІыпІэ щІыпІэ щІагъуэу ящІ ар зыхуеину Іуэхур зэрыщытыр. Урысей Федерацэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ системэм и Концепцэу иджыблагъэ къащтам кьызэригъэувын тету, КЪБР-м щыІэ ИК-3-м ягъакІуэ ялэжьакІуэхэм я Іыхьлыхэм исауэ щытахэр, ИК-1-м щыІэ щхьэхуэ суд зытращІыхьахэр. ИК-4 щыхьэ колоние закъуэм щІыгъщ бзыльхъугъэхэм ящыщу ягъэ зрагъэІэпхъуауэ щыІэ щытыкІэр гъуэ гупхэм хиумыбыдэ нэгъуэщ1 щІыхуэр а колониехэм ягъэкІуэну законым хуит ищІыркъым.

А Іуэху псори дэ Урысейм Тезырхэр егъэпшынныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІхэм я пащхьэ къыщыпІэтащ, ауэ зэкІэ жэуап пыухыкІа щІэжьым, къэдгъэльэгъуа гуэркъыхэр зэхъуэкІ щхьэкІэ дэлэпсыныгъэ ялэжьауэ щэч зыхуэщІ зыгъэрІэ еущиену Іэмал ягъуэтырыкъым. Урысей Федерацэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ системэм и Концепцэу иджыблагъэ къащтам кьызэригъэувын тету, КЪБР-м щыІэ ИК-3-м ягъакІуэ ялэжьакІуэхэм я къуажэ зыхуэхьэсыжьхэм щІэсхэм

Дэ дызэныкъуэкъур властрыхьым, атIэ абы и къулыкъущIэхэу хабзэншагъэхэр къэзыгъэхъухэрщ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2013 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и доклад

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3 - 5-нэ нап.).

Цыхухэм я экономикэ зэфIэкIымрэ узынщагъэмрэ зыхуэдэр кушапщытэм нахь я хьэрыхьуамкIэ, ику иту цыхубзхэм кьаIэрыхьэ хэхъуэр и Iыхьэ щанэкIэ нэхь мащIэщ цыхуэхуэм кьаIэрыхьэм нэхъыр. Цыхуэхуэхмрэ цыхубзхэмрэ нэрылъагъуу щыIэхэгъэжащ лэжьыгъэмкIэ законодательствэми, бын зиIэ анэжэм, ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зарагъат хабзэмэ. Цыхубзхэм залымыгъэ щыкIэлъыIэзрахьэ унагъуэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыпстуи адрей щIыналъхэм фIыуэ къаклэроху унафэщI Iэнатlэкэр зыIыгъ цыхубзхэм я бжыгъэмкIэ. Кьапщтэмэ, муниципальнэ щIыналъхэм я администрацIэхэм я Iэтащхьэхэм зы цыхубзи яхэткъым. КЪР-м и Парламентым и депутат 72-м щыщу цыхубзкIэ зэрыхьур 9-щ. Республикэм и Iэтащхьэм и Iэнатlэм я гъэуэрыпапщIэ зэи зы цыхубзым и кандидатури кьыхалъхьакьым. Кавказ Ищхьэрэм и субъектхэм сенатору я гъэкIуэхэмрэ Къэрал Думэм и депутату хахахэмри цыхубз яхэткъым, демократием и гъэзэум теува Урысейм зэкIэ къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20-м щIигъуа пэтми. ИлэжьинтlэкIэ къапщтэмэ, цыхубзхэмрэ цыхухъухэмрэ я хуитныгъэкIэ зэрызэхуэдэр КЪР-м и Конституцэм щыщIагъэбыда пэтми, апхуэдэ зэхуэдэныгъэр зэкIэ хъуэпсапIэ къудейщ. ЦIэныгъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, езыхэм я зэфIэкIхэр цыхухъуэхэм къызэрагъэсэбэпым хуэдэу нэгъэсаоу къагъэсэбэпырыну цыхубз куэдым я фIэщ хъуркъым. Апхуэдэ щытыкIэм жылагъуэ гъащIэм и Iэнатlэ куэдым ущрохьэлIэ, абы кьыхэкIыу а къэхъуакIэм «цыхубзхэм екъэлIа зэхэгъэжыныгъэкIэ» йоджэ.

Цыхубзхэм я конституцэ хуитныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ Уполномоченнэм иригъэкIуэкI лажьэныгъэм зэрыхуэзфIэкIкIэ щIэгъэкъуэн къыщыщI бгырыхсэм цыхубзхэм яхуэгъэзауэ кьадекIуэкIыу щыта хабзэ хьэлэмэтхэр. ГъэщIэгъуэныр аркъэ – унафэ кьыщащта зэхьихь зэмылIэужьыгъуэхэм, адыгэхэм «хасэ», балъкъэрхэмрэ къэрэшей-хэмрэ «тере» яжьыаIэу щыта бгырыс парламентхэм утыку щIидувэну хуимыт пэтми, цыхубзхэм куэдкIэ елыытащ унагъуэм, лъэпкъым я унафэр. Иджыпсту псоми кьаззэрыщыхьэм хуэдэу бгырыс цыхубзхэр дэгуу, баагуэу, хуитныгъэ лъэпкъ ямыIэу щытакъым, ипэжьIапIэкIэ кьапщтэмэ, бгырыхсэм пщIэшхуэ хуащIыр анэм, цыхьэгъуэсм, шыпхъуэм. Ахэр зыгъэпудым зэи хьыхуагъэгъунутэкъым. Апхуэдэу бын куэд зэрыс унагъуэм икъукIэ пщIэшхуэ хуащIыр икIи сабий куэд зыIпI анэм зыхэс лъэпкъым лъапIэныгъэ щIиIэт. Нэхъыжьэм фIыуэ ящIэрт мединицинэ дэIэпыкъуныгъэ, дохутырэр здэщымыIэ, зауэ-банэм хэмыкI, лъыщIэж ззауэхэр щIэтемыдувыIэ Кавказым ис лъэпкъхэр хэмыкIуэдэжьын папщIэ бын кьащIэхъуэн зэрыхуейр.

Рынокым и гуэзвэгъуэ, гугъуэхь псори нэхъыбэу зыжьэхэуар цыхубзыщрэ. Хэти зэрищIэщи, тхьэмыщкIагъэр сытым дежи нэхъ зыхуэлэр жьэгупащхьэщ, унагъэщ, икIи ахэр зэтеэзыIыгъэ, сабийжэ зыхуей хуэзыIагъэ икIи зыгъаесэ цыхубзым и дежкIэ кьулейсызыгъэр куэдкIэ нэхъ хьэлэщ, ар цыхухъым зэрызыхущIэн нэхърэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я Iуэху зыIутыр кьызэрапщытам кьыгъэлъэгуащ зи Iуэхур нэхъ хуэмыщIагъэр сабий куэдэ зэрыс унагъуэхэмрэ щхьэгъуэсэ зимыIэж цыхубзхэм я унагъуэхэмрэщ. Рынокыр зи лъабжьэ экономикэм щыхуэкIуэм цыхубзхэм гугъуэхьыхуэ къажьэхуэщ лэжьапIэ увыным, апхуэдэу лэжьапIэ Iутхэмэ я Iуэхур дэгъэкIыным я узынщагъэр хъумэнымрэ я лъэныкъуэкIэ. Пэжьапlэншэхэр зэрыкуэдым кьыхэхьIу цыхубзхэм Iэнатlэ пыухыкIа кьыщыхьахIэ хэлпыкъым Iэмал ягъэтыркъым, лэжьапIэ зытхэм я нэхъыбапIэмэ лэжьыгъэмкIэ законодательствэр кьрадзэркьым.

Цыхубзхэр икъукIэ гугъуэхьышхуэ зэрыхэхуар къазэгурыIуэм кьыхэжьIу къэралым и унафэщIэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкIащ кьыкъуэкIа гузэвэгъуэхэр цыхубзхэм ящхьэщыIэтыкIыным, абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ. А Iуэхухэр псом ялъэу хуэгъэзащ цыхубзхэм я кьащхьэщыжьыкIэ кьэрал органхэм я пщэ кьыдэхуэхэр нэгъэсаоу гъэзэщIыным, лэжьэныкIэ, псэунымкIэ, сабийжэ гъэсэныкIэ абыхэм защIэгъэкъуэным, я конституцэ хуитныгъэхэр хъумэным.

Цыхубзхэм я хуитныгъэхэр хъума хъун папщIэ пIалъэкIэ кьэдгъэсэбэп хъунущ совет лъэхъэнэм щыIа лэжьэкIэр. Абы щыгъуэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я депутатхэм я кандидатхэм я спискэхэр кьыщыхальхьэкIэ, къэрал, муниципальнэ органхэм я къулыкущIэхэр щагъэувыIэ, цыхубзхэм ящыщу хэтын хуей бжыгъэр яубзыхуэ?

ИкIэщIынкIэ зэхэлъхьэн хуейщ хозяйствэр зезыхьэ суб-ъект псоми я унафэщIэхэр лэжьыгъэр тэмэму кьыззэгъэпэщынмкIэ, цыхубзхэм яIэ узынщагъэр зыщымыкIэ, абыхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэкэр яхуэщIэнымкIэ хабзэкэр зэрагъэзащIэр кьыззэрапщытэ Iуэху пыухыкIакэр. Апхуэдэу лэжьапIэ Iэнатlэкэм я аттестацэ щрагъэкIуэкIэ, Iэнатlэкэм я социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэм и планхэр щызэхалъхьэкIэ кьалъытапхъэщ унагъуэ зиIэ цыхубзхэр, абыхэм ящыщу сыхьэт бжыгъэ пыухыкIакIэ, махуэ псом епхуэу щымытын хуэдэу, ягъэлажьэн, цыхубзхэм я Iэщ-лагъэм хагъэхъуэнымкIэ ядэIепыкъуэн зэрыхуейр.

Сабэп хъунт унагъуэм, анэм, сабийм защIэгъэкъуэнымкIэ законкэр, республикэ программэхэр зэрагъэзащIэр, а лабзэкэр пхыгъэкIыным мылъку, кьызэгъэпэщынигъэ и лъэныкъуэкIэ зэрыдадгъэпэщ щIапIэтыкIыным. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъэшхуэ хуьфынут цыхубз кьыбгъарегъащI Iуэхущ-щIапIэхэр, кьэпщытакIэ органхэр, нэгъэщIэхэр. Кьытедгъэзэжу кьызэдгъэпэщыж хъунут сабийр кьыщалхъуам деж ахъшэ кассэм хухалъхьэу зэрыщытар, апхуэдэу сабийр илъэсиц хъуэу зыIпI анэм е адэм нэхъ мащIэ дыдэу ят мазэ улахуэм хуэдэу щы зэрыхуэгъэувыр. Мис абы нэхъ тригъэгушхуэну кьыщIэкIынт унагъуэхэм бын нэхъыбэ яIэным.

Къэрал органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ органхэм, цыхухэм я хуитныгъэхэм кьыщыхьыжьэр, граждан жылагъуэ Iуэхущ-лIапIэхэм я кьалэнщ цыхубзхэм я хуитныгъэхэр яхъумэну, абыхэм жылагъуэм щалэ пщIэр ягъэбдедэну, цыхубзхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ щыIэ пщIэр зэзэщIэнэр и лъабжьэу. Урысей Федерацэм и субъект-хэм кьыщызэрагъэпэщ хуитныгъэ инхэр зиIэ жылагъуэ экологие кIэлъыплъкIэ Iэнатlэхэр.

Цыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КЪР-м щыIэм и кьалэнхэм хохьэ цыхухэм экологие и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитныгъэхэр гъэзэщIэныр кьызэрэпщынымкIэ. А Iуэхур залымыгъэкIэ зэрэпхыдгъэкIын Iэмалхэр дипмыIэми, дыкъзэзыхуэреихь дунейм зэран хуэхъуэхэм ебэныным хуэгъэзауэ дэ жжагъуэр кьызэщIэдгъэуIуэфынущ, щIыуэпсыр хъумэныр зи кьалэну щыт Iуэхущ-лIапIэхэм кьыдгъэзыхуэреихь дунейм и щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзэ Iуэхуэр кьыхэтлъхьэфынущ, законхэр кьыдэгъэкIынымкIэ жэрдэм кьыхэтлъхьэну дызэрыхуитыр кьэдгъэсэбэпу, республикэ законхэр егъэфIэкIуэнымкIэ жыджэру сэбэп дыхъуфынущ.

Дауэ щымытми, къэрал властым и логанэм иужьрей илъэсхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIу щIадзащ дыкъзэзыхуэреихь дунейр хъумэным пыщIа Iуэхухэм. Республикэм къыщащтащ щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIа закон, хабзэ мардэ зыбжанэ. Апхуэдэу федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ экологие программэхэр ягъэзащIэ. ЩIыуэпсыр хъумэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъугъэ-фIыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр толажьэ, щIыпIэ къэудыхэр, щIыуэпс паркэр щыIэщ. Нэрылъагъуу кьызэщIэрыуэжащ жылагъуэ экологие зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр. Иужьрей илъэситIым кьэрыубгъэу хуэдитIым нэхлагъэкIэ ягъэмащIащ, кIэрыкубжьэрыхуэр щрадз щыIпIэхэр, апхуэдэу кIэрыкубжьэрыхуэр дэшынщ жылагъуэ псоми кьыщызэрагъэпэщащ, кушнышь идзыпIэ ящIыну щы Iыхьэхэр кьыхахащ, транспорт куэд щызэкIуэ гъэзэгухэмрэ промышленнэ предприятэхэмрэ япэгъунэгъу щыIпIэхэм хьэуам щиIэ щытыкIэр кьапщытэ, апхуэдэу лабораторэхэр кIэлъоплъ щыхухэм бжьамийкIэ яIэрыхьэ псым и щытыкIэм. Районхэмрэ къалэхэмрэ щыгъэкIуэкI республикэм и жылагъуэхэр гъэжьэбэзэныжьмкIэ, зэIуэпсащ щыныжькIэ, къэжьIагъэхэр щыхэсэныжьмкIэ щэбэт щыихьэхуэр, мазэ лэжьыгъэхэр.

Апхуэдэу щыт пэтми, цыхухэр мы Iуэхум егъэпIейтей. Абы и щыхьэтщ республикэм щыпсэуэхэм ящыщ куэд ди деж кьызэрытхьэусыхэр.

Республикэм и къалэхэм, хэхаэу кьапщтэмэ - Налшык къалэм, я тхьэусыхафэхэр нэхъыбэу зыгтехуар щыр къэгъэсэбэпыныжьмкIэ зэтеувэ щытыкIэм къемыIэзгъыу пщIантIэхэр зэрызэпаудырщ. Фэтэр куэд хьу унэхэр зытращIыхьыну щы Iыхьэхэр щыхухахкIэ ахэр хабзэм къемыизгъэ щагъэмащIэ щыIэщ. Апхуэдэм деж «зыщагъэгъупщ» дэтхэнэ пщIантIэми спортым зыщыхуагъасэ, сабийхэр щыджэгу, автотранспортыр щагъэувэ, апхуэдэу цыхухэм зэщыгъуу кьагъэсэбэп нэгъэщI щыпIэхэри щыIэн хуейуэ законодательствэм кьызэригъэувыр. Апхуэдэ гугъуэхьхэм нэхьыбэу Iуэр фэтэр куэд хьууэ Налшык къалэм ижьырей илъэсхэм щащIа унэхэм щыпсэуэхэрщ. Цыху щхьэхуэхэм, юридическэ Iэнатlэхэм сату Iуэхущ-лIапIэхэр, Iуэхутхьэбзэщ-лIапIэхэр, нэгъэщI Iуэхущ-лIапIэхэр ящы-ну хуитныгъэ щратым дежи щыухах щыIэщ илъэс куэд льандэрэ спортым зыщыухуагъасэ щыпIэу, сабий джэгупIэу, цыхухэм зэщIигъу я къагъэсэбэп щыпIэу щытхэр. Псалъэм папщIэ, Налшык къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм 2009 гъэм кьыдигъэкIа унафэмкIэ Щоджэнщыкlым и узрамым фэтэр куэд хьуэ тет унэ зыбжанэм щIэс сабийхэм я джэгупIэу метр зэбгъэзнатlи 184-рэ хъур цыху пыухыкIам ираташ, цыхубзхэм зыщагъэдахэ Iуэхущ-лIапIэ щищIын папщIэ. Абы иризгъэпа цыхухэм администрацэм, иужькIэ судым зыхуагъэзащ, хабзэм кьемызэгъэ унафэр ирагъэкъутэжьну. Зэдаузу илъэси 5-кIэ екIуэкIаэу, 2014 гъэм и щIышлэм суд унафэкIэ цыхухэм я хуитныгъэу кьызэпадахэр зэтрагъэуважауэ аращ. 2011 гъэ лъандэрэ апхуэдэ дыдэу зоныкъужьку Шорт-тэным и узрамым тет псэупIэ унэхэм я пщIантIэм щыIэ сабий джэгупIэм техуауэ. Цыхухэм зэрызыкIэлэтам щхьэкIэ кьамыIанэу хуит ящIри, а щIыпIэм тIууэ зэтет унэ щыдрагъэкIуеящ. Ар иджыпсту зыми кьигъэсэбэпыркьым, судым къыщаIэт Iэхухэмэ, щхьэусыгъуэ пыухыкIа (щытхьэусыхэн хуей пIалъэр зэрысфIагъэкIар) кьыхуагъэтри, сабийхэм я хуитныгъэр кьызэпаныуд унафэкэр тращIыкь. А 2011 гъэ дыдэм Щоджэнщыкlым и цIар зезыкъэ узрамым тет нэгъэщI псэупIэ унэм и пщIантIэм хиубыдэ сабий джэгупIэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкI Iуэхущ-лIапIэ тращIыкIыну хуит ящIащ «Х» фирмэр. Апхуэдэхэм дежь, хабзэ хъуэуэ, жьигъэр, адрей кьэкIыгъэкэр кьраупщIыкI, техникэ хьэлъэр кьагъэсэбэпурэ, кьалэ инфраструктурэм зэранигъэ ират.

ИщхьэкIэ кьыщыдгъэлъэгъуэкэр фыкъзэзыхуэреихь дунейм гулъытэ щытыкIэ щыхухэм яIэ хуитныгъэхэм кьащхьэщыжьыным текуауэ Уполномоченнэм кIэрыхьэхэ тхьэусыхафэхэм ящыщ Iыхьэ мащIэу араш. Цыхухэм я тхьэусыхафэхэр кьиIытэуэрэ, апхуэдэу абыхэм я хуитныгъэхэмрэ иджыпсту къэралым щызекIуэ законодательствэм кьигъэувэхэмрэ кьызэрызэпаудым кьыхэкIыу Уполномоченнэм апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм гу лъытэну ельэIуу щыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, кIэлъыплъу органхэм куэдрэ зэрагъэзащI, ауэ дызытепсэлъыхьа Iуэхухэм къаIэлъагъэ хабзэншагъэхэр кьызэнэкIыным зыри зэремыгугъур икIи апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр нэхъ мащIэ зэрымыкъур. ГъэщIэгъуныр арщи, администрацэхэр зэи акьылэгъу хъуркъым къащта унафэхэр законым кьызэремызэгъыкIэ, пэублэу апхуэдэ Iуэхухэм щыхэплъэм деж судхэри абыхэм я тельхьэу кьоув. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр псомэ зэпымыдыкъа, ахэр гъэзэкIуэжьыным жылагъуэр кьыхьхьэ нэхъеящ ищхьэкIэ щыIэ суд Iэнатlэхэм законкэра захуагъэмрэ щыгъэтрагъэзывэжьр. Мыгъэхэдэ мыхъумыщIагъэхэр кьэмыхъун, псэупIэ, щы, кьалэуэхэ законодательствэм кьагъэувэр кьызэпамыдыдын папщIэ, дэ кьызэрыпытьтэмкIэ, Урысей Федерацэм и Кьалэухуэ кодексым и Iыхьэ 5-м кьызэригъэувым хуэдэу, жылагъуэхэм яIыгъ щыхэм я кадастр гъунапкъэхэр зэгу убзыхуну кьалэ я округэм я щыналъэ администрацэхэм зэфIагъэкIын, апхуэдэу уиунашкъэхэм ирагъэкIыжьу, ахэр реконструкциу ящIыну хуитныгъэхэр щраткIэ кIэпльыплъкIуэ органхэмрэ администрацэхэм зыхуэфащэ я Iэнатlэхэмрэ щыхухэм, Iуэхущ-лIапIэхэм я хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщынымкIэ законодательствэм кьигъэувэхэм кIуэнэ тетын хуейщ.

Нобэм кьэс щыхухэр егъэпIейтей Налшык дэт гидрометаллургическэ заводым хьэуам щухьэхь куэд зэрыхуэтIыпщкъым. Предприятэм и унафэщIэхэм хабзэншагъэ зэрагъэкIыр щIэгурыIуэ, ауэ, щыхьэ хьэхьабрегъащIэ Iуэхущ-лIапIэхэр кьагъэсэбэпурэ, кьэдрэ щыхьэм я пащIэхэ кьыщыкIэпсалъащ, ауэ ткIийуэ Iуэхум зэрыбгъэдэмыкьэр нэрылъагъуащ.

ЗэкIэлъымыкIыагъэ куэд щыIэщ щыгъэпшэр зэIыхьажэр, медицинэ Iуэхущ-лIапIэхэм я кIэрыхьубжьэрыхуэр, псэущхьэ лIаэр, люминицент уэздыгъэхэр, автомобиль шэрхъэр зэхуэхьэсыным и лъэныкъуэкIэ. Куэд щIащ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я кIэрыхьубжьэрыхуэм я узынкIэ зэрыгъэзащIэ зэыгъэр щыщIатIэн полигон кьызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Хуэфащэ гулъытэ хуэщIыпхъэщ псы фIейкэр щагъэкъабзэ ухуэныгъэхэм я лэжьыкIэмэ. Абыхэм я нэхъыбапIэр кьаIэпэщыт кьалэнхэм пэлъэщыркъым.

Уполномоченнэм и деж щыIэ Эксперт советым и зэIуэщIэм кьыщыщIыспсалъэм, КЪР-м и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэ Бобылев Валентин икъукIэ тегъэзвыжьу кьыхихгъэщащ. Майскэ кьалэм псы фIейкэр зыгъэкъабзэ Iуэхущ-лIапIэ зэримыIэр. Абы кьыхэкIыу гъэмахуэ лъэхъэнэм кьалэр зэрыщыту бамэм етхьэлэ.

Губгъуэ жыхапхъэр (амброзиер) щыгъагъэ зэманым аллергие зиIэ щIыпIэ куэдым я узыр кьэзыщIэроуэ. ЖыпIэ хъунущ республикэр экологие гуэзэвгъуэм хэхуэнкIэ зэрыпхъунущ. Республикэм щыIэ аллергологие центр закъуэр зэрыхуэфIэкIкIэ а узыфэм пщIэтщ, ауэ и кьарур хуриякъурыкъым. Профессор Хутуевэ Светланэ зэрыжиIамкIэ, аллергологие центрым и учётым республикэм щыпсэуэхэм я Iыхьэ пщIанэм нэблагъэр щытщ. Абыхэм ящыщу процент 32-м япкърыгъэ амброзием кьигъэхъеи узырщ. Мы Iуэхум КЪР-м щыпсэуэхэр егъэлеиуэ зэрытегъэзвэныхьм кьыхэкIыу икIэщIыпIэкIэ амброзием ебэныныжьмкIэ, аллергие зиIэхэр гъэхъужьныжьмкIэ программэ Правительствэм е Парламентым кьащтэн хуейуэ кьыдолъытэ. Апхуэдэу гугъу кьэдгъэкIыжьыхьэщ совет лъхьэнэм щхьэхьэщхьэу щыIэ а кьэкIыгъэр гъэкIуэдыным егугъу зэрыщытар.

Цыхуэхэр щIэтхъэусыхэ Iуэхухэм ящыщщ псыхъуэхэр зэрауIэнIщ. ДэнэкIи кьыщыщIэжу щыта псынэ кьабзэхэм ящыщ куэд гъужащи, абыхэм я кьабзагъымрэ Iэфlагъымрэ ящыгъущэжу хуежьащ.

Экологие хуитныгъэхэмрэ дыкъзэзыхуэреихь дунейм щытыкIэ тэмэм иIэныжьмкIэ цыхум и хуитныгъэхэмрэ кьызэрызэпаудым текуауэ республикэм исхэм кьабгъэдэкI тхьэусыхафэхэм щытепсэлъыхьащ Уполномоченнэм и деж щыIэ Эксперт советым и зэIуэщIэм. Я кьащIащ республикэм исхэм я экологие хуитныгъэхэр хъумэныжьмкIэ щыIэ ныкъуэнагъэ нэхъыщхьэхэр. Унафэ кьащтащ экологие щытыкIэ тэмэмым хэпсэукIыныжьмкIэ цыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ КЪР-м щыIуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэмрэ Цыхухэм я хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэмрэ я зэгурыIуэныгъэм Iэ щIэдзыным текуауэ.

А псоми кьадзэкIуэу, Уполномоченнэм кьызэрильытэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм быдэу игъэткIиин хуейщ цыхухэм экологие и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитныгъэхэр зэрамыгъэзащIэм, дыкъзэзыхуэреихь дунейр ямыуцIэнIын папщIэ зыхуей Iэмалхэр зыIэпырI Iэнатlэхэм кьызэрыщыщIэрамыгъэпэщым папщIэ хозяйство зезыхьэ субъектхэм я унафэщIэхэм яхь жэуапыр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыхьэнэшхуэзиIэ Iэнатlэм цыхухэм щалэ хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщыным пыщIа дэтхэнэри экологиемкIэ хуитныгъэхэм куууэ зэрыщыгъуэзэм кьыдзэкIуэу, Iуэхум и щытыкIэм, щыIэ гугъуехьхэмрэ ахэр дэгъэкIыным, лъэныкъуэкIэ зэфIэкIкIыпхъэхэр кьыгурыIуэу щытын хуейщ. Абы папщIэ экологием пыщIа псори куууэ джыныр, щыIэ гугъуехьхэм цыхухэр щыгъэгъуэзэныр кьызэгъэпэщыпхъэщ. Дэ ди мурадщ дыкъзэзыхуэреихь дунейм щытыкIэ тэмэм иIэныжьмкIэ цыхухэм я хуитныгъэхэр кьызэгъэпэща зэрыхъум зэпымыууэ дыкъзэпытыпльыну икIи абы и пIэныкъуэкIэ хъыбар тэмэмыр дымыбзыщIу утыку кьитхэну.

Цыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхущ-лIапIэм и лэжьыгъэр дяпэкIи егъэфIэкIуэныр, къэрал властым и Iэнатlэхэмрэ граждан жылагъуэ Iуэхущ-лIапIэхэмрэ ядэлэжьэн

Хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэн, цыхухэм законкIэ я сэбэп зыхэлъхэм кьащхьэщыжьын мурадкIэ, мы зэманым зекIуэ законодательствэм тету, Уполномоченнэм зэтрихуэу ЪКЪР-м и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, властым и федеральнэ гъэзэщIакIуэ органхэм я щIыналъэ органу республикэм щыIэхэм тэмэму икIи лъэныкъуэ псоми я сэбэп хэлъу ядэлэжьэныр. Уполномоченнэр ищхьэкIэ кьыщыдгъэльэгъуа органхэм зэрадзлажьэр и лъабжьэщ кьызэрыгъэпэщынымкIэ, зэрыгъэзэныгъэмрэ. 2013 гъэм дэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр етщIылIащ КЪР-м и къэрал Iуэхущ-лIапIэхэмрэ жылагъуэ Iуэхутхьэбзэкэр зэфIэзыгъэкI Iэнатlэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ совет» ассоциацэм.

Гъэ кIуам уполномоченнэр комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ хабзэр цыхухэмэныжьмкIэ и зэзыгъэIу зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ и советым, Парламентым, Правительствэм, министерствэхэм хэмрэ ведомствэхэмрэ я зэIуэпхэм зэпымыууэ ирихьэлIащ. Абы Iэмал кьитащ цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжьмкIэ щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм нэхъ куууэ щагъуазэ зыщIынымкIэ, лэжьыгъэр тэмэму унэтIынымкIэ, гугъуехь нэхъ инхэр зыхуэфащэ органхэм я бжэ нэгъэсынымкIэ.

Уполномоченнэм жыджэру къегъэсэбэп цыхухэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ кьащхьэщыжьынымкIэ ехьэлIа республикэ законхэр егъэфIэкIуэным и Iэнатlэ-кIэ Iажьдэм кьиIэтыну иIэ хуитныгъэр. Нэгъабэ и закъуэ Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Парламентым кьигъэжьа законопроекту 100-м щIигъум щыгъуазэ защIащ икIи ахэр кьаззэрыщхьуам текуауэ тхьгъэжэ ягъэхьэзыращ.

ПIэунейрэ дэ дыхэпIащ «Цыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэм и Iэхуэкlэ» 1997 гъэм мазаем и 26-м кьащта Федеральнэ конституцэ закон №1-ФКЗ-м зэрызэпыныгъэкэр хэпльэныж Уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Конституцэ законым и проектэм. Ахэр Уполномоченнэм диIыгъащ, сыту жыпIэмэ, а документкэр хуэунэтIат федеральнэ уполномоченнэмрэ щыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэмрэ я зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным, цыхухэм я хуитныгъэхэм кьащхьэщыжьынымкIэ щыналъэхэм щыIэ лэжьыгъэр зэгъэуIуным, щыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм ират щIэныгъэ, методикэ дэIэпыкъуныгъэр зэфIэкIыным. КЪР-м и Правительствэм, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ дэ едгъэкьащ цыхухэм я хуитныгъэхэм кьащхьэщыжьынымкIэ, кьызэпаудэ хуитныгъэхэр зэтегъэувэжьынымкIэ хуэгъэзэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ 92-рэ.

2013 гъэм и мэлыжьыкь мазэм Уполномоченнэр «Граждан жылагъуэр зэтегъэувэныр» абы зегъэужьынымрэ пIэнтlэкэм, динэм я зэгурыIуэныгъэм дыкъзэзыщIу гъэгуанэщ» цIэр иIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм кьызэригъэпэща щIэныгъэ конференцым, дыгъэгъазэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кьащызэрагъэпэща щIэныгъэ конференцым, Урысей Федерацэм и Конституцэр кьызэращтэрэ илъэс 20 зэрыкIыжьу текуауэ Иджыпей гуманитар академием зэхиша зэIущIэшхуэм хэтащ. Хабзэ зэрыхуэам текуауэ, Уполномоченнэр зэтеуохуэу ядэлэжьащ щыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и субъект-хэм щыIэхэм. 2013 гъэм и мэкъуаугъэуэ маззм Уполномоченнэр щыIащ Урысейм и уполномоченнэхэм я зэзыгъэIу я гуГуеуехьэр дэдгъэкIын тхуэзфIокI. Апхуэдэ щыхухэм ящIу фIыгъэ тхыгъэхэр, щыIэ кьыдгъэзэжьырэ, ЩIэтIысауэ щыхсэм зыщIэ щыIэ Уполномоченнэм кьыхуитхащ: «ПщIэ зыхуэсщI Борис Мустэфа и кьуэ! Уэ укьакIуэу ди псэукIэм уеплъа иужь тезырхэр щрагъэпшын Iуэхущ-лIапIэм и лэжьакIэм нэрылъагъуу зихуэжащ. Иджы медицинэм и лэжьакIуэу ди деж щыIэхэр нэхъ егугъуу я къалэнхэм бгъэдэтащ. ЯгъэтIысауэ колонием щыIэхэм щыщ гупышхуэм и цIкIэ Уэрэ уи пIыкIуэмэм фIыщIэ фхуэщI».

Дзэлыкъуэ районым щыIэ куэд зиIэ щыщ Уполномоченнэм фIыщIэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэ кьыхуи-гъэхьащ ар щыпсэу унэм псэр ирашэлIэныжьмкIэ сэбэп зэрыхъуэм кьыхэкIыу. Я Iуэху дэкIын папщIэ дызыдэIэпыкъуэхэм яхэтщ псалъэ гуапэхэр кьыжджаIэн папщIэ кьытрагъэззэку ди дежи кьакIуэхэр. А псоми, зэрыгурыIуэгъуэщи, ди пIэр нэхъ жан ящI, лэжьыгъэм нэхъри дытрагъэгъушхуэ.

Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэным телажьэхэм псори тынщу кьэзыгулIэу жыпIэ хьунукъым, властыр зыIыгъхэм дакъыщыгурымыIуэ куэдрэ кьэхъу. Язныныкъуэхэм езыхэм я Iуэху зехьэкIэм зыри хэIэбэну хуимыту кьалытэ икIи абыхэм дагъуэгуэряхуэзыщIхэргугъуехьхэм зэрыхадзэнымяужь итщ. Язныныкъуэ кьулыкъущIэхэм законыр, цыхухэм я Iуэху елтрыкIэр, Уполномоченнэм кьыхилъхьэхэр кьрадзэркъым. Цыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжьмрэ властым и унафэр тхьгъэкIынымкIэ щыIэ щыхэщIуэвэ сыт хуэдэ зэманми кьохъу. Ауэ къэралым и щIэкIэ щыхухэм кьащхьэщыжьну зи кьалэнхэр хущIокъу властыр щыхухэм я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ щебгъэрыкIуэ кьэмыгъэхъуным, апхуэдэ мыхъумыщIагъэ кьыкъуэкIамэ, ахэр икIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжьынымкIэ кьарууэ яIэр ирахьэлIэ. Мыбдеж Iупщу кьыщыщIэльэгъапхъэщ щыхухэм я хуитныгъэхэм кьыщыщыжьэм властым Iэщ-зыгъэвэн хуейуэ кьызэрамылъытэр. Ахэр зэныкъуэкъуэр властыр-кьым, атIэ зи зэрэ хабзэншагъэхэр кьэхъу кьулыкъущIэхэу властым и Iэнатlэм пэрытхэрщ.

Касаткэ джей

Хыкхъуэхэр уэгуми щызолъатэ

Хыпс щхъуантІафэр щоІэуэлъауэ

●Щыуэпсым и макъ

Перу къэралыгъуэм и къухьапІэ гъунапкъэхэм хыпс щухъуантІафэр увыІэгъуэ имыІэу щоІэуэлъауэ. Псы Іуфэр гъущэщ, къум нэщІщ, къэкІыгъэкІэ кулейсыщ, псэущхьэкІи къулейкъым. Ауэ хьэуар макъ зэмылІэужьыгъуэ Іэджжкіэ гъэнщІащ: гъдэбадзэ бжыгъэншэхэр, къуалэбзу хъушэшхуэхэр щызэрызохьэ. Абдеж блож Гумбольт и цІэр зезыхьэ тенджызыпсыр. Ар адрей хыпсым нэхърэ градуси 10-кІэ нэхъ щыІэщ. Гъэмахуэм абы къыхэкІуэу къожьх Эль-Ниньо псы хуабэр. Нэхъыбэм а псыежэхитІыр зэхэуэжьи зэхоэрыкъыж. Ауэ къыщыІуэу щыІэщ жьыр Гумбольт псыежэхым щыпэщІэувэ икІи лъэныкъуэкІэ псы Іуфэм щыІуиру. Абы щыгъуэ Эль-Ниньо и пхъэр хьокІри псы Іуфэр зыІэщІуебыдэ. Арыххэу хьэуар къызэщІоплъэ, псы зэхэщІар хуабэ мэхъу. Псы хуабэм, зэрыныІуэщи, кислородыр нэхъ псынщІэу хокІуэсыкІ. Абы хэс бдзэжьейхэм, псэущхьэхэм кислородыр кхаймэщІэкІ зэрыхъуу, щыпІэ нэхъ зэгъкъалъыхъуэрэ, псы Іуфэм зыІуадзри, йокъури, йожьэжьыр. Абыхэм ещанІуэ къуалэбзуэхэри яужь иту Іуолъэтыкі. Щхьэусыгъуэ гъэрКІэ псым къыхэна бдзэжьейхэр, кислородыр зэрахуримыкъым къыхэкІкІэ, тенджызым хобэмпІыхьри, хы сыджжэм псы Іуфэм къытрадзэж. Хьэуар бдзэжьей фа бамэм зэщІещтэ.

Къум гъунэгъур зэщІэгъэгъащ. Ауэ абы гу щахуэну Перум щыпсэуэхэм я гугъэр хахьжат: бгыхэм тельэ мылджейкэр ткІурт, абыхэм къащІэж псым мывэ абрагъуэхэр къырихьхырт, кьыгуэуэкмрэ псыдзэхэмрэ гъэгуэхэр зэтрахъутэрт, жьыуэпс (климат) гъущэм тещІыхьауэ яухуа псэущхьэр зэтещІахэрт, апхуэдизуэтІпсытІыр яхуэмыхьу. ИгъащІэ лъандэрэ къуалэбзуэхэм зэтралъхьа щІыгъэпшэр бэлыхьыр Іисраф хъужьырт. А псомкІи къуаншэр псы хуабэрат. А къэхъукъащІэм щІыуэпсым (природэм) хэІэбэу зыгуэрхэр щызэзэыхъуэкІыну ихъу-илъэхэм къажриІэми яреЙт: «ЩІыуэпсым Іэ щыІэкІэ дыхэІэбэн ипэ, абы и щэхуэхр куууэ дыжьзэдж, и макъым гупсэхуу дыщІэвгъэдэІу, итІанэ къыдгурыІуэнщ ди ЩІы-анэр нэхъ дахэж, кьулеиж хъун щхьэкІэ лэжьыпхъэхэр».

Языныкъуэ щІэныгъэлІхэр Іэмал имыІэу ЩІыр зэрыщыту ирагъэфІэкІуэну хэтщ. Ахэр зэреплъымкІэ, абы щхьэкІэ узыхуейр зы закъуэщ – щІыуэпсым зегъэхъуэжныгъэ. Инженер гуэрым къыхилъхьауэ щытащ абы щхьэкІэ ракетэ куэд щІыпхъэу. Ахэр узгум яІэтынщи, орбитэ (уэрдыхъу гъуэгу) щхьэхуэ зырызым тету, ЩІым и хъуреягъым порошок хужь щызэбграпхъынщ. Алхуэдэ щІыкІэкІэ ЩІым хуащІа «уэрдыхъу» ІэрыщІым дыгъэ бзийхэр зэщІишэнурэ, ар лъэныкъуэ псомкІи идзыжьнущ. Абы и фІыщІэкІэ жэщхэр махуэкІэ зэхъуэкІа хъунщи, ЩІым хуабэ нэхъыбэ къыІэрыхьынщ, щІым илъэс къэс гъавэ 2-3 къыпхухтенущ. Ауэ, Іуэхуракъэ, хуабэм Антарктидэмрэ Арктикэмрэ я мылхэри къурш мылджейхэри игъэткІунущ. Алхуэдизыпс зыхэлъадэ Дунейпсо хыр кьинурэ, тафэхэм кІыпІэльдэнщ, кьэнэжри лъагапІэхэм я закъуэщ. Абыхэм ущыпсэуныр гъавэ щытепщІэнуи тыншкъым. Псым псэ зыІуту хэкІуэдэнумрэ мылъкуу ихьынумрэ зыхуэдизыр гъунапкъэнэщІ. Алхуэдэ гупсысэкІэ мыхъумыщІэхэм къулейсысыгъэшхуэхэм хуэшэнкІэ хъунущ.

Дунейпсо хышхуэм

ЦІыху гъащІэр кьигуэхьпІэ имыІэу пыщІащ абы. Ди губгъуэхэмрэ хадэхэмрэ кьитх бэвыгъэри зэпхар Дунейпсо хышхуэм кьыщежьэ жьым кІыхьдих псыгъэщІащ. ГъэщІэгъуэнщ абы щыпсэхэм я щІэхэри. ЦІыхухэм хы псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ щІыльэм щыпсэуэхэм зыгуэркІэ ирагъэщхьуэ, абыхэм цІэ хьэлэмэтхэр кьыхуагъэтащ: «тенджыз вагъуэ» («морская звезда»), «тенджыз цыкьбанэ», «бдзэжьей-пхъэх», «бдзэжьей-уадэ», «хы жэм», «хы джэду», «тенджыз шы цыкІу», «хыхъуэ» (апхуэдэущ дельфиным кІахэ адыгэжэ зэреджэр), нэгъэщІэхэри. ЩІыщ «тенджыз щІейІапІэ».

ЩІэныгъэлІхэм хыр яджэрэ, къахутащ макъкІэ зэпсалъэ бдзэжьейхэри зэрыщІыгэр. Кудэ щІащ, тенджыз ФІыщІэм тет бдзэжьеящхэм ставридэм «уэрзд» зэрыжиІэфым гу зэрыльтатэрэ. А бдзэжьейм и «уэрэдым» щІэдзІуу, ар къэзубыдыну ещхьэм гугъу дыдзэ демыхьу ставридэ куэд зэдэщІэ щІыпІэхэр кьагъуэтыф.

Малаи хытІыгу гупым бдзэжьей щещхэм яхэтщ тхьэкІумэ жан дыдэ зиІэхэр. Бдзэжьеящхэр къуэфажьейхэм ялэ иту йос, пІалъэпІалъэкІэрэ псым зыщІагъауэу, итІанэ я щхьэхэр къыхагъэжрэ, яужь итхэм хъыбар ирагъащІэу: «Хъыр хэвдзэІ»

Хым хэсхэр мэфий, мэкъугъ, зэподжжж, я дзэхэр зэрагъэшх, шынагъ щыІэмэ, зым адрейм хъыбар ирегъащІэ. Ахэр мэбауэ, мэбагъуэ. Ауэ хым хэхуэж псыежэхэхэм здахь щхъухь тонн бжыгъэншэхэм хы псэущхьэхэм хэщІыныгъэшхуэ ират. Псом хуэмыдэу абыхэм я дежкІэ шынагъуэщ щыдагъэзешхъухьэр щІэх-щІэхыуэр зэрыкьутэм къыхэкІкІэ, хым и щыІуэм кьытенэ щІы дагъэр. Абы кьуалэбзуущм кІэрыльтэ дагъэр егъэткІу. Ары тхъэрыкъуэм, псальэм папщІэ, апхуэдэпсым зыщІигъауэмэ, и ажалыр къэсауэ иращ. Ар щыІдагъэм кьыхэмыкІыжьйфрэ, щІыІэм егъэдыкъ.

Псым дыщывгъэсхь, маржэ!

Къум щыпІэхэм псым пщІэшхуэ щыхуащІ. Уэгъу зыхуэпъэ Ираным куэд щІащ хабзэ зэрыщыхьуэр псы кьабзэм хэуфжьытхэм нэлат ирахыу. Мысырхэм Нил тхьэ пэльытэу кьащхьуэу лІэщІыгъуэ Іэджж екІуэкІащ. Ахэр сытым хуэдэу хуэпІащІэрэт гъатхэр къэсу псым къиун щыщІидзэну махуэхэм! Абы щыгъуэ Нил тІуащІэшхуэм псыкІэ зитІыжьырт. Псы къиуар щыжэщІыжкІэ, ятІэ щІэтІысыкІахуэхэр куэду кьанэрт. Ар гьавэ бэвым и нэщэнэт.

Илъэси 180-р ипэкІэ париждэсхэр Сенэ пэгункІэ псы къыдахыурэ ефэу щытащ. Иджы абы бдзэжьей щыбгъуэтыжьнукъым, уэздыгъэ нэхуКІэ улъыхъуами, апхуэдизкІэ псыр яуцІэпащи.

XIX лІэщІыгъуэм сурэтыщІ гуэрым къыщІэнащ сурэт хъэлэмэт, инджыпІэ парламентым хэтхэр Вестминстер лъэмыжьым деж бдзэжьей зэрыщещэу щытар щыпІьагъуэу. Иджы абдеж ущІэкІуэн щыІэжкъым, къунтхкІэ бадзэ уемыщэнумэ, апхуэдизкІэ псыр фІейм итхьэлащи.

Флориде штатым къеуалІэ Эскамби псыдыхьэм зэгъэр къыщыхъуар гущІыхьэщ. Хьэуэ, мыбы щІыр щыхъеяуэ, вулкан къыщыуар е жьапІэщхуэхэ кьыщыкъуэуар аратэкъым. КьэхъуамкІэ къуаншэр химие заводхэр зи унафэ щІэт щыхуэрат. ЗэманыфкІэ заводхэр щытхъушхуэ яІэу лажьащ, хущхъуэ, щІыгъэпшэр, краскэ, нэгъуэщІ Іэджи кьызэрыщІагъэкІым щхьэкІэ. Сабэп хуэ хьэпшып гуэр щагъэхьэзыр дэтхэнэ производствэми пыдзахуэ кьыщІэмынэу хъуркъым, химие заводхэм щхъухь зыхэлъ растворхэр, шлакэр щобагъуэ, асбестри щымащІэкъым апхуэдэ щІыпІэхэм. Пэжщ, шлакэри асбест пыдзахуэхэри унэ е гъуэгу щыбухуэкІэ хъарзынэу кьэбгъэсэбэп мэхъу. Абдж къутахуэ щабэхэр пшахъуэм и пІэкІэ бетоным халъхьэ, шлакым блокхэр кьыхащІыкІ, целлюлозым щыщу кьанэмкІэ Іусыпхъэ ягъэхьэзыр. АрщхьэкІэ щхъухь зыхэлъ растворхэм яхуещІэшхуэ иджыри щыІэкъым. Растворхэр псыежэх, хыжьей (гуэл) хуэдэхэм хаутІыпщхьэ. Арат ящІар Эскамби псыдыхьэм и Іуфэм Іут заводхэм я Іэтащхьэхэми. Ауэ абдежым кьыщыкІ ящыныкъуэ кьэкІыгъэхэм ар зыкІи я «жагъуэ зэрымыхъуар» мыгъуэу наІуэ къэхъуащ – ящІыхьэлэйм икІауэ зэщІабэгъэщащ, растворхэм къахиху азотымрэ углеродымрэ я «Іус» нэхъыщхьэу кьыщІэкІри. Арати, зэрыбэуэн щамыгъуэтыжьым, псэ зыІуту хьжьэм хэсахэр зэтелІащ икІи Эскамби зэрыщыту бдзэжьеиекхъэ хъуауэ щытащ.

Нереису псэущхьэ цІыкІу

Нереисыр уэшх хьэмбылым ещхьщ. Абы и Іэпкъльэпкъыр «уэрдыхъу» цІыкІу-цІыкІуу зэхэлъыи ярейщ. Нереисхэм яжьпІэм сантиметри 4-5 фІэкІа мыхъу кІагуэ жьгъейхэри, метр ныкъуэм фІэкІыу нэхъ кІыхьыІуэхэри. ТІуми шхынагъуэу яІэр ятІэ щабэщ, плъыжьыфэу, гъуэбжафэу е щхъуантІафэу. Нереисыр псэущхьэ кІуинкъым, абы псыр шыуГэмэи мышуми и зэхуэдэщ. Кислород щымыІэхэхэми къемэщІэкІми, абы щхьэкІэ гуэзвэгъуэ хэткъым.

Псы лъащІэм кьыщІитхъуэ гуэр цІыкІум нереисыр илъэсым нэскІэ щопсэу, ауэ щІэжьей кьыщІэхъуэн хуей зэрыхъуу, псыщхьэм кІыдгъуей, щІэблэ зэрирІуэну есыщ малІэ. Псалъэ гуапэ хуэфащащ а псэущхьэ цІыкІум, сыту жьпІэмэ абы сэбэп зыпылъ Іуэхугъэшхуэхэр зэфІегъэкІ. Хьэмбылым ишхри ар зэрыпсэри ятІащ. Езы нереисыр бдзэжьейхэм яшхыр. Ауэ щыхъуэкІи нереисым ишха ятІэр бдзэжьей хъужьауэ ди Іэнэм ксыщІтехьэщІыщ.

ФІыщІэ зыхуэфащэр нереисым и закъуэкъым, атІэ жэмми, бжэнми, мэлми, шыми, адрей псэущхьэхэми – кІэщІу жьмыІэмэ, цІыкІр псэун папщІэ ерыскъыкІыхуэзыпэжь дэтхэнэ зыми шхэгъуэ кьэскІэ «берычэт бесин!» яжеІэпхъэщ.

ЩІэныгъэлІхэм зэгъэр ягу кьэкІат: «Нереисэр Каспий тенджызым хэбгъПІащхьэ щхьэ мыхъура?» - жаІэри. Тенджыз лъэгум ятІэр щыпэрыхьэтщ. Езыр гуэлышхуэу ябж щхьэкІэ, тенджызым и нэщэнэ псори иІэщ: и куууагъэр километрым щІегъу, и псыр шыуГэщ, хы псэущхьэ мащІи щыпсэурхьым. Дунейпсо хым зыкІи емыпхъа пэтми, абы пыщІа тенджызэм кьыщыухуу хы сыджжэм нэхърэ мыбы щызеуэзэр зыкІи нэхъ щІыкІуакъым. АтІэми, куэд щІащ Ищхъэрэ Мылыпъэ хым и псэущхьэхэм ящыщ зыбжанэм мы тенджызыр хэщІапІэ зэращІрэ. Ахэр псым хэсу мыбы кьэкІуащ, ищхъэрэ лъэныкъуэм и мылджейхэр щыткІужьым щыгъуэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ мы тенджызым кьыщыхутащ бдзэжьей хужьхэр, аргъейфэр, тюленхэр, псэущхьэ жьгъей дыдэхэу «планктон»-кІэ зэрджэхэр. Пэжщ, ищхъэрэ къиКІахэм нобэр кьыздэсым кьызэтехьуКІахэр къызыхэкІа хым и нэщэнэхэр ипщэ тенджызми кьыщалъыхъуэ: тюленыр щылъхуэр щымахуэрэ, мыл гущІыІум телъу; аргъеймрэ бдзэжьей хужьымрэ щІэжьей кьащІщІхъуэр дунейм и щІыІэгъуэ лъэхъэнэрщ; зэфІагъэмахэри япхъуатэ, асыхьэтуи абыхэм я фэ хужь цІыкІухэр трауд, гущІэгъунэу, цІыхугъэ жьхуаІэр дэнэ щыІэми ямыщІу.

Тюленыфэ цІыкІухэр лъапсейуэ ящэху, аращцІыхум и гущІэгъуншагъэр кьызыхэкІри. ЗэтрауКІащ гренланд джейхэри. Джей пІащэхэр хьэпшыпІ нэхъ лъапІэ дыдэхэм пащІыри, зэхуэхьсырт, щэр яГъэвэжьырт, лыр псым хадзэжьырт.

Гренланд джейхэр щаухым, кашалотхэм яужь ихьащ. Абыхэм шхынагъуэ нэхъыщхьэу яІэр лъакъуийхэращ (осьминогхэр). Ахэр зыІуагъэхэн щхьэкІэ, кашалотхэм километр нэкъуэм нэскІэ зыщІагъаІуэ. Аращ абыхэм уещэкІуэни къэбубыдыну щІэгугъур. Ауэ абыхэм я кІэтийм «амбрэ» жьхуаІэ веществор (пкъыгъуэр) ирещІэ. Ар шэхум ещхьщ, езыр хужьыфэ-гъуэжьыфэщ икІи мэ гурыхь дыдэ кьыкІэрех. Амбрэр хатхьэ дыху нэхъ лъапІэ дыдэхэм. Амбрэ килограммым нэмыц маркэу мини 5-м нэблагъэ къуату щытащ. Арат, дауи, щакІуэкэр дзэхьэхыр.

Хым и щІыпІэ куэдым кашалот хэсыжькъым, ауэ абы щхьэкІэ щакІуэкэр гузавэрэкъым. ЩІыщ иджыри джей щхъуантІэхэр. Пэжщ, зи ныбжькІэ щІалэ джейхэм уещэкІуэну хуит уащІыжьыркъым. АрщхьэкІэ хабзэр кьызымыдзэр куэдщ. ЩІыщ, къащэкІур щызэпкърахыу, езыхэм я завод хэтыжу флотилие щхьэхуэхэр (кхъухь дзэйхэр), щакІуэ Іэщхьэ зэщІэгъэдзэрэ, джей кІуэщІым кьыщыуэж гранат нэгъунэ яІыгъыу.

Тенджыз джэдухэр (морские котики) дунейм текІуэдыкІыжьнум зымащІэщ иІэжар. Ауэ щІэныгъэлІхэм быдзэ кьагъэуващ абыхэм ещэкІуэнщ щыгъэтын, ахэр щыпсэу щІыпІэхэм щыхъумэн, а псэущхьэхэм, я щэнхэр гупсэхуу джын хуейуэ. Илъэс 70 нэхърэ нэхъ мащІэ дэкІакъым абы лъандэрэ. Иджы тенджыз джэдухэр апхуэдизкІэ бгъэщащи, балигъ хъуахэм ещэкІэуну хуит ящІыжащ.

1741 гъэм Беринг Витус цІыху гуп и гъусэу кхъухькІэ Америкэм зыпІпыхьакІуэ кІуат. КъыщыкІуэжьым кхъухьэр Командор хытІыгуэм ящІщ зым къыщыувыІащ. Кхъуафэм щытыхункІэ сэкъат игъэтри, цІыхухэр хытІыгум къытемынэу хъуакъым. Ауэ дзэхъудзэшх узым гупым и нэхъыбэр зыІэщІилъхьащ. Беринги а узым илЫкІащ.

Гупым ящІщ зым, Стеллер, абы щыгъуэ зыхуэза тенджыз эжмым теухуауэ тхыгъэ къыщІэнащ. А пІым зэрыжиІэкІэ, а псэущхьэм и Іэпкъльэпкъыр, хыххъуэм (дельфиным) ейм ещхьу, хухкІыхьщ. Ауэ ар и кІуэ ІэзэхэлъкІэкІэ пылым нэхъ пэгъунэгъущ. Тенджыз жэмым и лыр Іэфщ, зэмыкІуэкІыу куэдрэ щылъщ.

Псэущхьэ телъыджжэм и хъыбар зэхэзыха щакІуэкэр аратэкъэ зыхуеиххэр? Абыхэм Командор хытІыгур кІуэнІэ ящІри, тенджыз жэмхэр гущІэгъуншэу зэтрауКІащ, дунейм зы кьытемынэжьыу.

ЦІыхухэм зыІэщІалъхьэ

Куэд щІащ цІыхухэм псэущхьэхэм я гъащІэр я Іэмыщ1э зэрыщралъхьажрэ, яуКІынуми яшхынуми хуиту. Зыр и фэм, цы дахэ зэрытетым щхьэкІэ, адрейхэр я лыр зэрыІэфІым кьыхэкІкІэ, нэгъуэщІхэр – зэран хъу хуэдэу е цІыху гъащІэмкІэ шынагъуагъэ кьашэу кьызэралытэм токІуадэ.

Фигу кьэвгъэкІыжьыт етІуанэ Дунейпсо зауэм и ужькІэ дыгъужьхэм иращІар. Ахэр щызэтрауКІа щІыпІэхэм ящыщщ Канадэр, Чехословакиер, Кавказыр, нэгъуэщІхэри, щхьхэр, мэпхэр, Іэщыр Іисраф ящІ жаІэри. Дауи, дыгъужьхэм я бжьгъэм щыхэщІым, щыхь хъушэхэри, мэл гуартэхэри нэхъыбэ хъужащ. Щыхьхэр апхуэдизкІэ бэгъуари, я хъунІэхэр лъабжьэкІэ ирахыжьрт, яутэжьрт. ИкІи яшхын ямыгъуэтыж щыхъум, мэжжщІалІэм щыбзэхамкІэ ягъэкъуаншэр бжэнхэращ. Ахэращ зытралъхьэр Африкэ ІщхъэрэмиКлиматым зэрызихъуэжари. Илъэс мини 2,5-рэ хуэдизкІэ уэзгъэбжІжжэ, мыбы къыщыкІыу щытащ мэзышхуэхэр. Бжэнхэр а щІыпІэм зэрихьэ лъандэрэ мэзхэм лъапсэрыхыр къахуэкІуэ хъуащ. Мэз псэущхьэхэм я нэхъыбэр зэтелІащ, яшхын щамыгъуэтым, зыкъомым щІыпІэр яБгынащ.

Дауи, жьпІэ хъунущ бжэнхэр къэкІыгъэхэм я бийуэ. Ауэ абыкІэ къуаншэр хэт? Бжэнхэра хьэмэрэ ахэр зыгъэхъуэхэра?

ТхьэкІумэкІыхьхэми зауэ иращІылІэ

XVIII лІэщІыгъуэм япэу Австралием щитІысыкІэ инджылыз унагъуэхэм абы здашауэ щытащ тхьэкІумэкІыхьхэ зыкъом. Зэман дэкІри, тхьэкІумэкІыхьхэр бгъуащ. Ахэр щыхуэкм ящІщІэкІауэ, мэзым щІэт, щхъуантІагъэм Іисрафыр кьыхуагъакІуэу. Ауэрэ яшхын щамыгъуэтыжым, губгъуэмкІэ къагъэзащ, хадзэр зэтрашхыхьу хуежьащ. Щымыхъужьыххэм губгъуэхэри хадэхэри гъущІ банэкІэ кьахухьу щІадзат. Ауэ абыкІэ тхьэкІумэкІыхь лъакъуэ пхуэфбыдынт! Зытеуэр джафэу кьагъанэрт. Псэущхьэхэм ялэмылъэщыж щыхъум, абыхэм зауэ иращІылІащ. Ахэр кхъухьлъатэкІэ къащхьащыхьуэрэ кьауКІырт, щхъуХь зыхэлъ газкІэ яГъалІэрт. Ялэ тхьэкІумэкІыхьхэр Австралием и щІынальэм зэрихьэ лъандэрэ илъэс 200-м щІигъуэ пэтми, нобэр кьыздэсым а зауэр иухакъым.

Бзу щымыІэжмэ сыт дэ тщІэнур?

Псэущхьэ зи шхынагъуэ кьуалэбзухэр зэтебгъкІэкІэ Іэмал зэримыІэм щІэныгъэлІхэм зыкъом щІауэ дыкъыхураджэ. Ахэр щымыІэмэ, псэущхьэхэм я Іуэхур екІэкІуэнущ, сыту жьпІэмэ, дэнэ щІыпІэ щымыщІэкІуами, абыхэм яГъэзащІэр дунейгъэкъабзэ кьалэнщ. Абыхэм я ерыскъыгъуэ нэхъыщхьэр псэущхьэ ліахэращ. Псэухэм яхэуэн хуей хъуми, лъэрымыхьхэмрэ уэ зэрыщІалэ зыпкърытхэмрэщ Іус яхуэхъур.

Зы кьуалэбзу лІэужьыгъуэр, гъэм и зэманым елъытауэ, зэм зэранигъэ къыщишэ, зэми сэбэп щыхъу щыІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, мащІэхэм сэрмэлычыр яхэзылъхьэ бжэндзэкъ пшэппъыфэм жьзумейхэр «щаухъуэнщІ» кьэдрэ къохъу.

Какаду фІыщІэхэм хуабжьу гугъу ирагъэхьу щытащ Австралием щыпсэухэр, уэздыгьей мэзхэр щагъэкІ зэманым. Мин бжьгъэкІэ мэзым теуэрэ, шыкІуртІымхэр зэщІакъуэрт. Ауэ какадухэм шыкІуртІым жьлэу яшхыр мащІэт, кьэнар жьыгхэм кьрадзыхьырт. ЩІым утету шыкІуртІым кьэпщыпмэ нэхъ тыншткъэ, жьыгым удэпщейуэ ахэр къыпІч нэхърэ? ЩІэныгъэлІхэм апхуэдэ чэнджэщ щІыхуэм зэрырат лъандэрэ, абыхэм какаду фІыщІэм и Іуэху зэрахуэжьыкъым.

Колибри цІыкІухэр-щэ! Абыхэм лей мащІэ я ятекъа, Іэмыщ1э из мыхъу я фэ телъыджжэхэм щхьэкІэ? Мин бжьгъэкІэщ ахэр зэрауКІар, цІыхуб пыІэхэр ирагъэдэкэн щхьэкІэ.

Пащтыхьбзур колибрим нэхърэ зэрынэхъ ин щІагъуэ щыІэкъым, ауэ абы зэран хъу хьэпІащІэу, гъдэбадзэу мелуани 8-м нэс илъэсым зэтреукІэ. Щунэфри (щІым щыгъуалъхъэ, хьэпщхупщрэ гъдэбадзэкІэ ерыщ, кьабзий ЦІыуугъэнэ зытет къуалэбзу мыин) абыхэм нэхърэ мынэхъыкІэу йолэжь хьэпІацІэхэр гъэкІуэдыным. Пэжщ, ар абгъуэм джэдыкІэ илъу ильэгъуамэ, блэкІыфынукъым бзу щырхэм щахэІэби кьохъу.

Дунейр яхуримыкъуу гупышхуэу кьэзылъэтыхьу щыта тхьэрыкъуэшхуэхэр дэнэ щыІэ? Абыхэм щІыпІэ хэха яІэтэкъым. Зэпымыууэ Іэпхъуэн, зы къэралым икІыу нэгъуэщІ лъахэ лъэтэн – ара хуэдэт ахэр кьызыхуигъэщІар. ЖаІэ, дей, мышхумпІей жьгъэр апхуэдэ тхьэрыкъуэ абгъуэхэм зэгуэр кьакъутэу щытауэ, уэгум ит тхьэрыкъуэ гупышхуэхэм дыгъэр сыхьэт бжьгъэкІэ щыщІауІэу кьэхъуауэ, Америкэм и кьалэ гуэрым тхьэрыкъуэхэр махуиплІ енкІэ щхьэщлъэтыкІа хуэдэу, кьалэдэсхэм махуиплІ псокІэ тхьэрыкъуэхэм ещэкІуэн, ахэр яукІын фІэкІа нэгъуэщІ Іуэху зэрамыхуауэ. Абы къыриКІуар гущІыхьэщ: мы тхьэрыкъуэ лІэужьыгъуэхэм ящІщу кьэнэжа закъуэр 1914 гъэм дунейм текІуэдыкІыжащ.

ЗыкІи нэхъыфІхьэм псыбзу дамэнщэхэм иращІари. Кьуалэбзу пшэрэр мин бжьгъэкІэ щаукІащ Франджым, Испаниеи, Скандинавием, Исландием, нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Иджы абы и фэ къуа нэхъ мыхъуми диІэжарэт жьзыІэхэр мащІэкъым.

МэкъумэшыщІэхэм къэралым бзу кърамынэжьну зэгуэр мурад ящІауэ щытыгъащ, гъавэ куэдыуЭ Іисраф ящІ жаІэри. Ауэ гъатхэр къэсри, зэрыщыуар кьагурыІуэжащ. Бзухэм зыхьалъхьэ щыІэкъым щІывпэкІыхь цІыкІуэхэр яшхыну. А еІуящІэ жьгъейхэм щымахуэр щы щІагъым щрах, гъатхэр кьыІэрихьэу, мыІэрысей гулъхэр псэупІэ ящІри, я бжьгъэкІэр щагъэтІылъ, гулъ кьэс 20-м нэс хуэзэу. Зэман докІри, абыхэм цІыв балигъ къахокІ. Бзууэ тІу фІэкІа хуейтэкъым жьг къэс, абы хищІа хьэпІацІэхэр зэщІакъуэну. Арати, бзуэр ежэу щыэзэтраулІа гъэм жьгъэм мыІэрысэ кьапыкІакъым. Губгъуэхэми Іуэхур зыкІи щынэхъ щІэгъуакъым: хьэпІацІэр мыбыи щыбзэгъуат. Бзуэм лей ирахар мэкъумэшыщІэхэм я щхьэм кьащІеуэжьым, хамэ щІыпІэхэм бзу кьрашын хуей хъуащ...

ТАБЫХЪУ Хьэзрит.

ТхьэкІумафІэу лъагъуГуафІэ хы джэду

Тенджыз джэду

Перу къэралыгъуэм и къухьапІэ гъунапкъэхэм хьпс щухъуантІафэр увыІэгъуэ имыІэу щоІэуэлъауэ. Псы Іуфэр гъущэщ, къум нэщІщ, къэкІыгъэкІэ кулейсыщ, псэущхьэкІи къулейкъым. Ауэ хьэуар макъ зэмылІэужьыгъуэ Іэджжкіэ гъэнщІащ: гъдэбадзэ бжыгъэншэхэр, къуалэбзу хъушэшхуэхэр щызэрызохьэ. Абдеж блож Гумбольт и цІэр зезыхьэ тенджызыпсыр. Ар адрей хыпсым нэхърэ градуси 10-кІэ нэхъ щІыІэщ. Гъэмахуэм абы къыхэкІуэу къожьх Эль-Ниньо псы хуабэр. Нэхъыбэм а псыежэхитІыр зэхэуэжьи зэхоэрыкъыж. Ауэ къыщыкІуэу щыІэщ жьыр Гумбольт псыежэхым щыпэщІэувэ икІи лъэныкъуэкІэ псы Іуфэм щыІуиру. Абы щыгъуэ Эль-Ниньо и пхъэр хьокІри псы Іуфэр зыІэщІуебыдэ. Арыххэу хьэуар къызэщІоплъэ, псы зэхэщІар хуабэ мэхъу. Псы хуабэм, зэрыныІуэщи, кислородыр нэхъ псынщІэу хокІуэсыкІ. Абы хэс бдзэжьейхэм, псэущхьэхэм кислородыр кхаймэщІэкІ зэрыхъуу, щІыпІэ нэхъ зэгъкъалъыхъуэрэ, псы Іуфэм зыІуадзри, йокъури, йожьэжьыр. Абыхэм ещанІуэ къуалэбзуэхэри яужь иту Іуолъэтыкі. ЩІэхуэсыгъуэ гуэркІэ псым къыхэна бдзэжьейхэр, кислородыр зэрахуримыкъым къыхэкІкІэ, тенджызым хобэмпІыхьри, хы сыджжэм псы Іуфэм къытрадзэж. Хьэуар бдзэжьей фа бамэм зэщІещтэ.

Къум гъунэгъур зэщІэгъэгъащ. Ауэ абы гу щахуэну Перум щыпсэуэхэм я гугъэр хахьжат: бгыхэм тельэ мылджейкэр ткІурт, абыхэм къащІэж псым мывэ абрагъуэхэр къырихьхырт, кьыгуэуэкмрэ псыдзэхэмрэ гъэгуэхэр зэтрахъутэрт, жьыуэпс (климат) гъущэм тещІыхьауэ яухуа псэущхьэр зэтещІахэрт, апхуэдизуэтІпсытІыр яхуэмыхьу. ИгъащІэ лъандэрэ къуалэбзуэхэм зэтралъхьа щІыгъэпшэр бэлыхьыр Іисраф хъужьырт. А псомкІи къуаншэр псы хуабэрат. А къэхъукъащІэм щІыуэпсым (природэм) хэІэбэу зыгуэрхэр щызэзэыхъуэкІыну ихъу-илъэхэм яреЙт: «ЩІыуэпсым Іэ щыІэкІэ дыхэІэбэн ипэ, абы и щэхуэхр, кьулеиж хъун щхьэкІэ узыхуейр зы закъуэщ – щІыуэпсым зегъэхъуэжныгъэ. Инженер гуэрым къыхилъхьауэ щытащ абы щхьэкІэ ракетэ куэд щІыпхъэу. Ахэр узгум яІэтынщи, орбитэ (уэрдыхъу гъуэгу) щхьэхуэ зырызым тету, ЩІым и хъуреягъым порошок хужь щызэбграпхъынщ. Алхуэдэ щІыкІэкІэ ЩІым хуащІа «уэрдыхъу» ІэрыщІым дыгъэ бзийхэр зэщІишэнурэ, ар лъэныкъуэ псомкІи идзыжьнущ. Абы и фІыщІэкІэ жэщхэр махуэкІэ зэхъуэкІа хъунщи, ЩІым хуабэ нэхъыбэ кьыІэрихьынщ, щІым илъэс къэс гъавэ 2-3 къыпхухтенущ. Ауэ, Іуэхуракъэ, хуабэм Антарктидэмрэ Арктикэмрэ я мылхэри къурш мылджейхэри игъэткІунущ. Алхуэдизыпс зыхэлъадэ Дунейпсо хыр кьинурэ, тафэхэм кІыпІэльдэнщ, кьэнэжри лъагапІэхэм я закъуэщ. Абыхэм ущыпсэуныр гъавэ щытепщІэнуи тыншкъым. Псым псэ зыІуту хэкІуэдэнумрэ мылъкуу ихьынумрэ зыхуэдизыр гъунапкъэнэщІ. Алхуэдэ гупсысэкІэ мыхъумыщІэхэм къулейсысыгъэшхуэхэм хуэшэнкІэ хъунущ.

Дунейпсо хышхуэм

ЦІыху гъащІэр кьигуэхьпІэ имыІэу пыщІащ абы. Ди губгъуэхэмрэ хадэхэмрэ кьитх бэвыгъэри зэпхар Дунейпсо хышхуэм кьыщежьэ жьым кІыхьдих псыгъэщІащ. ГъэщІэгъуэнщ абы щыпсэхэм я щІэхэри. ЦІыхухэм хы псэущхьэхэмрэ кьэкІыгъэхэмрэ щІыльэм щыпсэуэхэм зыгуэркІэ ирагъэщхьуэ, абыхэм цІэ хьэлэмэтхэр кьыхуагъэтащ: «тенджыз вагъуэ» («морская звезда»), «тенджыз цыкьбанэ», «бдзэжьей-пхъэх», «бдзэжьей-уадэ», «хы жэм», «хы джэду», «тенджыз шы цыкІу», «хыхъуэ» (апхуэдэущ дельфиным кІахэ адыгэжэ зэреджэр), нэгъэщІэхэри. ЩІыщ «тенджыз щІейІапІэ».

ЩІэныгъэлІхэм хыр яджэрэ, къахутащ макъкІэ зэпсалъэ бдзэжьейхэри зэрыщІыгэр. Кудэ щІащ, тенджыз ФІыщІэм тет бдзэжьеящхэм ставридэм «уэрзд» зэрыжиІэфым гу зэрыльтатэрэ. А бдзэжьейм и «уэрэдым» щІэдзІуу, ар къэзубыдыну ещхьэм гугъу дыдзэ демыхьу ставридэ куэд зэдэщІэ щІыпІэхэр кьагъуэтыф.

Малаи хытІыгу гупым бдзэжьей щещхэм яхэтщ тхьэкІумэ жан дыдэ зиІэхэр. Бдзэжьеящхэр къуэфажьейхэм ялэ иту йос, пІалъэпІалъэкІэрэ псым зыщІагъауэу, итІанэ я щхьэхэр къыхагъэжрэ, яужь итхэм хъыбар ирагъащІэу: «Хъыр хэвдзэІ»

Хым хэсхэр мэфий, мэкъугъ, зэподжжж, я дзэхэр зэрагъэшх, шынагъ щыІэмэ, зым адрейм хъыбар ирегъащІэ. Ахэр мэбауэ, мэбагъуэ. Ауэ хым хэхуэж псыежэхэхэм здахь щхъухь тонн бжьгъэншэхэм хы псэущхьэхэм хэщІыныгъэшхуэ ират. Псом хуэмыдэу абыхэм я дежкІэ шынагъуэщ щыдагъэзешхъухьэр щІэх-щІэхыуэр зэрыкьутэм къыхэкІк

Сурэтыр **Мамий Руслан** *триХиащ.*

Байкер зэджэ

Налшык къаде, Абхъазым и утым, щекIуэкIащ «Дикая дивизия» мотозэджэ. Зэхьэзэхуэр трауХуащ Кавказым и щуудзэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум.

АР КЪЩЫЦЭЗIУАХЫМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и лIыкIуэхэр, Налшык къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, республикэм и щIалэгъуалэр. Шууэ къекIуэлIащ адыгэ фащэкIэ хуэпа щIалэхэр.

КърихьэлIахэм псалъэ гуапэ яжриIащ, зэдэжьэм хэтхэр къригъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Фырэ Руслан. «Бгырысхэр» мотоклубым и унафэщI Срыкъуэ Аслъэн жиIащ IуэхумэзыкIыпIэ зэригуапэр.

Зэхьэзэм нэжэгужагъ халъхьащ къэфакIуэхэмрэ уэрэджыкIакIуэхэмрэ. Уэрэджыкiакiуэхэу Кошелевэ Еленэ, Ракитинэ Иринэ сымэ, «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и солистхэу ГъущIо Залым, Дер Мухьэмэд, Щоджэн Ксение, «Нал цIыкIу» къэфакIуэ гупым утыкур ягъэдэхащ. Абхъазым и утым щагъэхьэзыращ «Дивизэ Iэл», «ЖэщI дыгъужьхэр» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Спортсменхэр зэхьэзэхуащ мотоциклкIэ, лъакъуэрыгъажькIэ, райдеркIэ, роликкIэ, скейткIэ.

Байкерхэр екIуэлIащ а махуэм «Восток» киногъэлъэгъуанIэм деж щекIуэкIа «ХъуэпсапIэхэр нэхуапIэ мэхъу» псапащIэ Iуэхуми. Спортсменхэм папщIэягъэхьэзыращ Кавказым и пльыфэхэр дамыгъуэ къызыхэщ саугъэт гъэщIэгъуэнхэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Тхылъыщ1э

Тхыгъэхэм къаIуатэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Поэтика малых жанров черкесской прозы» зыфIащащ тхылъыр. Ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ бзэ щIэныгъэхэм я кандидат Къардэн Светланэ.

2005 гъэм зи кандидат лэжьыгъэхэр Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым щыпхызыгъэкIауэ щыта филолог Iэзэр мы зэманым Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щолажьэ.

Шэрджэс литературэм узыгъэпIейтейуэ хэлъ Iуэхугъуэхэм ятеуэуа щIэныгъэ тхыгъэ 20-м нэс къыдэзыгъэкIа Къардэным и монографие лэжьыгъэхэм IупщIу щызэпкърех адыгэ литературэм и жанр мыинхэм я лъэпкъ-художественнэ кьежьапIэхэр. Тхылъыр зейм къызэщIиубыдэр 1960 - 1990 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэхэу цIыхум и теплъэмрэ и щэнныгъэ наIуэ щыщыгъэлъэгъуэхэрщ. ЗэрырагурыIуэгъэщи, мыбдежым ар нэхъыбэу зэхьэлIар шэрджэсхэрщ.

Шэрджэс прозэм и жанр мыинхэм я купщIэр кууэ къэгъэлъэгъуэнымкIэ Къардэн Светланэ и тхылъыр япэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэу къэплъытэ хьунущ икIи щэч хэлъкъым адыгэ литературэм и лъабжьэр зыдж дэтхэнэми сэбэп е къыхуэхъун дерс мы тхылъым къызэрыхихынум.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Дэ къытхуатх

ГущIэгъу зыхэлъхэр

Сэ Зеикъуэ къуажэ сыкъыщалъхуащ, зауэ зэманым си къахъугъуэр ирихьэлIэу. ГъукIэхэ сащыщщ, си цIэр Марузщ. Си закъуэу сопсэу. ПцIы хэмылъ жыIэнщи, закъуэныгъэр кьыстохьэлъэ. ЦIыхубз къару закъуэкIэ къуажэм ущыпсэуну гугъущ: хада зехьэн жьыпIэмэ, пщIантIэ, унэ - куэдым ухунэсын куей мэхъу.

СИ АДЭ Мыхьэмэт цIыху псэ хьэлэт, илъэс куэдкIэ сэху заводым и гуащIэ емыблэжу щылэжьащ. И ныбжьыр илъэс 60-м иту дунейм ехыжащ. Си зы дэлъху закъуэри илъэс 28-м тхэкIыжащ, си анэр илъэс блыщIым дунейм ехыжащ. 2000 гъэм си щхьэгъусэ Исмэхьилэ лIэри, си закъуэ дыдэу дунейм сыкъытенащ.

«Уи адэжь и лъапсэ умыбгынэ, - жиIэри си анэм уэсят кьыслъиущIат. А уэсятым нобэр къыздэсым сытетщ, си къуажэгъухэр, си гъунэгъухэр гурыфIыгъуэу сиIэщ, сыт хуэдэ IуэхукIи ахэр къыздоIэпыкъу. ИджыблагъэсызыщIэс унэм псыр къыпхъжауэ хьэлэчэ хъуати, зесхьэну къесхьэжьащ, пэш кIуэцIхэм сэху къестын хуейт. Арати, гъэмахуэ пщэфIапIэм сэху тескIэрэ пэт сэхупс си нэм къыщIэткIуащ. Елмэ-елыру, зэрэн хуэмыхъуIауэ, хъужьи си гугъами, си нэр плъыжьыбзэ хъуащ етIуанэ махуэм, къызэуэуи хуежьащ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм сыщыпсалъэм, дохутыр Iэзэм я нэхъ Iэзэжу къыщIэкIащ къысхуагъэкIуар. Шурдым СэИмэт (Шыгъушэхэ япхъыщ) зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, цIыху зэхэгъэж зымыщI бзылъхугъэ щыпкъащ. Абы Налшык щIэх дыдэу сынигъэсри, хущхъуэ схуригъэтхащ, си бжэIупэм нэси сыкъригъэшэжащ. ЦIыхубэр зыхуэныкьуэр абы хуэдэ лэжьакIуэщ, дэ ди къуажэдэсхэр СэИмэт арэзы зэрищIымрэ а цIыхубзым хэлъ гуапагъэмрэ папщIэ Тхьэр арэзы къыхухъу, езыри узынщэу, гуныкъуэгъуэ имыIэу псэуну ди гуапэщ.

ФIыщIэ зыхуэсщIхэм ящыщщ си унэр зыхуей хуэзыгъэзэжа, щIэгъэкъуэн къысхуэхъуа Шэрхъ Iэбу, ухуакIуэхэу ХьэцIыкIу Дзэмэт, Шыгъущэ Мартин, Сыжажэ Артур сымы. Сэ абыхэм къысхуащIар псапэу Тхьэм къыритыж.

ГЪУКIЭ Маруз.

Зеикъуэ къуажэ

Нык1ъусаныгъэхэр къыщIагъэщ, къуаншэхэр жэуапым ирашалIэ

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м и прокуратурэм щызэхалъхьажащ балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ я Iуэхугъэ законхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыным хуэунэтIауэ мы гъэм и ныбжь мазихым зэфIагъэкIаХэр.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКIЭ, ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэм къарикIуэхэмрэ ахэр зэрызэхагъэкI щыкIэмрэ ефIэкIуащ. Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу ныкьусаныгъэ 4887-рэ хахутащ. ЩыщIэныгъэхэр ягъэзэкIуэжьну яхуэзыгъуэр тхылъ 535-рэ ятхащ, абыхэм хэплъэри, кьулыкъущIэ 587-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлIащ. Хабзэм къемызэгъэ правовой акту 395-рэ къызэтрагъэувыIащ, унафэщI 226-м законым текI зэрымыхъунур гурагъэIуащ. Прокурор къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ, уголовнэ Iуэху 15 къызэIуахащ.

Сабий зеинщэхэм, адэ-анэхэм я жьауэм щIэмытыжу кьэнахэм, псэупIэ, мылъку, нэгъуэщI социальнэ IуэхуэмкIэ абыхэм я хуитныгъэхэр хьумэным теухуа законхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныгъэ кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Сабий зеинщэхэм псэупIэмкIэ я хуитныгъэхэр 141-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщати, иск тхылъу 55-рэ судым ираташ. Сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэхэм я кIэлъыплъныгъэм щIэмытыжу кьэнахэмрэ мылъкумкIэ я хуитныгъэхэр яхъумэу иск тхылъу 194-рэ судым ягъэхьащ, школ-интернатым и ГъэсэнхэрщIыщ пащалъэм тету абыкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ.

Балигъ мыхъуахэм я гъащIэр, я узыншагъэр, унагъуэр, адагъэр, анагъэр, хьумэным я Iуэхуэкlэ законодательствэр зэрагъэзащIэр кьапщытащ. Нык1ъусаныгъэу 3068-рэ къыщIагъэщри, сом мелуанитIрэ мин 699-м хуэзэ искыу 817-рэ судым ираташ, хабзэм къемызэгъэ правовой акту 32-рэ къызэтрагъэувыIащ. Къуаншэхэм яхуэгъэзауэ ягъэхьэзыра тхылъ 214-м япкъ иткIэ, кьулыкъущIэ 320-рэ дисциплинэ, 182-рэ административнэ жэуапхэм ирашэлIащ, уголовнэ Iуэху 17 къызэIуахащ.

Егъэджэныгъэм пыща нык1ъусаныгъэу 1261-рэ къаухутащ, хабзэм къемызэгъэ правовой акту 208-рэ ирагъэкIутэжащ. ЕджапIэ 5-м лицензэншэу лэжьыгъэ щIагъэкIуэкIыу кьэшащIагъэщащ. Нык1ъыщIэ кIэрыуIтыпщхэм ядэлэжьэным, мыхъумыщIагъэхэм ящыкIыдэмным теухуа законодательствэр 251-рэ къызэпаудауэ къаухутащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхуащ1ап1э.

Натхъуэ Бибэрс чемпионхэм яхохьэ

Израилым футболымкIэ и командэ къыхэхам зэи къыщымыхьуауэ и капитану хаха адыгэ щIалэ Натхъуэ Бибэрс Урысей Федерацэм и чемпион ЦСКА-м хагъэхьащ. Ар абы илъэсищкIэ хэтыну зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзащ.

ИЗРАИЛЫМ щыIэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм 1988 гъэм къыщалъхуа футболист цIэрыIуэм дэ мызэ-мытIэу дытетхыхьащ и интервьюхэри ди газетым къытетдзащ. Тель-Авив и «Хапоэль» командэм щIалэ дыдэу Натхъуэ Бибэрс хагъэхьащ икIи абы и пашэхэм ящыщ зы мыгувэу хъури къэралым и чемпионатым и дыщэ медалхэр, кубокыр зыIригъэхьащ.

2010 гъэм и пэщIэдзэм Къэзан и «Рубин»-м ирагъэблэгъащ. Абыи псынщIэ дыдэу хэзэгъащ икIи командэм и футболист нэхъыфIу къыкIэлъыкIуэ илъэсым къалъытащ. Тэтэрстаным и гуп нэхъыщхьэм хэту къэралым и дыжьын медалхэр, кубокыр, суперкубокыр кьихьащ, Чемпионэм я Лигэм, Европэм и Лигэм щыджэгуащ икIи къыщыхэжаныкIащ. Мы гъэм и пэщIэдзэм «Рубин»-м хэкIыжри Алыджым ПЛОК командэм хэхьащ икIи а къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и дыжьын медалхэр зыIригъэхьэну хуэзфIэкIащ.

Натхъуэ Бибэрс Израилым и командэ къыхэхам и ныбжь псоми ехъуэлIэныгъэкIэ зыкъыщIигъэлъэгъуащ. Илъэс 21 хъуэхэм я капитану щыту гуп нэхъыщхьэм ирагъэблэгъащ. Абы лъандэрэ зэIущIэ 30-м хэтащ.

ЦСКА-м и фащэр щыгъыу Натхъуэм джэгугъуитI иригъэкIуэкIыну хунэсауэ араш, ауэ мэзкуудэсхэм фIыуэ закъригъэлъэгъуфащ. Тхьэмахуэ кIуам япэу къыхэжаныкIыну абы хузэфIэкIащ, нэхъапэм зыхэта «Рубин»-м и гъуэм Къэзан щыIэу топ дигъэкIри.

Европэм и Чемпионхэм я Лигэм и гуп зэпеуэм мыгувэу ЦСКА-м джэгун щыщIидзэнущ. Дэри тфIэхъэлэмэту икIи дрипIейтейуэ адыгэ щIалэм абы дыщыкIэльыплъынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Натхъуэ Бибэрс

● Бэнэкlэ хуит

ЗэфIэкIыфI ягъэлъагъуэ

«Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фIэщыгъэм щIэту мы махуэхэм Абхъазым и къалащхьэ Сыхъум бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIа япэ дунейпсо зэпеуэм зэфIэкIыфI щагъэлъэгъуащ Аруан районым и спортсмен ныбжьыщIэхэм.

БАГЪЭПЩ Сергей и цIэр зезыхьэ спортымкIэ уардэ унэм щызэрихьэлIат 1997-2000 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэ 370-рэ. Ахэр кьикIат Абхъазым, Аныджым, Тыркум, Армением, Азербайджаным, Осетие Ипщэм. Урысейм щыщу абы хэтащ ЮФОмрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ я щIыналъэ псори. КъБР-м и командэ къыхэхам хэта Аруан районым и щIалэ цIыкIуэм дыщэ медалу - 4, дыжьыну - 1, жэзу - 5 къахьащ икIи хуэдэ щымыIэу зыкъагъэлъэгъуащ. Я хьэлъагъым елъытауэ нэхъыфIхэм хабжащ Жыласэ Рустам (кг 26-рэ), Иуан Тембот (кг 32-рэ), Бэрэздж Алим (кг 38-рэ), Бэбыгуей Мурат (кг 46-рэ) сымэ. Килограмм 26-м нэмысахэм я деж 2-нэ увыпIэр щыбыдри, дыжьын медалыр кьихьащ Иуан Жамболэт. Iэщын Алихъан, Къамбий Бесльэн, Буркин Никитэ, Къэжэр Исльам, Iэщын Замир сымэ 3-нэ увыпIэм щытщ.

Килограмм 58-рэ хъу нэхъыжьхэм я гупым хэту утыку ихьа Гъащтэ Ратмир зэпеуэм и Iыхьищым щытекIуащ икIи а гупым щыбэнахэм я нэхъыфIхэм хабжа цIыхуи 5-м ящыщщ.

«Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» турнирым хэта мы гупым ядэлэжьащ тренерегъэджакIуэ Iэзэхэу Хьэсанэ Олег, Абрэдж Арсен, Iэщын Мурадин сымэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Стlолыщхьэ теннис

Къан Еленэ и дыжьын, жэз медалхэр

Стlолыщхьэ теннисымкIэ Абхъазым и чемпионат зэIуха екIуэкIащ.

АР къызэрагъэпэщащ зи лъакъуэм сакъат иIэ нык1ъуэдыкъуэхэри хэту. Сыхъум къалэ дзт республикэ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школырщ зэпеуэр щекIуэкIар. Абхъазым, Урысейм, Осетие Ипщэм и спортсмен 85-рэ зэхьэзэхуати, цIыхубзхэм я зэпеуэм Налшык къалэ щыщ Кан Еленэ ещанэ увыпIэр кьихьащ. ТIуу зэгъуэз разрядэ зэпеуэм Сыхъум щыщ Карчавэ Ренатрэ Кан Еленэрэ, дыжьын медалыр къалъысащ.

Нык1ъудэкIыгъуэхэм я зэхьэзэхуэм Барциц Джамал (Гагрэ къ.) бжьыпэр щиубыдащ. Чан-оглы Джон (Гудаут къ.) еIуанэ увыпIэр щиубыдащ. АмIар Алхъас (Пицундэ къ.) - ещанэщ.

Чемпионатым екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэм саугъэт лъапIэхэр, нык1ъуэдыкъуэхэм ахъшэ саугъэтхэр ираташ.

Чемпионатыр къызэрагъэпэщащ Абхъаз Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхугъэмрэ СтIолышхьэ теннисымкIэ федерацэмрэ.

УАРДЭ Женя.

Бандэхэм ядэIэпык1ъуэхэри хабзэм йобакъуэ

Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм къызэпиудащ щэхурылажьэ бандэхэм ядэIэпык1ъуэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыпсэу цIыхуищым зэхащIыхь хабзэншагъэхэр. Зи гугъу тщIы районым щыщщэу 1983 гъэм къалъхуа Селяев Э. Хь., 1986 гъэм къалъхуа Темукуев А. Д., 1983 гъэм къалъхуа Чеченов А.И. сымэ судым къилъытащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 222-нэ статьым и Iыхьэ 1-м, 228-нэ статьым и Iыхьэ 2-м къыщыдэлъэгъуэ хабзэншагъэхэр зэралъэжьамкIэ къуаншэу икIиахэр зэман кIыхькIэ тутнакъэщым исыну игъэтIысащ.

Iуэхур щызэхагъэкIым ягъэкъуаншэхэм къыкъуахащ е абыхэм я лъапсэхэм къыщагъэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэм щызэблагъэкIыну хуимыт Iэмэпсымэхэр - лагъым IэрыщIхэр, шэ зэмылIэужьыгъуэхэр, наркотикхэр.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхуащ1ап1э.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щыщхьэуIум и 28-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьащIымыщI Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ, Мырзэкъан ФатIимэ, Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ.** *Компьютерхэм газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытридзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1678